

S H A

Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu

# **SIMBA REZORORO**

N D

**GARY KEESEE**

U K O

Anodiwa hama muna Kristu,

Munyengerero wedu kuti muwane gwaro redzidziso rino sechikomborero uye nekurudziro kwamuri. Tapota inzwai kusununguka kugoverana bhuku rino neshamwari dzenyu, mhuri uye nenhengo dzekereke yenyu. Uyezve munokwanisa kuenda paFLNFree.com kuti mutore dzimwe dzidziso mumutauro wenyu pasina muripo.

Mwari vanokudai uye vane chinangwa chinoshamisa nehupenyu hwenyu! Kudzidza mashandiro oHumambo hwaMwari kwakashandura hupenyu hwedu uye tinovimba kuti ndozvichaitikawo kwamuri!

Norudo muna Kristu

Gary naDrenda Keesee



P.S. Rangarirai kuenda pa*website* yedu yepachena yokutora zviwanikwa inoti FLNFree.com kuti mutore dzimwe dzidziso mumutauro wenyu pasina muripo!

S H A

Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu

# **SIMBA REZORORO**

N D

**GARY KEESEE**

U K O

**Your Financial Revolution,**

The Power of Rest. Chishona. By Gary Keesee

© Gary Keesee, 2023

Originally published in English

ISBN: 978-1-945930-03-4

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054, USA

You can reach Faith Life Now Ministries on the Internet at

[FaithLifeNow.com](http://FaithLifeNow.com)

**Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu,**

Simba Rezororo. Chishona. Na Gary Keesee

© Gary Keesee, 2023

Pakutanga rakatsikiswa muChirungu

ISBN: 978-1-945930-03-4

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054, USA

Munokwanisa kubata Faith Life Now Ministries paMhepo

[paFaithLifeNow.com](http://paFaithLifeNow.com)

Ndinoda kutsaurira bhuku rino kumudzimai wangu, Drenda, sezvo kurudziro yake, rudo rwake muzvinhu zvaMwari, uye nerudo rwake kumhuri yake neni zvirizvo zvakandikurudzira mumakore ose aya. Pamwe chete, takaratidza kuti zvechokwadi, zviroto zvinozadzikika!

Gary Keesee



# ZVIRI MUKATI

<b>NHANGANYAYA.....</b>	<b>7</b>
<b>CHITSAUKO 1: Zororo - Zvinhu Zvinokosha Zvokutanga Kuziva.....</b>	<b>13</b>
<b>CHITSAUKO 2: Kodzero Dzepamutemo.....</b>	<b>31</b>
<b>CHITSAUKO 3: Humambo Ndiowo Mhinduro Yenyu.....</b>	<b>53</b>
<b>CHITSAUKO 4: Ndakawana Kiyi Huru yoHumambo!.....</b>	<b>77</b>
<b>CHITSAUKO 5: Kubhururuka Kuri Nani Pane Kufamba.....</b>	<b>93</b>
<b>CHITSAUKO 6: Kune Zvimwe Zvinhu Zvohupenyu Kunze Kwokungoterera Bedzi!.....</b>	<b>117</b>
<b>CHITSAUKO 7: Izvi Hazvigoneke!.....</b>	<b>133</b>
<b>CHITSAUKO 8: Migove Miviri.....</b>	<b>147</b>
<b>CHITSAUKO 9: Zvakawanda Kupfuura Zvinokwana!.....</b>	<b>163</b>
<b>CHITSAUKO 10: Chakavanzika cheMigove Miviri.....</b>	<b>191</b>





# NHANGANYAYA

Musi watakabva pamba yepapurazi raive zuva rinofadza pamwe nokurwadza. Takanga tagara muimba yekare yepapurazi iyoyo, duku, yakaparara, kweanoda kusvika makore mapfumbamwe, uye zvino ndakanga ndakatakura mabhokisi okupedzisira ndichiaisa mumotokari yedu. Ndaive ndakananga kumba kwedu kutsva kwatakanga tazvivakira, kuGeorgia, kuimba yemasquare foot 7,700, iyo yaive panzvimbo yepurazi yakanaka yeOhio yemaeka makumi mashanu neshanu, nemaeka makumi maviri esango nemachakwi. Ichi chaive chiroto chaive chakaoma kufungidzira nezvacho mumakore mashoma aive apfuura.

Kunyange zvazvo takanga tava kubva paimba yepapurazi iyi, imba yekare iyi ndaiida, hongu, kunyange nemawindowpane ayo hawo aive akaputsika, nechivako chayo chepasi, uye nokurwiswa nenyuchi nguva dzose kwatakatsungirira pakuri pataigara ipapo. Ndangariro zhinji dzakauya mumusoro. Vaviri vevana vangu vashanu vakaberekerwamo mukamuri yemhuri.

Takava nenguva dzakanaka dzakawanda imomo asiwo nenguva dzakawanda dzenhamo yemari nokusava netariro. Paiva nezvinhu zvakananda zvataifanira kudzidza. Kunyange zvazvo zvakaoma kufungidzira zvino, patatamira muimba iyoyo yekare yepapurazi makore mapfumbamwe apfuura, taisakwanisa kubhadhara

mari yokugarapo iyo yaive US\$300 pamwedzi. Motokari dzedu dzose dziri mbiri dzakanga dzasakara, dzine mazana ezviuru zvemamaira adzakanga dzafamba, asi dzakanga dzine vimbiso padziri yokuda kutorwa nevaive vatitengesera. Panguva iyoyo, zvaiita sokuti taiva nechikwereti chomunhu wose. Takanga tine makadhi gumi okutenga nechikwereti akanga akanzurwa; zvikwereti zviviri zvekambani yezvemari; zvirokwasvo, miripo yedu yemotokari mbiri; kuda kutorerwa zvinhu neIRS; chikwereti chemakumi ezviuru zvmadhura chataive nacho kuhama dzedu; uye rondedzero yazvo inoenderera mberi. Tairarama hupenyu hwokuva nemari yokungoraramawo nayo, tichitengesha zvinhu zvole zvataiva nazvo dzimwe nguva kuti tingotenga zvokudya. Zvinhu zvataiva nazvo zvakanga zvasakara uye pakutanga chaipo zvatakanga tatanga kutenga zvakanga zvakaputsika pamwe nokusakara zvakanyanya.

Mamiriro akaipa emari yedu panguva iyoyo aipa tariro shoma yokuti ramangwana raive rakajeka. Kutaure chokwadi, handina kuona tariro yakawanda yokuti zvinhu zvaigona kushanduka. Ndaida mhuri yangu, ndaiva nomudzimai akanaka, asi ndakanga ndichivakwevera mugehena rezvemari!

Ndainwa mishonga inoderedza kushushikana, ndichitya, uye kutya kwaidya hupenyu hwangu zuva nezuva. Ngatitii ndakanga ndisiri munhu ainakidza kuva pedyo naye. Ndakanga ndichitengesha inishuwarenzi yohupenyu, ndichigaroshanda nekomisheni, uye hapana kwandaienda nokukurumidza, kunze kwokuenderera mberi nokunyura mugomba rohurombo. Zvishoma nezvishoma, takanga tava kuwedzera kuva muzvikwereti kusvikira pasisina dzimwe nzira dzokukwereta nadzo dzaive dzasara. Panguva iyi ndipo panda-kaputsika moyo. Kuvhunduka uye nokutya zvakabata pfungwa

dzangu. Ndaitotya kubva pamba yangu, izvo zvisina kunakira basa rokutengesa nekomisheni.

Mudzimai wangu aifunga kuti aizorasikirwa nomurume wake, uye kutya kurera vana vana oga vataiva navo panguva iyoyo kwakamutambudza. Asi anotenda zvakasimba musimba romunyengerero uye haana kukanda mapfumo pasi pamusoro pangu. Pamwe chete, takanyengerera uye ipapo takatanga kutsvaga misimboti yoHumambo hwaMwari. Patakatanga kutsvaga mhinduro nemisimboti kuna Mwari, tariro yakatanga kusimuka mumoyo yedu tichiona chishamiso chimwe mushure mechimwe pataiita zvatairatidzwa naMwari.

Nguva yeshanduko yakaitika humwe husiku apo Mwari vakandiratidza kuti ndaifanira kutanga kambani yangu mundima yezvemari ndichibatsira vanhu kubuda muzvikwereti uye kuvadzidzisa misimboti yavaindiratidza. Panguva iyoyo, kutanga kambani yairatidza vanhu nzira yokubuda nayo muzvikwereti kwairatidzika sechinhu chaisagoneka sezvo isu pachedu takanga tichine zvikwereti zvakawanda. Takanamata nezvazvo, asi Ishe vakatiudza kuti apo taibuda ndokutanga kudzidzisa misimboti Yavo, taizowanawo rusununguko rwedu.

Kutanga kambani kwaiva chiito chokutenda sezvo takanga tisina ruzivo rwokuita izvozvo, asi takashingairira pazviri. Kambani yakakura, uye mari yayakaunza yakaita kuti mhuri yedu ibude muzvikwereti mumakore maviri nechidimbu chepakati. Ndichakurukura zvizhinji nezvekambani yedu muchitsauko chinotevera, asi ikozvino, ingozivai kuti hupenyu hwedu hwakashanduka zvakananyanya! Hapana nzira yandinogona kutsanangura nayo kuti takanzwa zvichiita sei kuva takasununguka, kuti tainzwa zvichiita sei kufamba muchitoro chemotokari uye kubhadrara mari

yemotokari itsva, zvatainzwa pakugadzira, pakuvaka, uye nepakubhadhara imba yedu itsva. Zvataifarikanya nazvo zvaipfuura chero zvataigona kufungidzira.

Hongu, imba yepapurazi yaive nendangariro dzakawanda. Sezvandakaenda kunotoro bhokisi rokupedzisira raive mumba, ndakapfuura nepaive nomudzimai wangu akamira mukamuri duku yokudyira. Akanditarisa achiyeredza misodzi. Yakanga isiri misodzi inosuruvarisa; yakanga iri misodzi yomufaro uyewo misodzi yomurangariro, sezvaairangarira zvose izvo Mwari vakanga

**PATAKATANGA KUTSVAGA  
MHINDURO NEMISIMBOTI  
KUNA MWARI, TARIRO  
YAKATANGA KUSIMUKA  
MUMOYO YEDU  
TICHIONA CHISHAMISO  
CHIMWE MUSHURE  
MECHIMWE PATAITA  
ZVATAIRATIDZWA  
NAMWARI.**

vatidzidzisa imomo. Ndakarwisana nemisodziwo apo ndakatarisa makamuri ose kokupedzisira, ndichirangarira nemanzwiwo akavhengana zvose zvakanga zvaitika imomo. Taivhara chitsauko chomuhupenyu hwedu uye tichienda kunzvimbo itsva. Chii chaive pamberi pedu zvino? Rwendo urwu rwakanga rwatibvisa kubva pakushushikana, pakusava netariro, kuenda kune remangwana rizere netariro. Pandaienda panze nebhokisi rokupedzisira, ndakamira ndokutarisa

kumashure ndichinyemwerera. “Kwete, handisi kukusuwa ini. Ndava nenzvimbo iri nani zvino.”

Zvaifadza chaizvo kutamira kumusha wedu mutsva. Asi chinhu chakanakisisa parwendo rwedu chakanga chiri chokuti pakanga pazova nokuzorora! Ndaigona kuchifunga nezveramangwana rangu kwete nezvokungobhadhara zvikwereti. Kwemakore, kugara mukuzorora Kwavo kwaive kuri chiroto chakakwana!

Kubhadhara motokari dzedu kuzorora. Kusava nechikwereti kuzorora. Kuva namba yangu yechiroto pamaeka 55 akabhadharwa kuzorora. Kuona nyemwerero pachiso chomudzimai wangu paanoenda kunotenga uye asingafanire kunetseka nemari, kuzorora. Kupfuura kuva nezvose zvatinoda, kuva nemari yakakwana yokukwanisa kupa mazana

**IZVO DRENDA  
NENI TAKAWANA  
ZVINOWANIKWAWO  
KWAMURI SEZVAZVAIVA  
KWATIRI.**

ezviuru zvemadhura kuvamwe uye kutsigira Evhangeri, kuzorora. Asi zvichida shanduko huru yakava muhupenyu hwangu yakanga iri yokusamuka zuva roga-roga kudzvinyiro uye nokukutya kwakava muhupenyu hwangu mumakore ose okutanga. Kuva nechiroto zvakare chezvinhu zvakanaka pane kungova nechiroto chokungorarama rimwe vhikiwo, kuzorora.

Hongu, zuva randainge ndichirongedza mabhokisi okupedzisira mumotokari kuti tiende kumusha wedu mutsva raifadza pamwe nokurwadza. Asi vimbai neni, kufadza kwezvimwe izvo ini naDrenda takawana kwakakunda pfungwa dzinorwadza dzokusiya ndangariro kumashure zvokuti takanzwa setaivezve vana vaviri vaduku vezera rechikoro, tichiseka uye tichiva nezviroto pamwe chete.

Ndinoziva zvamuri kufunga. Ndinoshuva kuti dai ndaivewo nazvo. Ndinoshuva kuti dai ndaigona kuva nechiiitiko ichocho uye ndichiseka, kurota, uye nokukwanisa kuisa pfungwa pane chimwe chinhu kunze kwokungobhadhara mitero. Kunyange panguva ino muchizviwana zvakaoma kutenda zvinhu izvi zvazviri mubhuku rino, ndinokuvimbisai kuti izvo Drenda neni takawana zvinowanikwawo kwamuri sezvazvaiva kwatiri. Munamoto wangu uri pakuti, patinenge tichigovera nyaya yedu, mugokurudzirwa kushandisa mitemo nemisimbota yaMwari muhupenyu hwenyuwo.

Hazvina kuoma zvakadaro; munongoda kuwana simba rokuzorora!

*Uyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakupai zororo. Takurai joko rangu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine moyo unozvininipisa, uye muchawana zororo remweya yenyu. Nokuti joko rangu haremi uye mutoro wangu wakareruka.*

— Mateo 11:28-30

CHITSAUKO 1

# ZORORO - ZVINHU ZVINOKOSHA ZVOKUTANGA KUZIVA

**ZORORO** - kuiswa kana kuti kutsigirwa kuti mugare munzvimbo yakatarwa, chiitiko kana nguva yokudekara kana kurega kuita basa rakaoma kana rinoshungurudza. (*Google.*)

Maneta here? Munoremerwa mazuva mazhinji uye zvinhu hazvimboringane? Kuda kwenyu mari ndiko kuri kuita sarudzo dzenyu dzokuti moshandepi, moshanda sei kana kuti moshanda kwenguva yakareba sei? Zvinoita sokunge hamumbofi makabuda muzvikwereti here? Zvinoita sokunge muri kurarama muri mumujaho wemakonzo here? Kana ariwo mamiriro azvakaita kwamuri, hamusi moga.

Makamboona vhiri *rehamster*? Ndine chokwadi chokuti makambo, asi kana musina, ivhiri rinoiswa muchizarira che*hamster*. *Hamster* inogona kukwira pavhiri iroro uye yomhanya, yamhanya, yamhanyazve ipapo kusvikira yaneta. Asi pane dambudziko rimwe chete nevhiri iroro. Zvisinei nokuti *hamster* inomhanya sei kana kuti

kwenguva yakareba sei, painenge yonzwa kugutsikana, yarukutika uye yochiburuka, inenge ingori panzvimbo chaiyo yayakatanga iri. Hapana zvashanduka. Inokwanisa kupukuta zvayo ziya kubva pachiso chayo chiduku chine mvere nokunzwa kugutsikana, asi hapana chinenge chaitwa kuti chibatsire nzvimbo yayo yomuhupenyu; ichiri yakapfigirwa muchizarira, isina rusununguko. Vanhu vazhinji vari mazviri, kana vasitori vazhinji vavo uye nohupenyu hwavo hwemarizve. Vanoshanda nesimba vhiki rose uye nokurukutika vanopinda mushanduko yenguva pfupi pakupera kwevhiki, asi panosvika Muvhuro mangwanani, vanozviwana vava panzvimbo chaiyo yavakanga vari vhiki rapfuura. Zvose zvavakaita zvakangova zvevhiki rimwe chete.

Uyu waiva mufananidzo wohupenyu hwangu kwemakore mapfumbamwe. Ndakanga ndichishanda kwemaawa 15 kusvika ku18 pazuva; ndakanga ndichishingaira, uye ndaishanda zvakaomarara, asi pashure pokunge ndabhadhara chegumi changu, zvikereti zvangu, uye nemitero, pakanga pasina chinhu chaisara. Kazhinji, ndaishaya zvandaيدا uye zvisihoma nezvisihoma ndakatanganga tsika yokukwereta kuti ndirarambe. Kana dambudziko remari raiwedzera, ndaiwedzera chose kumhanya, asi hazvaibatsira. Panda-kamira ndokutarisa mafambiro angu, ndakaona kuti ndakanga ndiri kudzokera kumashure.

Izvi, chokwadi, zvakatungamirira kumhedziso yakakomba yemirangariro. Kuora moyo uye nokutya zvandairwisana nazvo zuva nezuva zvakakanganisa pfungwa dzangu nemuviri wangu wenyama zvisihoma nezvisihoma. Kuvhunduka, kutya kukuru, uye nokuoma mitezo zvakatanga kubata muviri wangu zvisihoma nezvisihoma. Vanachiremba havana kukwanisa kuziva kuti chii chainetsa pandiri. Kutya kwakandidya zvokuti ndakashaya kuti ndicharamba here



kana kuti ndichafa. Kugara muzvitoro zvokukwereta mari uye nokukwereta mari kune vohukama zvakapfuurira mberi kweanenge makore mapfumbamwe! Panguva iyoyo, pakanga pasisina chimwe chinhu chokutengesa, uye chimiro changu chakasara chakanga chava chishoma. Zvakanga zvandiperera. Imi maigona kuhorera chimiro changu pamwe chete nomufaro wakanga wasara muhupenyu hwangu nechihoreso chemarara.

Vakweretesi vakanga vachiita mutsetse wokundipomera, uye ndipo pazvakabva zvangoitika. Nokushaya tariro ikoko kwakanga kwambundira mweya wangu wose, runhare rwakabva rwapinda. Runhare rwakapinda sedzimwe nhare dzemangwanani: “VaKeesee, sezvamunoziva, mune chikwereti chemari yakati chomutengi wedu X. Munofunga kuti munotipa zvairini? Zvakanaka, VaKeesee, makataura zvimwechetezvo panguva nhatu dzamakapedzisira kuchairwa runhare. Kana musina kutipa mari mumazuva matatu, mutengi wangu achakuendesai kudare nokuda kwechikwereti ichi. Muri kunzwisisa here, VaKeesee? Mazuva matatu. Sarai zvakanaka.”

Runhare urwu rwakanditambudza chose. Kwete kuti ndakanga ndisingazivi kuti mamiriro edu emari akanga akaoma sei. Ndakanga ndisina mari. Zvose zvandaiva nazvo zvakaparara. Firiji yangu yakanaka yakanga isina chinhu. Mhuri yangu yakanaka yakange yorara pedyo nechoto kuti iudziye sezvo pakanga pasina mari yokutenga *heating oil*. Hapana kwandaikwanisa kuwana rubatsiro. Shamwari nemhuri yangu vakanga vaneta nokundibatsira. Ndakavhiringika kudaro, zvishoma nezvishoma ndakakwira masitepisi kuenda muimba yangu yokurara ndokuzvambarara pamubhedha. Ndakachema kuna Jehovha ndichitsvaga rubatsiro.

Ndinofunga kuti ndakashamiswa nokukurumidza kwakaita Jehovha kutaura neni. Rakanga risiri izwi rainzwika asi izwi

rakangoerekana rabuda mumweya wangu richipinda mupfungwa dzangu nesimba. Chinhu chokutanga chandakaudzwa naIshe ndechokuti nyatwa yandaiva mairi yakanga isina chokuita Navo. Ndinofunga kuti vakataura izvozvo nokuti ndakanga ndavhir-ingika zvishoma kuti sei Ivo, kubva mumaonero angu, vakanga vasina kutibatsira. Taienda kukereke huru, taive nerupo panguva dzataigona, uye taibhadhara chegumi chedu nguva zhinji. Panzvimbo pezvo, vakati chikonzero nei ndaiva munyatwa iyi ndechokuti ndakanga ndisati ndadzidza kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei. Vakandiudza kuti Humambo Hwavo haushandi sezvinoita mashandiro anoita mari panyika, uye ndaizofanira kudzidza hurongwa hwoHumambo Hwavo hwemabatiro emari kana ndaida kusununguka.

Ndinorangarira ndichidzika kumakamuri okuzasi ndichimhanya, ndokubata Drenda, ndokumuudza kuti Ishe vakanga vachangobva kutaura neni uye kuti mhinduro yaive Humambo Hwavo. Chokwadi, takange takakangaidzwa zvishoma sezvo taifunga kuti tainzwisisa kuti Humambo Hwavo hwaiva chii. Pamusoro pazvo, sezvandambotaura, taienda kukereke huru, tose taida Mwari, uye taiziva kuti taiva munzira yedu yokuenda kudenga. Asi sezvatakanga tava kuda kuziva, chaizvoizvo taiziva zvishomanane pamusoro poHumambo Hwavo uye kuti hwaishanda sei.

Ndakafara kuti Mwari vakanga vataura neni uye kuti vakanga vazivisa mhinduro yacho—Humambo Hwavo. Zvazvaireva zvakanga zvichiri kuda kuzivikanwa, asi ndakakurudzirwa. Chokwadi chaive chokuti ndaisaziva kuti Mwari vairevei nezwi rokuti *humambo*. Ndaizoziva kuti mushoko rimwe chete irori ndimo maiva nemhinduro iyo ini naDrenda taishuvira uye taitsvaga.

Musi uyu ini naDrenda takabatana maoko tikanamata.

Chokutanga, takatendeuka kuna Mwari nokuda kwokusava nenguva yokunyatsodzidza Shoko Ravo uye kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei panyaya dzemari. Chechipiri, ndakatendeuka kuna Drenda somukuru wemhuri nokupinza kwandakamuitawo munyatwa iyi. Isu tose takanyengetera uye takabvuma kuti takanga tagadzirira kudzidza kushanda kwoHumambo uye kurarama hupenyu hwakasiyana nohwatakanga tichirarama kwemakore mapfumbamwe apfuura.

Nzira yakanakisa yokutsanangura zvakazoitika ndeyokutarisa chibatidzo chemwenje. Fambai muchipinda mukamuri ine rima uye ingobatidzai chibatidzo muone. Chiedza! Munogona kuchiona zvino. Ndizvo zvakanga zvakaita Mwari pavakatanga kutidzidzisa nezvoHumambo Hwavo. Zvaiita sokunge munhu abatidza chibatidzo chemwenje, uye taigona kuona zvinhu zvatisati tamboona. Takatanga kunzwisisa kuti Humambo hwaMwari ihurumende ine mitemo uye isingashanduki. Takaona kuti taigona kudzidza mitemo iyoyo toshandisa simba nohuchenjeri hwaMwari kuti tiwane hupfumi hwataida.

Taifara chaizvo asi taive tichiri kuvhiringika zvakanyanya. Kune dzimwe nyaya dzinoshamisa zvikuru dzakaitika apo Mwari vakatanga kutidzidzisa kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei. Handisi kuzotaura nyaya zhinji dzokutanga pano sezvo dzakataurwa mubhuku rokutanga renhevedzano ino, *Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu: Simba Rokutendeseka*. Munogona kuwana bhuku racho pagarykeesee.com kana paAmazon.com. Munofanirwawo kutora bhuku rangu, *Faith Hunt*, rinokudzoserai kwokutanga chaiko uko Mwari vakandidzidzisa nzira yokukohwa mhuka kubudikidza nokuvhima kwangu nondo. Asi kuti ndipfupise nyaya iyi, regai ndikupei muenzaniso mumwe pano.

Sezvandambokuudzai, takanga tatova muzvikwereti tisina nzira yokubuda mazviri. Kuda kutorerwa zvinhu neIRS, zvikwereti zvezvitoro zvinokweretesa mari, makadhi gumi ezvikwereti akanga akanzurwa, uye zvikwereti zvitatu zvekambani yezvemari zvaiisa 28% pamusoro. Taiva nechikwereti chachiremba wemazino, vanochenesa mbatya, vabereki vedu, uye neshamwari dzedu. Vose vamungafunga, taive nechikwereti navo. Neziso renyama, pakanga pasina tariro. Bhizimusi rangu rokutengesa mari rakanga risiri kufamba zvakanaka kunyange zvazvo ndaishanda nesimba. Asi zvino pashure pokuona Humambo huchiita zvimwe zvinhu zvinoshamisa zvikuru (zvakare, verengai nyaya dziri mumabhuku maviri adudzwa pamusoro apo), takakurudzirwa kuti Humambo hwakanga huri mhinduro yedu. Takanga tisingazivi kuti sei, asi takava nechivimbo chokuti taive munzira chaiyo.

Zvino humwe husiku Mwari vakandipa hope ndokundiratidza muchiroto ichocho kuti ndaifanira kusiya kambani yangu yandakanga ndave nayo kwemakore mapfumbamwe kuti nditange kambani yangu—zvino batai chinhu ichi—kubatsira vanhu kubuda muchikwereti! Ndinozviziva; kupenga handiti? Ndinoreva kuti kudai ndakaziva nzira yokubuda nayo muzvikwereti, ndingadai ndakazviita makore apfuura. Asi ndizvo chaizvo Mwari vakandiudza. Ndakaita kakuvhunduka chaiko. Ndakanga ndisina zano rokutanga kambani yangu kana kuziva kuti zvii zvaifanira kuitwa. Asi kambani yokubatsira vanhu kubuda muchikwereti? E-ee, ndanga ndichiri kutoda munhu aindidzidzisa nezvazvo!

Apo ndakatanga kunamata pamusoro pazvo, ndakava nechitiko naMweya Mutsvene chinoshandura hupenyu maererano nokuti izvi zvaigoneka sei. Zvakaitika ndiri pabasa romumwe wevatengi vangu vomubhizimusi rangu *reinishuwarenzei*. O-oo, ndakanganwa

kukuudzai kuti ndakanga ndiri muchikamu chezvehupfumi ndichitengesa *inishuwarenzi* uye nechengetedzo apo zvose izvi zvaitika. Ndinoziva, uyu mufananidzo unenge womugadziri wemapombi ane pombi inodonha mvura asi achitarisira dambudziko revamwe vanhu asi achiregeredza rake. Kunyange zvazvo ndakanga ndichikundikana zvishoma nezvishoma mubasa rangu rezvemari, ruzivo rwushoma rwandakanga ndawana mubasa iroro mumakore mapfumbamwe akanga apfuura rwakanga rwakakosha zvikuru kune izvo Mwari vakanga vava kuda kundiratidza.

Pandaive ndakagara nomutengi wangu nomukadzi wake patafura yavo yomumba yokudyira, takaita *presentation* yedu senguva dzose, izvo zvakaraidza chimiro chemari yavo nokubvunza mibvunzo yakasiyana-siyana uye nokunyora rataiti *data sheet*. *Data* iri raishandiswa nyanyire kuti vaone kuti inishuwarenzi yohupenyu hwavo yavanofanira kuva nayo yakawanda sei. Patakanga tichitarisa rondedzero yezvikwereti zvavo, vose vakagumbuka uye mudzimai wacho akatanga kuchema sezvavairondedzera kusava netariro kwavainzwa vose. Vose vakanga vachishanda mabasa enguva yakazara uye mari yaisangovakwanira mwedzi woga-woga.

Zvino, ini pachangu pashure pokurarama nenzira iyoyo kwamakore mapfumbamwe, uye Mwari vachitanga kudzidzisa Drenda neni pamusoro poHumambo, munogona kufungidzira manzwiwo andakaita nokuda kwavo. Kufanana neni naDrenda, vakanga vari vaKristu asi vasingazivi kuti Humambo hunoshanda sei. Panguva iyoyo, ndakanga ndisingagoni chaizvoizvo kutsanangura zvakanwanda pamusoro poHumambo kunze kwezvimwe zvezvinhu zvokutanga izvo Mwari vakanga vatotiratidza, izvo ndakagoverana navo, uye, chokwadika, ndakagoverana navo dzimwe dzenyaya dzinoshamisa dzatakanga taona dzichiitika kwatiri pachedu mumamiro edu ezvinhu.

Sezvaiva pachena, ndaigona kuona kuti inishuwarenzei yohupenyu handiyo yakanga iri dambudziko ravo guru. Ndakatora nguva ndichitsanangura zvandaizidziswa naMwari nezveHumambo, asi ndaishuva kuva nechimwe chinhu chandaigona kuita kuti ndipewo mhinduro dzemari chaidzo dzaiva maererano nemamiriro avo ezvinhu.

Kuhofisi manheru iwayo, pandakanga ndopendera zuva rangu uye ndichirongedza murwi wemafaira angu emazuva ose nemameseji andaida kupindura, ndakaerekana ndafunga imwe pfungwa. Ko kana ndikarega kungotarisa nyaya yeinishuwarenzei yohupenyu chete uye ndonyatsoongorora mamiriro emari yavo yose zvayo? Pane zvandaigona kuita here? Ko kana ndikatanga kutsvaga mari? Zvandiri kureva ndezvokuti ko kana ndaizowana nzira dzakaderera dzokuita zvinhu zvavaiita? Chinangwa changu chinenge chiri nyore, kutsvaga nzira dzakaderera dzokuita nazvo zvinhu zvavanenge vagara vachiita, ndoisa chero mari yandinenge ndawana kubva pazviri mune zvavanenge vachida kushandisa pamwe nekuzvikwereti. Zvaiita senge chirevo chakareruka, asi ndakanga ndisingazive zvakawanda nezveimwe nzvimbo yezvemari kunze kweyeinishuwarenzei yohupenyu. Uye ini ndinoda kukuzivisai kuti iyi yaive nguva yakwakanga kusati kwava ne*Internet*. Tsvakiridzo yandaizoda kuita yaizoda kuitwa zvechinyakare—parunhare uye nemabhuku anowanikwa makambani.

Ndakashanda pane izvi kwesvondo rose sezvo ndanga ndakarongerwa kusangana nomutengi uyu zvakare svondo raitevera. Ndakashamisika nokuwandisa kwemari yandaigona kusunungura pamwedzi sezvo ndakatora nguva yokunyatsoongora munzvimbo yemari yoga-yoga. Pandakazopedza, mari yacho yakawedzera kusvika kumazana emadhura pamwedzi. Ne*calculator*

yangu yemari, ndakabatanidza zvikwereti zvavo zvose ndokubva ndashandisa mari yakasunungurwa iya pamari yavo yepamwedzi. Pandakabaya bhatani *recomputer*, ndakangotarisa mhinduro pachiratidziri—makore 6.2. Makore 6.2 ndiyo nguva yazvaizotora kuti mutengi wangu abhadhare zvikwereti zvake zvose, kusanganisira chikwereti chake chemba, pasina kushandura mari yake yaanowana. Hongu, magona kuverenga, pasina kushandura mari yake yaaiwana pamwedzi. Ndakarohwa nehana ndikanyatsoona kuti ndainge ndakanganisa saka ndakabva ndaita masvomhu kakawanda kusvikira ndagutsikana kuti ndaiva nemhinduro yakarurama. Izvi zvingagodaro here? Sei vanhu vose vasina kuziva izvi?

Ndakakurumidza kubata mamwe mafaira evatengi andaive nawo ndikaatarisazve nokukurumidza, ndokuwana mhinduro dzakafanana. Mumwe nomumwe wavo aigona kunge asisina chikwereti mumakore mashanu kusvika manomwe, kusanganisira chikwereti chavo chemba, pasina kushandura mari yavanotambira pamwedzi. Nguva yokuchibva kuhofisi yakange yokwana ndichipedzawo kuita masvomhu angu, asi ndakaenda kumba ndine mufaro. Kana zvandakawana chaive chokwadi, uye masvomhu angu ose airatidza kuti ndizvo zvazvaive, zvino ichi chaive chinhu chikuru, chikuru chaizvo.

Ndaida kuziva kuti mutengi wangu angapindura sei kune ruzivo rwezvinhu rwakadai. Pamusangano wangu naye waiuya, ndakafunga kutaipa manhamba ezvose zvandaive ndawana ipapo pane rimwe bepa. Chinangwa changu chaive chokungovapa tariro. Ini hapana chandaiwana kubva pazviri sezvo ndaiziva kuti kutengeswa kweinishuwarenzi yohupenyu kwaisagona kubudirira. Asi ndaizivawo kuti vaizoda kunzwa zvandainge ndaziva. Vhiki rakatevera ndakaongororazve masvomhu angu uye ndakava nechokwadi chokuti zvandakanga ndaona ndizvo zvazvaiva.

Sezvandakaridza bhero repamusuo, ndakanzwa kutya nokuda kwemusangano wedu. Ndakagara patafura yavo yomumba yokudyira ndikavaudza zvandainge ndaita svondo rose nenhamba dzavo. Ndakavafambisira nhamba dzandainge ndanyora zvishoma nezvishoma ndichivatsanangurira mabudiro andainge ndaita nemari yainge yasunungurwa pamwe chete nezita uye nenhamba dzokubata kambani dzaizodiwa kuti vaite zvandaiva ndavaratidza. Ndakaona kuti ivo vakanga vava kufara sezvo mari yakasunungurwa iya yakaramba ichikura. Asi pandakasvika kumhedziso yokuva vasina chikwereti chipi zvacho mumakore 6.2 pamari yavaiwana, kusanganisira nechomusha wavo, iyezvino vose vakatanga kuchema, nguva ino nomufaro. Vakagara kudaro misodzi ichiyerera pazviso zvavo, vaingoramba vachiti zvaive zvabuda zvakanga zvavashamisa. Vakavetukira mudenga ndokundimbundira, husiku ihwohwo takava nenguva yakanaka yokupembera.

Ngative takatendeseka: *IRS* ichakuudzai here nzira yokubhadhara mutero wakaderera? Ko mushandi womubhanga achakuudzai nzira yokudzivisa kubhadhara mari yakabereka here? Kwete, hurongwa hwose hwakagadzirirwa kutora mari yenyu, kwete kuichengetedza. Ndaiziva kuti zvandakanga ndawana zvaيدا kudzidziswa kumhuri imwe neimwe yomuAmerica! Husiku ihwohwo hwakandibata zvinoshamisa, uye ndaida kuita chinhu chimwechetecho kune mutengi wose wandakasangana naye.

Zvino, noruzivo rwatakanga tashongedzwa narwo uye nokusimbiswa kwechiroto chandakapihwa naMwari, Drenda neni takasiya kambani yeinshuwarenzi yohupenyu yandakashanda nayo tikatanga kambani yedu, tichingoita zvandainge ndaitira mutengi uya. Mumakore iwayo okutanga, taidaidza kambani yedu kuti, *“Faith-Full Family Finances.”* Zita rainyatsotaura zvataiita nezvazvo



chaizvo—kana mainzwisisa Humambo nokutenda, mari yenyu yaizozara. Ndinobvuma kuti rakanga risiri zita rekambani rakanaka kwazvo—edzai kuritaura kagumi mumutsara—asi zvakashanda. Nokufamba kwenguva takazoshandura zita iri ndokuriti *Forward Financial Group*, iro rariri nhasi uye richiri kusimba.

Kutaura chokwadi, pachedu, mari dzedu dzakanga dzisati dzazara. Takanga tichine zvikwereti zvokubhadhara, asi takaziva kuti takanga tawana nzira yedu yokuenderera mberi nayo. Patakatanga kambani yedu itsva, taive nomufaro pamwe nokutya panguva imwe chete. Taive nezvakawanda zvokudzidza maererano nokutanga kambani uye nokuifambisa, asi dambudziko guru ratakatarisana naro raive rokuti taiwana sei mari nazvo. Chinetsu chedu chaiva chokuti taifunga kuti hataikwanisa, uye taisada kubhadharisa vanhu mari kuti tivabatsire kubuda muzvikwereti. Ichi chaive chipingamupinyi chikuru chatakapedza nguva yakati rebei tichinyengetera nezvacho uye nokutarisa sarudzo. Ndisingapindi mazviri zvakadzama, Ishe vakatiratidza nzira inoshamisa yokumisa kambani uye kuimisa kuti iite mari pasina kubhadharisa mutengi muripo.

Tevere, taifanira kutsvaga nzira yokukasikidza kuita masvomhu *edata* revatengi vangu iro ndaiita nemaoko. Ndaiziva kuti ndaizofanira kugadzira *program* yepacomputer kuti ndiite zvataiita, asi hapana chandaiziva nezvemacomputer kana kuti ndingawana sei munhu aigona kuzviita. Zvakare, Mwari vakaita basa rinoshamisa. Ndakachairwa runhare nomumwe munhu aive kure nokumba kwedu aive anzwa nezvedu. Somutengi, aida kuona zvataiita. Akada zvataiita, uye patakanga tichikurukura, ndakaziva kuti akanga ari nyanzvi pakugadzira maprogram emacomputer uye aive nekambani yake yaifambirana nenguva. Ndakataura naye nezvezvataishaiwa, uye akataura nechido zvikuru kuti aida kutibatsira pane zvataiita.

Ndakamuudza kuti tichangotanga zvedu kambani uye takanga tisina mari yokubhadhara basa raakanga achida kutiitira, kunyange zvazvo akanga apa basa rake nomutengo wakaderera. Ainge achiri kuda kuita basa akati ndaigona kumubhadhara nechero mari inenge yapinda, nokudaro, ndizvo zvatakaita.

Vanhu vaida bhizimusi redu. Pashure pezvose, vaigotadza nei zvavo? Raive remahara, uye vanhu vaifarira kuwana mari uye nokubuda muzvikwereti. Bhizimusi racho rakatanga nenzira yakanaka chose, uye takakwanisa kusunungurwa kubva pazvikwereti mumakore maviri nechidimbu chepakati. Nenguva isipi takanga tava nevamiririri vanopfuura 300 vaigoverana hurongwa hwedu munyika yose. Kunze kwokukwanisa kubhadhara mari yemotokari dzedu, takaenderera mberi nokuvaka uye nokubhadhara imba yedu yezviroto. Kambani yedu yakakura uye nokufamba kwemakore yakatigonesa kupa mazana ezviuru zvemadhara zvokutsigira Vhangeri uye nevanhu.

“Chirongwa chechikwereti,” sezvatinochidaidza, chichiri kuitwa mahara muzuva ranhasi, makore makumi matatu adarika zvino. Nokufamba kwemakore kambani yakakura muchinangwa chayo. Mushure mokuparara kwemari muna 2001, hongu, nokuzopararazve kwemari mugore ra2008 uko mamiriyoni evanhu akarasikirwa ne50% kusvika 80% yemari yavo yomudyandigere, takabva tavamba zvokuchengeta mari yomudyandigere. Takatsvaku-rudza nzira dzokuisa mari zakachengeteka uye takatanga chikamu chebhizimusi redu muna 2001. Ndinofara kutaura kuti pamadhara anodarika zana remamiriyoni atiri kuchengetera vatengi vedu pari zvino, hapana kana mumwe wavo akarasikirwa nekobiri rimwe chete zvaro pamari yavo mukati memakore gumi nematanhatu apfuura emhirizhongwa yemari munyika yedu nepasi rose. Uye

sechirongwa chedu, kuvatengi vedu vatinoitira izvi, hapana muripo wavanobvisa, hapana muripo wokuti titarise nyaya yavo kana muripo wokuwaitira basa unobatanidzwa pakutanga kwaro kana pagore. Kana makaneta nokubhejera mari yenyu yomudyandigere, munogona kubata *Forward Financial Group* pa1-(800)-815-0818 kana [Forwardfinancialgroup.com](http://Forwardfinancialgroup.com) kuti munzwe zvizhinji.

Zvinoshamisa handizvo here? Pfungwawo zvayo yakabva kuna Mweya Mutsvene yakashandura hupenyu hwedu zvachose! Hongu taifanira kuzviita, asi Mwari vakatiratidza pokufamba napo. “Gary, wakanzwa sei nokusava nechikwereti?” Rugare! Zororo! Fungai nezvazvo. Takabva pakuva muchimiro chemari chaiva chisina kumira zvakanaka kuenda pakusava nechikwereti zvachose, tichibhadhara mari yemotokari dzedu, imba yedu, nezvimwe zvole zvataida. Kwemakore mapfumbamwe azere, ndakanga ndiri mudambudziko huru miniti yose yezuva rose. Ndakanga ndisina zororo. Zvakanga zvisina basa kuti raiva zuva ripi revhiki, kana kuti raiva zororo. Ndakanga ndisina rugare. Nyaya dzangu dzemari dzainditevera kwose kwandaienda. Ndakaramba ndichinyara uye nokunyadziswa pamusana pemamiriro edu emari. Kutya kwaiva shamwari yangu yenguva dzose; nokuda kwokupererwa, mapanic attack uye nemishonga yaideredza kushushikana zvaiva mararamiro angu. Nokushanduka kwose kwemari, uye hongu, nokuva nezvinhu zvataida muhupenyu, munogona kufunga kuti mari yedu pachedu ndiyo yaive kundiso. Hongu, pakupedzisira kuva nezvinhu zvataida kwaiva kukunda kukuru, asi mufaro chaiwo waiva wokuona Humambo hwaMwari huchishanda. Sezvo Drenda neni taiona taonazve kushanda kwoHumambo, taiwanzoti, “Wazviona here izvi?”

Kungofanana nokubatidzwa kwomwenje, zvole zvinojeka

muchiedza; munogona kuchiona. Kukwanisa kuona mushure mohubofu uye mokurarama musina mhinduro chiitiko chinoshamisa. Kuwana pfuma yedu yechokwadi, Humambo hwaMwari, zvaingoshamisa. Kuedza kukuudzai kuti zvainzwika

sei, zviri nyore—kakava kokutanga muhupenyu hwangu kuva nezororo!

**PFUNGWAWO ZVAYO  
YAKABVA KUNA  
MWEYA MUTSVENE  
YAKASHANDURA HUPENYU  
HWEDU ZVACHOSE!**

Nyaka-nyaka yakapera! Kare kudai vhiri remotokari yedu raita dambudziko, raiva dambudziko guru repfungwa. “Tichaiwanepi mari yacho? Pane rimwe zano rokuita here?” Asi nhasi, kudai motokari

yaiita dambudziko nokuda kwechimwe chikonzero, ndaingobvunza mudzimai wangu kuti, “Unoda ruvara rwupi panguva ino?” Hapana nyaka-nyaka, hapana kuvhunduka, hapana chikwereti, asi kungova nokuzorora. Tinogona kuramba tiri pabasa uye pachinangwa chedu; tisisarame hupenyu hwokungorarama, tinogona kuva nezvoHUPENYU!

*Naizvozvo ndinokutaurirai kuti, musafunganya nezvohupenyu hwenyu, kuti muchadyei kana kuti muchamwei, kana nezvemiviri kuti muchapfekei. Ko, hupenyu hahusi hwakakosha here kudarika zvokudya, nomuviri kudarika zvokufuka here? Tarirai shiri dzinobhururuka, hadzidyari kana kukohwa kana kuisa zvokudya mumatura, asi Baba venyu vari kudenga vanodzipa zvokudya. Imi hamuna kukosha kudzipfuura nokure kwazvo here?*

— Mateo 6:25-26

Kwemakore makumi matatu nematanhatu apfuura, ndakagara pasi nezviuru zvevanhu patafura yavo yomumba yokudyira ndokukurukura nezvemari yavo padanho romunhu. Ndakataura nemhomho yezviuru pasi rose, uye chinhu chimwe chete chandinowana kwose kwandinotarisa ndechokuti munhu wose ari kutsvaga kuzorora!!!! Munhu wose anotarisisira kukupera kwevhiki, kuzororo, kana kuti kuenda pamudyandigere—kumira uye ozorora.

Ongororo dzinoverengeka dzichangoburwa dzandakavereenga dzakaona kuti vangangoita

makumi manomwe kubva muzana vomuAmerica havadi mabasa avo, uye pachikamu ichi chemakumi manomwe kubva muzana, makumi maviri kubva muzana vacho moyo yavo haisi mubasa iri uye vanofungidzirwa kuti vanovenga mabasa avo. Sei vachienda kunoita chimwe chinhu chavanovenga? Ipfungwa dzipi dzavari kurarama pasi padzo dzinoita kuti zuva nezuva

**KURARAMA HUPENYU  
HWOKUSHUSHIKANA  
NEMARI...**

**HWAKANGA HUSIRI  
HURONGWA HWAMWARI  
PAKUTANGA, UYE HAUSIZVE  
HURONGWA HWAMWARI  
KWAMURI MUZUVA  
RANHASI.**

vatsungirire mukurwadziwa kwakanyanya kwemirangariro? Kutaure chokwadi, ivo inhapwa. (Tose taimbove. Takakurira munyika umo nzira chete yokubudirira nayo kuva nemari yakakwana kuti tive nesarudzo. Asi kuvanhu vakawanda, izvi handizvo zvazviri.) Zviroto zvavo zvokubudirira zvinopera zvishoma nezvishoma vachipinda muhupenyu hwokungorarama sezvavanzwiwana vava mumabasa asina kwaavasvitsa kana vava kumakore okumakumi matatu, makumi mana, uye kunyange makumi mashanu.

Ongororo ichangobva kuitwa inoti chikamu 69 kubva muzana

chevagari vomuAmerica hachina kana chiuru chemadhora chemari yakachengetedzwa.<sup>1</sup> Kushungurudzika uye nokushushikana mupfungwa izvo vanhu vazhinji vanorarama pasi pazvo zvinokanganisa pfungwa yavo yezvavari chaizvo uye yokuzvikoshesa. Zvirototo zvinochengeterwa nguva yapanomuka chiitiko chinoda kukuru-midzirwa uye kuodzwa moyo kunotora chigaro. Mufaro wapera.

Rimwe zuva, ndinoyeuka ndichitaura nomumwe mufundisi nezvemari. Akandiudza kuti aida hushumiri uye aida vanhu, asi zuva nezuva aimuka achifara kusvikira ayeuka mamiriro ake emari. Akandiudza kuti akanga akaita segore guru dema rinobvisa chiedza chezuva, apo pfungwa dzinoodza moyo idzo dzakaumbwa mundangariro make dzinomubata kuti angove nepfungwa dzokungorarama, kusava netariro mune zvemari, uye nohuranda husina chiono.

Hupenyu hwakatsiviwa nokuona vamwe vachikunda. Hollywood yakaita mabhiriya anoratidza ruzhinji rwevanhu vachikunda pazviratidziro zvakakura. Vanhu vasingakwanise kuzviona vachikunda pachezvavo vanowana maminiti mashoma okutiza kubva mukunetswa kwavo uye vosiya zvirototo zvavo vongoona vanhu vakakwana vachirarama hupenyu hwakakwana pazviratidziro zvakakura.

Mitambo parizvino inokwezva mabhiriya emadhora pagore kubva kune vaoni pasi rose. Muna 2017, NFL yakaunza 7.8 bhiriya; koita Super Bowl iyo inofungidzirwa kunzi yakaunza mabhiriya 15.5; uye uyu waingova mutambo mumwe chete!<sup>2 3</sup> Vanhu vanofarira kukuza chikwata chavo chavanoda kuti chikunde.

<sup>1</sup> Niall McCarthy, "Survey: 69% of Americans Have Less Than \$1,000 in Savings," *Forbes*, September 23, 2016, <https://www.forbes.com/sites/niallmccarthy/2016/09/23/survey-69-of-americans-have-less-than-1000-in-savings-infographic/#-30d27351ae67>.

<sup>2</sup> Michael David Smith, "Packers' Books Show NFL teams Split \$7.8 Billion in National Revenue," NBC Sports, <http://profootballtalk.nbcsports.com/2017/07/12/packers-books-show-nfl-teams-split-7-8-billion-in-national-revenue/>.

<sup>3</sup> Joe D'Allegro, "Super Bowl Billions: The Big Business Behind the Biggest Game of the Year," CNBC, January 22, 2017, updated February 2, 2017, <https://www.cnbc.com/2017/01/20/super-bowl-billions-the-big-business-behind-the-big-game.html>.

Asi chatinofanira kunzwisisa ndechokuti isu tose takatarirwa uye takasikwa kuti tikunde—kuva mukunetsekana, kuva mumutambo, uye pakupedzisira tokunda. Kuvanhvazhinji kusava netariro mune zvemari ndizvo zvinowanzoitika, kwete zvisingaitwi—nokudaro kupunyuka kwatingangoita kubva kwazviri kurarama hupenyu hwatinorota tose kubudikidza nohupenyu hwevamwe. Chii chinokwezva pakukunda *lottery*? Nei chironzwa chepachivhitivhiti, *Who Wants To Be A Millionaire* chakakurumbira zvakadaro? Nei zvirongwa zvokupfuma zvichiri muedzo muzuva ranhasi? Mhinduro? ZORORO! Munhu wose aneta nokumhanya, munhu wose aneta nokumuka akaremerwa kuwana waniso ichiba zviroto zvavo. Asi kurarama hupenyu hwokushushikana nemari hachisi chinhu chitsva; kutaura idi, kwave kuripo kwenguva munhu yaagara pasi pano. Zvisinei, hwakanga husiri hurongwa hwaMwari pakutanga, uye hausizve hurongwa hwaMwari kwamuri muzuva ranhasi.





## CHITSAUKO 2

# KODZERO DZEPAMUTEMO

Kusava netariro—ndiwo matsananguriro andingaita hupenyu hwedu pataive tisati tanzwisisa nezvemazororero. Makore mapfumbamwe inguva yakareba chose yokugara munyatwa yemari uye nomukushushikana. Nguva zhinji ndinogona kurangarira ndichitarisa purazi ratairoja nemadhora mazana matatu pamwedzi remaeka makumi masere neshanu asi tisingakwanisi kubhadrara muripo iwoyo, uyo waive muripo wakaderera zvakananyanya, uye ndichifunga kuti ndaizombokwanisawo here kuva nenzvimbowo yangu sezvizvi.

Muridzi wepo akanga achida kuzovaka nhandare yegorofu panzvimbo iyi uye aingoda kuti munhu agare ipapo, achingotarisa nzvimbo yacho kusvika vatanga basa ravaifungidzira kuti raizotanga mumakore matatu kusvika mashanu aitevera. Imba yepapurazi yekare yakauya “sezvairi,” uye panguva iyoyo vaisazobhadrara kuti igadziridzwe chii zvacho. Takaitora, uye pashure pokunge tanyatsoipenda uye nokuichenesa, yakange zvino yati nakei. Hurongwa hwedu hwaiva huri hwokugarapo kwemakore matatu tozoenda

kumwe asi mugore redu rechisere tiri ipapo, takanga tichiri kure nokuva nechimwe chinhu cheduwo zvacho.

Pashure pokunge Mwari vataura neni pamusoro poHumambo, uye patakatanga kudzidza uye nokushandisa misimbote nemitemo yoHumambo, zvinhu zvakatanga kushanduka. Pakutanga apo mari yedu yakatanga kuvandudzika, takafara zvikuru nekundiso duku dzatakava nadzo. Ndinoyeuka ndichitenga muchina wokusukisa ndiro wokushandisa muimba yepapurazi yekare iyi uye Drenda neni takanga tichifara, kunyanya iye! Kunyange zvazvo dzimwe nguva ndaiita basa rokusuka ndiro, dzimwe nguva ndaibatikanawo nebhizimusi. Kuva nevana vana pamba panguva iyoyo kwaiita kuti agare achisuka ndiro. Patakatenga muchina wokusukisa ndiro, ndinoyeuka ndichitaura chimwe chinhu chakadai sokuti, “Unogona here kuzvitenda kuti tichangobva kubhadrara mari yomuchina mutsva wokusukisa ndiro?” Ndinoziva hangu kuti muri kufunga sezvizvi, “A-aa, kutenga muchina wokusukisa ndiro chinombova chinhu chikuru here?” Zvakanaka, kuti munyatsova neziso razvo rakanaka, munofanira kutarisa kune mimwe midziyo yomumba yedu yepapurazi yokubikira. Chitofu chedu pamwe nefiriji zvakanga zvine ruvara rwekotapeya uye zvaive nemakore 25. Saka kana tichienzanisa, kutenga muchina wokusukisa ndiro yaiva kundiso huru kwatiri.

Muchitsauko chadarika ndataura kuti Mwari vakandipa sei hope uye hurongwa hwokutanga bhizimusi raizove mhinduro kunyatwa yedu yemari. Munogona kunge muchifunga sokuti, “Ndinoshuva kuti dai Mwari vandiudza chimwe chinhu chakadaro.” Mashoko akanaka ndeokuti vanoda kuita sokudaro, asi pane zvimwe zvinhu zvamunofanira kuziva maererano nemashandiro anoita Humambo musati makwanisa kupinda murubatsiro rwerudzi

irworwo. Nhungamiro yandakagamuchira zuva iroro muchiroto yakaitika bedzi nemhaka yeizvo Mwari vakanga vachitidzidzisa pamusoro poHumambo Hwavo uye yakauya yakananga kudaro nokuda kwokushandisa zvavakanga vatiratidza. Kunyange zvazvo ndakataura nezvoHumambo zvakadzama zvikuru mubhuku rangu rokutanga, ndinofanira kuzviongorora pano zvakare kuti zvitipe hwaro.

Vanhu vanondibvunza zvandinoreva noHumambo hwaMwari. Ndakanga ndisingazivi nezvoHumambo hwaMwari kunyange zvazvo ndaiva muKristu. Ndaiziva kuti ndaizoenda kudenga kana ndafa, asi ndakanga ndisinganzwisisi Humambo hwaMwari uye kuti hwainyatsoshanda sei. Kuti munzwisise pfungwa iyi, munofanirwa kunzwisisa kuti izwi rokuti *humambo* rinorevei. Mupfungwa chaiyo, rinoreva kutonga kwamambo. Humambo hwamambo hunoshanda neshoko ramambo. Mashoko ake anova mutemo unodzora Humambo hwake uye hupenyu hwevagari vemo. Imwe pfungwa inobatanidza humambo ndeyokuti mhomho yemamiriyoni evanhu haigadziri humambo. Humambo hunogadza hurumende ine mitemo inosimbisa mitemo yamambo kumugari wose wepamutemo wohumambo ihwohwo. Pfungwa iyi yokuti Mwari vane Humambo hune mitemo yakagadzwa iyo inowanika kumugari wose wepamutemo womuHumambo Hwavo inoita seisina maturo muvaKristu vazhinji. VaKristu vakawanda vanotenda kuti Mwari vanosarudza minyengetero yokupindura kana vanhu vavanonzwa kuda kuitira zvinhu. Vanotenda kuti kana vakatsanya kwenguva yakareba kana kuita mamwe mabasa emweya kuna Mwari, vanozoitirwa nyasha Navo. Shamwari yangu, unotova nenyasha Navo nechekare.

*Saka, hamuchisiri vatorwa kana vaeni, asi vagari pamwe chete navanhu vaMwari uye mava veimba yaMwari.*

— VaEfeso 2:19

Hamusingori chete mugari womuHumambo Hwavo, asi zvakare muri veimba Yavo chaiyo, mwanakomana kana mwanasikana waMambo. VaGaratia 4 inojekesa kuti izvi zvinorevei kwamuri neni.

*Zvandinoreva ndezvokuti kana mudyi wenhaka achiri mwana, haanakusiyana nenhapwa, kunyange hazvo ari muridzi wezvinhu zvose. Ari pasi pavatariri navachengeti kusvikira panguva yakatarwa nababa vake. Saizvozwowo, patakanga tiri vana, takanga tiri muutapwa pasi pezvokuvamba zvenyika. Asi nguva yakati yakwana, Mwari akatuma Mwanakomana wake, akaberekwa nomukadzi, akaberekwa pasi pomurayiro, kuti adzikinure avo vari pasi pomurayiro, kuti tigamuchire kodzero yakazara javanakomana. Nokuda kwokuti muri vanakomana, Mwari akatuma Mweya woMwanakomana wake mumoyo yedu, Mweya anodana achiti, “Abha, Baba.” Saka hamuchisiri nhapwa, asi vanakomana; uye sezvo muri vanakomana, Mwari akakuitaiwo vadyi venhaka.*

— VaGaratia 4:1-7

Muri mugari wenhaka yenhaka yose semwanakomana kana semwanasikana, uye mune kodzero dzepamutemo somugari woHumambo Hwavo! Regai izvozvo zvinyure mukati menyu kweminiti—mutorinezvinhuzvose. Hapana chamunoda chamusina. Nokudaro regai kuteterera uye kuchema. Hamugone kuteterera chimwe chinhu chamuinacho. Mwari havaiti nyaya imwe neimwe

nesarudzo yokuti ndiani wavanoda kana kusada kubatsira. Uyo wose ari mwanakomana kana mwanasikana waMwari anotova nerubatsiro Rwavo.

Regai ndienzanise izvi nokuve mugari weUnited States. Kana muri mugari, munenge muchitova nerutsigiro rwehurumende yeUnited States kuti isimbise zvinotaurwa nomutemo. Rutsigiro irworwo rwakavapo nokuva mugari wemo wamakava. Nokudaro, hamugone kutsanya pamwe nokunamata kwenguva yakakwana kuti muwane rubatsiro Rwavo; Vakakupai pachena kubudikidza nezvakaitwa naJesu. Saka farikanyai nazvo. Ndimi muridzi wazvo!

**MANZWIRO AKANAKA,  
UYE NDINOFARIRA  
KUNZWA HUVEPO  
HWAMWARI, ASI KANA  
ZVIRI ZVEMITEMO,  
HANDIFANIRI KUTANGA  
NDANZWA KUTI  
NDAPONESWA KUTI  
NDIPONESWE.**

*Uye Mwari akatimutsa pamwe chete naKristu akatigarisa kudenga pamwe chete naye muna Kristu Jesu, kuitira kuti munguva dzinouya aratidze pfuma yake huru yenyasha dzake, zvichiratidzwa muunyororo hwake kwatiri muna Kristu Jesu.*

— VaEfeso 2:6-7

Mashoko aya okuti, “*akatigarisa kudenga pamwe chete naye*” ari kutaura nezvenzvimbo yenyu yepamutemo muHumambo hwaMwari. Jesu agere kuruoko rworudyi rwaBaba, nemiwoo ndiko kwamugere sezvo muri muviri waKristu. Saka mava mudyi wenhaka pamwe chete naJesu wezvose zvina Mwari. Ndinoziva kuti hazvidaviriki kufunga nezvazvo, asi ichokwadi. Mune zvose; muri mhuri, uye ibasa remhuri! Asi nokuti dhiabhozi aedza kuvanza zvose zvamuri uye nezvose zvamunazvo, vanhu vazhinji, kunyange

vaKristu, vanorarama seavo vachiri vakasungwa nohurongwa hwenyika yakatukwa hwokungorarama!

Hupenyu hwangu hwakashanduka apo ndakaziva kuti Humambo hwaMwari yakanga iri, uye, ihurumende ine mitemo, uye ini, sezvo ndiri mugari wemo, ndine mararamiro epamutemo uye nezvandinowana muHumambo. Manzwiro akanaka, uye ndinofarira kunzwa huvepo hwaMwari, asi kana zviri zvemitemo, handifaniri kutanga ndanzwa kuti ndaponeswa kuti ndiponeswe. Inyaya yomutemo. Ini handifanire kunzwa senge ndiri mugari weUnited States kuti ndive wemo. Ndinotoziva kuti inyaya izere zviri pamutemo nokuti ndakazvarirwa muno. Zvinhu zvinoshanduka pamunenge makamira zvakanaka pamberi paMwari uye kana hupenyu hwenyu hwakavakirwa pamutemo, pane kuti munonzwa sei!

*Ndiko kusatya kwatinako mukuswera kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. Uye kana tichiziva kuti anotinzwa—pazvose zvatinokumbira—tinoziva kuti tava nazvo zvatakumbira kwaari.*

— 1 Johani 5:14-15

Fungai nezveRugwaro urwu kweminiti; nderumwe remamwe andinonyanyodisisa. Kana ndikakumbira chinhu maererano nokuda Kwavo, ndinoziva kuti vanochinzwa! Izvi hazvisi kureva masaisai eruzha amunonzwa nenzeve dzenyu. Ichi chirevo chepamutemo. Fungai nezvemutongi nedare rake. Kana mutongi afunga kunzwa nyaya, zvinoreva kuti abvuma kugadzirisa nyaya maererano nezvinotaurwa nomutemo. Kwozotiwo kwatiri, sezvo tinenge takumbira maererano nemitemo yaMambo, tinotoziva kuti Ivo vachaita zviri

mumutemo Wavo. Nokudaro, tine chivimbo mune zvinobuda; hapazovi nokufungidzira.

Somuenzaniso, United States haisi humambo nokuti haina mambo, asi inoshanda nemitemo yakaenzanirana kumugari wose wepamutemo uye inowanikwa kwaari. Nenzira imwecheteyo, Humambo hwaMwari hunotungamirirwawo nemitemo, iyo inowanikwa kuvagari vemo vose pasina rusarura. Nyaya dzatinoverenga muBhaibheri hadzipo kuti dzingotinakidza asi kuti dziratidze mitemo iyoyo kuitira kuti tiidzidze uye tiishandise. Jesu akashandisa Mashoko okuti, “Humambo hwaMwari hwakafanana” kakawanda sezvaaitanangurira vanhu kuti Humambo hunoshanda sei. Jesu akanga achitaura nezvemitemo yoHumambo paakataura mifananidzo yacho, achipa mufananidzo unooneka wemashandiro anoita mitemo kana kuti kuratidza kuti nei chimwe chinhu chakaitika. Zvakare, nokuda kwechimwe chikonzero, vanhu havazivi kuti Humambo hwaMwari hune mitemo inotungamira kushanda kwahwo. Vazhinji vanofunga kuti Mwari vanogona kuita chero chavanoda kuita panguva yavanoda nokuti ndiMwari. Ndinobvuma kuti Mwari vane simba rokuita chinhu chipi zvacho chavanoda kuita; zvisinei, vanoganhurirwa nemitemo Yavo. Ndinoziva izvi zvingaite sezvisingananzwisike kwamuri, asi kuti nditaure pfungwa yangu, ngatitarisei Mako 6 nokukurumidza.

*Jesu akati kwavari, “Muprofitu haakudzwi muguta romunyika yokwake, pakati pehama dzake, nomumba make chete.” Haana kuzokwanisa kuita mabasa makuru imomo, kunze kwekuisa maoko Ake pamusoro pevanhu vashoma vairwara uye nekuvaporesa. Akashamiswa nokusatenda kwavo.*

— Mako 6:4-6

Pamaverenga Rugwaro urwu, maifanira kunge mava nezvinhu zvishoma zvatora meso enyu zvinokupai muono webasa roHumambo.

### **Haana kuzokwanisa kuita mabasa makuru ....**

Chokutanga, vaKristu vazhinji havasati vamboona Rugwaro urwu uye vanogara vapokana nemi vachiti munenge makarasika kana mati muBhaibheri pane mamiriro ezvinhu apo Jesu aisagona kuporesa. Asi sezvamunoona, Haana kuzokwanisa. Kana mangonzwisisa kuti Humambo hunoshanda nemitemo, zvino munochibva matanga kutarisa zvakadzama nyaya iyi. Manzwisisiro evaKristu vazhinji ndeokuti Jesu akasarudza kusavarapa. Izvozvo zvingava zvine musoro kudai manga musinganzwisisi kuva pamutemo kwoHumambo. Pasina nzwisiso yomutemo yepakutonga yokuziva kuti Jesu akanga ane simba rokuporesa asi iye asina kuzoita sokudaro kwaiita kuti muzongofunga kuti akasarudza kusaporesa. Chii chimwe chachingava?

Munogona kunge makanzwa mumwe munhu achiti, “Mwari vakabvumira kuti izvi zviitike,” kana kuti “Mwari ndivo vanoziva zvakanyanya,” kana kuti “Mwari ndivo vanotonga,” kana chimwe chinhu chine musoro iwoyo kana mumwe munhu achitaura nezvedambudziko kana kuomerwa kwaari kusangana nako kana kuri kusanganikwa neshamwari yake. KumuKristuwo zvake, apa ndipo paanobva angogumira. Mhedziso chete yavanoisa kubudikidza nokusaziva mitemo yoHumambo uye chaitadzisa Jesu, ndeyokuti kunofanira kunge kwaiva kuda kwaMwari kusavaporesa. Shamwari yangu, Bhaibheri haritauri kuti akasarudza kusaporesa. Rinoti haana kukwanisa kuvaporesa nokuda kwokusatenda kwavo.



Mukangoziva chete kuti munyaya iyi chipingamupinyi pakupora kwaisava kushaikwa kwechido chaMwari kuti vapore, asi kuti, paive nemirairo yemweya yokutonga iyo yakamisa simba raMwari.

Munedzimwenyaya, muchachiziva zvino kuti paive nezvikonzero zvepamutemo nei simba raMwari raive nesimba rokuunza kana rokusaunza kuda pamwe nechido Chavo mumamiriro ezvinhu, sezvakaita munyaya ino. Naizvozvo, zvakakosha zvikuru kuti muzive kuti mitemo yoHumambo iyi inoshanda sei. Nerimwe zuva pamuchada kuzova nerubatsiro rwedenga, hamudi kuti simba rokudenga risaratidzwe, asi kuti muve nerusununguko rwokuita kuti kuda kwaMwari kuitwe muhupenyu hwenyu. Uye ndosaka ndanyora bhuku rino.

Kuti munyatsotanga rwendo rwenyu, ndinokurudzirai kuti mutange nepfungwa dzitsva uye moziva kuti munofanira kurasa mhinduro dzechitendero dzekare dzamakanzwa hupenyu hwenyu hwose maererano nokuti nei Mwari vachiita kana kusaita chimwe chinhu. Ndinovimba kuti zvino munoziva kuti munofanira kuramba tsananguro yavose inowanzipihwa pakunongedzera kuchikonzero chokuti nei Johnny mwana wechiduku akafa pazera riduku: “Mwari vanoziva zvakanakisisa, Ndivo vanotonga,” nezvimwewo.

Kwete, imi munofanira KUZIVA chikonzero nei Jesu aisagona kuporesa uye mitemo inotungamira kufamba kwesimba raMwari pasi pano. Munofanira kuziva mhinduro kumubvunzo wokuti,

**ZVIPIKIRWA ZVAVO ZVINOTIPA  
VIMBISO YOKUPORESA,  
KUDZOREREDZWA,  
KUWEDZERA KWEMARI,  
NEZVIMWE ZVAKAWANDA—  
KWETE KUNGOKWANISA  
KUTAMBURA KUBUDIKIDZA  
NENHAMO KANA NENJODZI.**

“Nei Jesu asina kuporesa?” Vanhu vazhinji vanogumbuka nokuti ndinotaura kuti kune mhinduro kumubvunzo iwoyo. Asi ini ndiri kungokuudzai zvinotaurwa neBhaibheri, uye regai ndidzokorore kuti MUNOFANIRA kuziva mhinduro yomubvunzo iwoyo.

Mhinduro iri nyore uye ipfupi inotsanangura chikonzero nei Jesu aisagona kuporesa munyaya iyoyo ndeyokuti denga rakanga risina simba repamutemo rokuita izvozvo. Kutonga ikoko kunoburitswa nokutenda kwomurume kana kuti kwomukadzi ari pasi pano anogutsikana zvizere nezvinotaurwa nedenga. Kunyange zvazvo tose taizobvuma kuti Jesu aiva nesimba uye nechido chokuporesa vanhu, aisagona kuzviita. Jesu Pachake akataura kuti kusaporesa kwaakaita kwaisava nokuda kwechikonzero Chake asi kwaive nokuti vanhu vaive vasina kutenda. Nyorai izvi pasi! Pane chikonzero chikuru pano! Kutenda!

Mubhuku rangu rapfuura, ndakatora nguva yakawanda ndichitsanangura kuti kutenda chii, kunoshanda sei, nei tichida kutenda, nei Mwari vachida kutenda, kuti tinowana sei kutenda, uye kuti tinoziva sei kana tiri mukutenda. Kutaura kuti kunzwisisa kwenyu mutemo unokosha zvikurusa woHumambo uyu kunokosha, mashoko akareruka. Asi kutori hupenyu nerufu!

Munguva pfupi yadarika ndakagamuchira bepanhau (*newsletter*) raibva kune humwe hushumiri hwechiKristu hunozivikanwa zvikuru. Zviri mukati maro zvaive zvakangofanana nezvinotendwa nevaKristu vazhinji, zvinosuruvarisa. Regai ndikugoverei zvimwe zvacho pano.

Zvinotanga neshoko guru rinobva muna **Dhuteronomi 31:6**:

*Simbai mutsunge moyo. Musatya kana kuvhundutswa nokuda kwavo, nokuti Jehovha Mwari wenyu achaenda nemi; haangakusiyei kana kukurasai.*

Zvino rinoenderera mberi richiti...

“Nei Mwari vasingamisi ugandanga uye kutambura? Nei vachibvumira kuti vanhu vafe? Mibvunzo yakawandisa, uye chokwadi chenyaya yacho ndechinoti hatizivi mhinduro dzose. Hatizivi kuti nei Mwari vachibvumira zvimwe zvinhu kuti zviitike. Chatinoziva ndechokuti rudo rwaMwari rwakakwana. Nzira dzavo dziri pamusoro penzira dzedu. Tinofanira kuvimba nezvipikirwa zvavo izvo zvinotiudza kuti hakusi kuti havatipi zvinopfuura zvatisingakwanisi kuita, asi kuti chero chavanotipa, vachava nesu nhanho imwe neimwe yenzira.”

HANDIZVO, HANDIZVO, HANDIZVO! Chokwadi, Bhaibheri rinotiudza zvinopesana nazvo.

*Hakuna muedzo wakakuwirai imi, kunze kwaiwo unowira munhu wose. Uye Mwari akatendeka, haangatenderi kuti muedzwe kupfuura pamunogona napo. Asi kana muchiedzwa, iye achakupai nzira yokubuda nayo kuti mugone kutsunga pairi.*

— 1 VaKorinde 10:13 (NKJV)

Zvipikirwa Zvavo zvinotipa vimbiso yokuporesa, kudzoreredzwa, kuwedzera kwemari, nezvimwe zvakawanda—kwete kungokwanisa kutambura kubudikidza nenhamo kana nenjodzi. Rudo rwakakwana rwunopa mhinduro. Ndinogona kuenderera mberi kupa rondedzero yazvo, asi zvinhu zvinosuruvarisa izvi ndizvo zvinotendwa neruzhinji rwevanhu nezvaMwari. Chingu chisingangotambiriki kuti munhu angatofunga kuti Mwari vane rudo rwakakwana vangapa munhu gomarara kana kuramba kumuporesa Ivo vane simba rokuporesa. Kana vakabvunzwa nezvazvo, mhinduro yavo yenguva dzose ndeyokuti nzira Dzavo hadzisi nzira dzedu.

Muri kutamba here imi? Isu pachedu hatina rudo rwakakwana uye hatingadaro kumwana wedu! Mune zvinopesana nazvo, Mwari vanotojekesa nzira Dzavo muShoko Ravo.

Bepanhau raireva kuti muchero chavanotipa, vachange vanesu nhanho imwe neimwe yenzira sezvatinenge tichitambudzika mazviri. Mwari vachatipa chimwe chinhu chakaipa here? Kwete. Bhaibheri parinotiudza kuti vanesu uye haazombotisiyi, zvinoreva kuti Mwari vanesu ipapo kuti vatsigire zvipikirwa Zvavo! Shamwari yangu, dzidziso iyi yokuti Mwari muvengi wedu haibvi kuna Mwari. Haimiriri Mwari wandinoshumira, uye ndinovimba kuti hamuzozvitendi. Kana kereke yenyu ichidzidzisa rudzi urwu rwemarara, munofanira kubudamo pakarepo!

Mwari rudo uye shoko rinoti rudo haruperi. Chinokundikana, zvisinei, kutonga kwaMwari, kukwanisa Kwavo kupindira munzvimbo yepasi, uko kunobudiswa nokutenda kwedu. Zvakare, iyi inyaya yomutemo, kwete nyaya yokumerera nayo, nyaya yemanzwiro, kana yechimwe chinhu. Ingori nyaya yomutemo yamunofanira kuziva. Sezvo munhu ane hutongi munzvimbo yepasi, Mwari havangoite zvavanoda, sezvandambotaura. Chibvumirano chenyu nedenga, kutenda kwenyu, kunodiwa kuti mupe denga simba rokuunza simba raMwari mumamiriro ezvinhu akadaro uye pova nezvibereko zvokururama. Shamwari, **unofanira** kuziva kuti kutenda chii uye nei kuchidikanwa pakugamuchira kubva kuna Mwari.

Kana musina kuverenga bhuku rangu radarika (*Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu: Simba Rokutendeseka*), regai ndiongorore muchidimbu kuti kutenda chii. Kunyange muchigona kufungidzira henyu kuti vaKristu vazhinji avo vanoshandisa izwi rokuti *kutenda*

vanoziva kuti chii, munenge makanganisa. Kuti tikwanise kunzwisisa pfungwa yoHumambo inokosha maererano nokutonga kwomutemo, tinofanira kuva nenhoroondo yechidzidzo chiduku.

Ngatitarisei **VaRoma 4:18-21:**

*Pasina kana tariro, Abhurahama netariro akatenda uye akava baba vendudzi zhinji, sezvazvakanga zvarehwa kwaari zvichinzi, “Zvizvarwa zvako zvichadarowo.” Haana kushayiwa simba mukutenda kwake, paakaona kuti muviri wake wakanga watofa hawo—sezvo akanga ava namakore anenge zana okuzvarwa— uye kuti chizvaro chaSara chakanga chafawo. Asi haana kukahadzika nokuda kwokusatenda pamusoro pechipikirwa chaMwari, asi akasimbiswa mukutenda kwake uye akakudza Mwari, achinyatsogutsikana kuti Mwari ane simba rokuita zvaakanga avimbisa.*

Abhurahama anozivikanwa sababa vokutenda kwedu. Aiva nechokwadi chakazara chokuti Mwari vaiva nesimba rokuita zvavakanga vavimbisa. Kugutsikana zvizere, mukuwirirana naMwari, kunonzi kutenda. Pasina chibvumirano ichocho, Mwari havagoni kufamba munzvimbo yepasi. Zvino munogona kubvunza, “Ko Mwari vangagodirei ani zvake kuti aite chinhu chinovabvumira kana kuti chinovatadzisa kuita chimwe chinhu chavanosarudza? NdiMwari.” Kuti tipindure mubvunzo iwoyu, tinofanira kudzokera kumashure totarisa kumavambo nokukasika, munguva yaAdhamu.

*Makamuita muduku zvishoma kuvatumwa; makamushongedza korona yokubwinya nokukudzwa uye mukaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake. Pakuisa zvinhu zvose pasi pake, Mwari haana kusiya chinhu chimwe chete*

*chisina kuiswa pasi pake. Asi panguva ino hationi zvinhu zvose zvakaiswa pasi pake.*

— VaHebheru 2:7-8

Rugwaro urwu rwuri kutaura nezvaAdhamu naEvha pakusikwa. Ndapota cherechedzai kuti kwakanga kusina chinhu panyika chakanga chisiri pasi pohutongi hwavo hwepamutemo. Adhamu akaiswa panyika kuti atonge nyika nemasimba aakanga apihwa achimirira Humambo hwaMwari. Aitonga pasi rose.

*Ipapo Mwari akati, “Ngatiitei munhu nomufananidzo wedu, akafanana nesu, uye ngavave nesimba pamusoro pehove dzegungwa napamusoro peshiri dzedenga, napamusoro pemombe, napamusoro penyika yose, uye napamusoro pezvisikwa zvose zvinokambaira panyika.”*

— Genesisi 1:26

Zvino vakare tinoona kuti Adhamu akatonga pasi nemasimba aakanga apihwa uye akapfekedzwa korona yokubwinya (zodzo kana simba) nokukudzwa (chinzvimbo chemasimba). Hapana chinhu chakanga chisiri pasi pesimba rake. Kutaura zvazviri, kana mukaverenga nhoroondo yokusika, Adhamu akatotumidza mhuka mazita, sezvaakanga ari pamusoro penyika yose. Sezvatinoziva tose, Adhamu akarasikirwa nenzvimbo yake yemasimba kuna Satani, uyo akanyengera Evha ndokuedza Adhamu kupandukira hurumende yaMwari, izvo zvaakaita. Pauro anonyora muna 2 VaKorinde 4:4 kuti Satani, kubudikidza nokupanduka kwaAdhamu, akava mwari wenyika ino. Haana kuti akanga ari mwari, asi panzvimbo pezvo,

mwari wenyika ino, zvichireva kuti akanga ane simba repamutemo pano romumweya. Kunyange zvazvo munhu akanga achiri kurarama pasi pano, mumweya akanga akafa kuna Mwari. Mweya womunhu, uyo wakasikwa kuti ufambe muhumwe noMweya waMwari, zvino wakanga waparadzaniswa naye. Munhu akatanga kufamba maererano nepfungwa dzake pachake, kuda, uye nemanzwiwo ake.

*Satani akamutungamirira kunzvimbo yakakwirira uye akamuratidza munguva diki diki humambo hwose hwenyika. Akati kwaari, “Ndichakupa simba rahwo rose nokubwinya kwahwo, nokuti ndakahupihwa, uye ini ndinogona kuhupa kuna ani zvake wandinoda. Saka kana ukandinamata, huchava hwako hwose.”*

— Ruka 4:5-7

Muchaona kuti Satani anotaura kuti chinzvimbo chaainacho pamusoro penzvimbo yepasi chaka“**pihwa**” kwaari. Zvamazvirokwazvo, tinoziva kuti uyo akachipa kwaari ndeuyo akanga anacho zviri pamutemo pakutanga, uyo akanga ari Adhamu. Izvi zvakakosha. Kana, pachokwadi, Satani akanga aedza kupinda muhumambo hwapasi zvisiri pamutemo, angadai akadzingwa pakarepo uye nechisimba. Kana muchigona kufunga mupurisa anenge achinenera vamwe vake kuti vauye kunomubatsira, munenge mava nepfungwa yakanaka yokuti sei ndiri kuti Satani angadai akadzingwa. Bheji rinopfekwa nomupurisa rinoreva kuti simba rose nesimba rehuru-mende yeUnited States riripo kutsigira mashoko ake.

Korona yakapfekwa naAdhamu (chinzvimbo chaaiva nacho), achitonga akamiririra hurumende yaMwari, yakaunza simba rose raMwari kuti rimutsigire. Nemhaka yenzvimbo yaAdhamu pasi

pano, Satani akanga asina simba panyika. Aitongwa naAdhamu naEvha. Nzira yaSatani chete yepamutemo yokuti awane simba panyika yaizoda kuti Adhamu abvise korona yake, iyo Satani akanga asina simba rokumumanikidza kuti aite. Satani aiziva kuti munhu oga aigona kubvisa korona iyi kubva mumusoro waAdhamu aive Adhamu pachake. Ndiko kusaka Satani aifanira kushandisa hurongwa hwake hwokunyengera. Hunyengeri ihwohwo hwaiva hwei? Satani aitura kuti Mwari vakanga vasina kuvimbika uye vakanga asina hanya nezvido zvavo. Akaita kuti Evha abvume kuti kusateerera Mwari kwaibatsira uye kuti mitemo yaMwari yaiita kuti iye naAdhamu vasaita chimwe chinhu chinobatsira.

**Satani aifanira kuita kuti Adhamu naEvha vatende kana kuti vaenderane naye panzvimbo paMwari.**

Mumashoko ari nyore, uku ndiko kutenda. Kutenda kunogona kurondedzerwa so “kuva nokugutsikana kuzere” pamusoro pezvino- taurwa naMwari. Adhamu naEvha vakasiya Shoko raMwari serisina kuvimbika ndokubvumirana nezvakataurwa naSatani. Ipapo ivo vakaita maererano nezvavaitenda, izvo zvakabvisa chimiro chavo chekodzero muHumambo hwaMwari ndokupa Satani masimba epamutemo pamusoro pezvinhu zvevanhu. Zvakaguma nei? Adhamu, uyo akanga ane simba pamusoro penzvimbo yepasi, akadzinga Mwari mumweya apo akazvibatanidza pachake naSatani! Adhamu akasiya korona yake, nzvimbo yake yechirempera, kuti atevere Satani. Nokuita kudaro, akadzinga Mwari muhupenyu hwake. Vanhu vazhinji vaizoti, “Kwete, hazvaigona kuitika; Adhamu haaigoni kudzinga Mwari panyika!” Asi kana toreva nezvezvinhu zvevanhu, zvirokwazvo akadaro. Regai ndikuratidzei



izvozvo. Ngatitariseizve kuna **Genesisi 3:17-19**. Mushure mokunge Adhamu atadza, Mwari vakaenda kwaari vakati,

*Ivhu rakatukwa nokuda kwako; mukushanda kunorwadza, uchadya zvibereko zvaro mazuva ose ohupenyu hwako. Richakuberekera minzwa norukato, uye uchadya miriwo yomusango. Neziya rechiso chako uchadya zvokudya zvako kusvikira wadzokera kuguruva.*

Tarirai kuti anoti, “*Ivhu rakatukwa [nyika] nokuda kwako.*”

Kutukwa kunongoreva kusavapo kwaMwari uye neropafadzo Ravo. Akanga ari Adhamu, uyo akanga ane masimba pamusoro pepasi, akagura hutongi hwepamutemo hwaMwari munzvimbo yepasi. Zvamazvirokwazvo, Mwari vari kuti, “Heyi, Adhamu, nokuda kwako, maoko Angu akasungwa. Handikwanisi kukubatsira.” Vanobva vaudza Adhamu kuti kurarama kwake kwava kwaari, nokushanda zvakaoma uye nokushanda kunorwadza. Hurongwa uhwu ndinohudana kuti “hurongwa hwenyika yakatukwa” hwokurarama. Uku ndiko kwatakakurira tose—muhumambo hwokungoraramawo uye nokutya. Takadzidza kunetseka, uye kutya kwakatonga pfungwa dzedu kubva tichizvarwa. Ndinoda kuzodzoka kuRugwaro urwu munguva pfupi iri kutevera kuti tikurukure zvakare nezvehurongwa hwenyika yakatukwa, asi ikozvino, ndinoda kuve nechokwadi chokuti manzwisisa kuti Satani akapinda sei munzvimbo yepasi. Zvakare, iye aifanira kuwana murume kana kuti mukadzi munzvimbo yepasi uyo akanga ane simba repamutemo raakapihwa naMwari munzvimbo yepasi kuti amuzarurire suo. Adhamu aiva nekiyi iyoyo, uye Satani akakwanisa kunyengera Adhamu kuti avhure suo iroro. Zvino, ngatitariseizve VaHebheru 2:7-8.

*Makamuita muduku zvisihoma kuvatumwa; makamushongedza korona yokubwinya nokukudzwa uye mukaisa zvinhu zvole pasi petsoka dzake.” Pakuisa zvinhu zvole pasi pake, Mwari haana kusiya chinhu chimwe chete chisina kuiswa pasi pake. Asi panguva ino hationi zvinhu zvole zvakaiswa pasi pake*

— VaHebheru 2:7-8

Cherechedzai kuti Rugwaro urwu rwunoti Mwari havana kusiya chinhu chimwe chete CHISINA kuiswa pasi pake. Kunyange zvazvo Rugwaro urwu rwuchitaura nezvechiitiko chekare, rwunos-handisa izwi rokuti *chisina* muchimiro chazvino kutsanangura chimiro chemunhu panyika. Kunyange zvazvo munhu akarasikirwa nemasimba ake omumweya munzvimbo yepasi kubudikidza nechivi chaAdhamu, munhu haana kurasikirwa nebasa rake repamutemo repasi pacharo, ndokusaka pakashandiswa shoko rokuti *chisina*. Nemhaka yechimiro chepamutemo icho munhu anacho pasi pano, uye nemhaka yesimba rapamutemo romumweya raSatani pavanhu, Mwari havagoni kungoti pindikiti munzvimbo yepasi ndokugura Shoko Ravo vomene nokuti kana naiye Satani wacho aizoti abirirwa.

Mwari vanofanira kuwana murume kana kuti mukadzi munzvimbo yepasi uyo achabvumirana Navo, izvo zvinozarura suo romumweya kuti Humambo hwaMwari huve nesimba pano. Sezvakaitwa naSatani kushanda nomuchengeti wesuo, Adhamu, Mwari zvino vanofanira kushanda kubudikidza nevarume nevakadzi, varindi vemikova vepasi, kuti vapeimba roHumambo pano. Kunyatsogutsikana nezvinotaurwa nedenga kunonzi kutenda. Kutenda kunofanira kuvapo kuti Humambo hwaMwari huve nohutongi pano. Handisi kuzotora nguva ndiri pano kutsanangura kuti mungawana sei kutenda kana kuti mungaziva sei kana muri

mukutenda. Zvose izvi zvakataurwa nezvazvo mubhuku rangu rokutanga munhevedzano ino. Nechinangwa chenhaurirano ino, ndinongoda kuita kuti muzive kuti kutenda chii uye nei kuchi-dikanwa kuti denga rifambe pano panyika.

Zvino, ndinovimba mava nokunzwisisa kuri nani kwechikonzero nei Jesu “aisakwanisa” kuita zvishamiso zvakawanda muguta rekwake—vanhu ikoko vakanga vasina kutenda. Nokudaro, denga rakanga risina simba repamutemo. Regai ndipedze nhaurirano iyi noRugwaro urwu rwunoratidza zvandiri kutaura.

Munhu wose akambonzwa nezvaVaRoma 10:10:

*Nokuti unotenda nomoyo wako ugoruramisirwa, uye unopupura nomuromo wako ugoponeswa.*

Rugwaro urwu chikamu cheinonzi mugwagwa weRoma nevaKristu, chikamu cheMagwaro mana anotiratidza kuti tingaponeswa sei. Asi makambomira here mofunga nezvemaitiro amuri kuratidzwa naVaRoma 10:10? Moyo wenyu ndiwo unotenda kuti mubvumirane nedenga. Moyo wenyu ukawirirana nedenga unoita kuti denga ripinde munyika. Rugwaro urwu rwunoti kana muchitenda denga, maruramiswa. Ruramiso kutonga kwomutemo. Saka kutenda mumoyo menyu kunokupai kodzero yepamutemo pamberi pedenga nenyika kuti muve nezvinotaurwa nedenga nokuti zvinopa denga hutongi panyika. Asi onai kuti hapana chinoitika. Pane chikamu chechipiri choRugwaro urwu: “...uye unopupura nomuromo wako ugoponeswa.” Munooni, kunyange zvazvo moyo wenyu uchigona kubvumirana nedenga, izvo zvinaita kuti denga ripinde panyika, hapana chinoitika kusvikira iwe, murume kana mukadzi panyika, uyo ane simba pamusoro penzvimbo yepasi,

aregedzera izvozvo munzvimbo yepasi. Sei? Nokuti ndimi mune simba pano; denga harivi naro pasina imi!

*Ndinokuudzai chokwadi kuti chose chamuchasunga pano pasi chichasungwa kudenga, nechamunosunungura pano pasi chichasunungurwa kudenga.*

— Mateo 18:18

Izvi zviri kunyatsotaura zvandabva kutaura nezvazvo. Chose chamuchasunga panyika, denga richatsigira, uye chose chamunosunungura panyika, denga richatsigira. Kudenga hakugoni kuzviita pasina imi. Denga rakakumirirai uye harigoni kuita chinhu kunze kwokunge murume kana mukadzi ari mukutenda kana ari muchibvumirano nedenga aregedzera masimba iwayo munzvimbo yepasi.

Kunzwisisa kusunungura masimba okudenga nesimba munzvimbo yepasi kunounza mutsauko wose. Kwakaunza mutsauko muhupenyu hwangu uye kwakaitazve mune tsamba yomumhepo inotevera yandakagamuchira.

“Kwaziwai! Ini nomurume wangu tinoda kukugoverai nyaya yo‘kuvhima kwokutenda’ kunoshamisa! Muna 2011, takanga tichigara ‘mumusha wedu wezviroto,’ asi tairarama nemari yataitambira uye dzimwe nguva tichishandisa makadhi edu echikwereti kutenga girosari uye noku[dziyisa] imba yedu. Takanga tichirarama asi tisingabudiriri. Ini ndaiva mutungamiriri wokunamata mukereke yedu, asi kutenda kwedu kwakanga kusinei nezvemari yedu. Ndakaona chirongwa chenyu, *Fixing the Money Thing* paDaystar, chakabata pfungwa dzangu, uye [ini] ndakatenga bhuku racho, *Fixing the Money Thing*, pamwe chete neCD reShanduko

*Mune zveHupfumi Hwenyu.* Taigara tichiteerera maCD aya tichiv-  
rengerana bhuku racho.

“Taisaziva kuti taisava mukutenda! Taiziva kuti kuti tichengete imba iyi yezviroto, taifanira kuva nemhinduro pamusoro penzira iyo mari yaishanda nayo muHumambo. Takadyara mbeu ye\$200 mu*Faith Life Ministries* (iyo ingangove [yaivezve] \$2,000. Yaive mari yakawanda kwatiri panguva iyoyo!) uye takabvumirana naMwari kuti vatiratidze bhizimusi ratingaitire pamba.

“Mwari vakatipa zano rebhizimusi rokurerana vana ve*Goldendoodle* pamba. Takatenga mbwanana mbiri dze*Goldendoodle*, Bella naGracie, tikadzirera kuti dzibereke vana ve*Goldendoodle*, uye takabatana naMwari. Taiziva kuti hataigona kugadzira vana vembwa!! Takarera ma*doodle* edu maviri, uye muna 2014, takanga tine mbwanana 13 ndokutengesa imwe neimwe nomutengo wepamusika we\$1,200. Gore rino, 2015, tava nembwanana makumi matanhatu nematatu, Dzose dzine hutano. Kubva mukutengesa mbwanana dzedu, takasununguka kubva pazvikwereti kunze kwechemba yedu chete. Zvakare taivewo nemari ye*emergency* iyo yakabhadharwa yose.

“Tisingazvitarisiri, amai vangu vakatibvunza kana taida kuti ma*Goldendoodle* avo maviri abereke nokuti vakanga vava kusiya basa! Mwari vakatiropafadza nemamwe ma*doodle* maviri emahara! Uye muna Chikunguru, murume wangu akakwidziridzwa basa pachikoro chedu chesekondari kuva *superintendent* wepo!! Mugore rimwe chete, mari yedu yakawedzera zvakaipetwa kaviri kusvika pahuwandu hwemanhamha matanhatu!! KUVHIMA NOKUTENDA KUNOSHANDA!!

Takapinda mumitemo yoHumambo hwaMwari. Zvino, tinodyara mumarudzi ose ebasa roHumambo uye tinopinda kereke yenyu pamhepo mangwanani eSvondo yoga-yoga tisati tatungamira

kunamata mukereke yedu! Ndatenda nokutidzidzisa kuti Humambo hunoshanda sei!”

— Karla

Vaviri vamwechetevo vakanditumirazve imwe tsamba yomumhepo svondo rino.

“*Easter* inofadza! Amuka! Taida kugovera mashoko edu kumufundisi wedu wepamhepo, Mufundisi Gary! Tapota muzivisei kuti takapemberera kuzvarwa kwaJesu muJerusarema gore rino (mari yakabhadharwa iri mari chaiyo).

Takakomborerwawo kuva nerubhabhatidzo rwemwanakomana wedu achiri kuyaruka, Carter, uyo akabhabhatidzwa muRwizi rwaJorodhani, uye manheru akanamata neHillsong Australia paGungwa reGarireya! E-ee!!! Tinotenda zvikuru kuti takagadzirisa nyaya yemari!

Zvino tava nembwanana zana nemakumi maviri neimwe. Takakwidza mutengo wembwanana kusvika pa\$2,300 nokuti mudungwe wevaive vakadzimirira wakanga wakareba! Rumbidzai Mwari.”

— Karla

Uyu muenzaniso wakakwana wezvichaitwa noHumambo muhupenyu hwenyu. Ndakachaira Karla runhare svondo rino mushure mokugamuchira tsamba yomumhepo iyi, uye akafara!!! Akati vachapedza kubhadhara imba yavo gore rino. Kana imi mukatarisa tsamba yomumhepo yokutanga yaakatumira, panguva iyoyo akataura zvinotevera (zvakatorwa kubva patsamba yomumhepo iri pamusoro apo):

“Tairarama nemari yataitambira uye dzimwe nguva tichishandisa makadhi edu echikwereti kutenga girosari uye noku[dziyisa] imba yedu. Takanga tichirarama asi tisingabudiriri.

Zvino, makore mashomanene azotevera, ichapera kubhadharwa here? Humambo!

# CHITSAUKO 3

## HUMAMBO NDIHWO MHINDURO YENYU

Zvino zvamava nenzwisiso huru yokuti Humambo hunoshanda sei nemitemo uye nemisimbotti isingashanduki, ndinoda kutanga kutarisa pamitemo ine chokuita nemari yenyu uye, pakupedzisira, kuzorora kwenyu.

Tisati taenda ikoko, ndinoda kutsanangura chikonzero nei ndakatumidza bhuku rino kuti *Simba Rokuzorora* uye zvandiri kureva neshoko rokuti *kuzorora* muchirevo chemari noHumambo. Zvinoshamisa ndezvokuti handini ndakatanga pfungwa iyi kana toreva nezvemari, asi ndiMwari.

*Naizvozvo matenga nenyika zvakaopera mukushongedzwa kukuru kwazvo kwose. Pazuva rechinomwe Mwari akanga apedza basa raakanga achiita; saka pazuva rechinomwe akazorora pamabasa ake ose. Uye Mwari akaropafadza zuva rechinomwe akariita dzvene nokuti pazuva iro akazorora pabasa rose rokusika raakanga aita.*

— Genesisi 2:1-3

Kutanga, regai ndijekese izvi: Mwari havana kuzorora pazuva rechinomwe nokuti vakanga vaneta. Mwari havanete. Vakazorora nokuti, sezvinotaura rugwaro, zvinhu zvose zvakanga zvapera uye vakanga vapedza. Vakasika munhu pakupera kwezuya rechitanhatu rokusika kuti ararama muzuva rechinomwe. Zuva rechinomwe rakanga risina pfungwa yokutya, pfungwa dzemararamiro, hurwere, uye kusina basa rinorwadza kana kudikitira kuti zvinhu zviwanikwe. Asi mifungo yaAdhamu yaizongova pana Mwari, mudzimai wake, basa raakatarirwa, uye nechinangwa chake. Zvose zvaaida kutsigira basa rake uye nohupenyu zvakanga zvakagadzirirwa kare uye zvaivepo; Hurongwa hwaMwari hwakakwana. Vanhu nhasi vanorota kuva nezvaiva naAdhamu, hupenyu husina kufunganya, vachikwanisa kuisa pfungwa pazvishuvo zvavo nohukama hwavo pasina kufunga kwavachawana zvinhu. Sezvineiwo, Adhamu paakapanduka, akarasikirwa negadziriro yaMwari, uye kubva ipapo, munhu akamanikidzwa kutsvaga (kushanda kunorwadza uye neziya) kuti ave nezvinhu zvohupenyu.

*Nokuti vahedheni vanotsvaga izvozvi zvose, nokuti Baba venyu vari kudenga vanoziva kuti munoda zvinhu izvi. Asi tangai kutsvaka humambo hwake nokururama kwake, uye zvinhu zvose izvi zvichapiwawo kwamuri.*

— Mateo 6:32-33

Mutoro wokuwana gadziriro mutoro unorema uye unovhiringa maonero anoita munhu hupenyu. Kukwezva pfuma, kusununguka kubva mukushanda kunorwadza uye neziya kuti pave neraramo ndizvo zvinorotwa nevanhu. Kuva mbozha pachako kune chirevo chinofungidzirwa kuti chinogona kudzikamisa kushushikana uye



nomutoro wokutsvaga waniso, zvichitibvumira kuti titarise pane chinangwa chatakatirirwa uye nebasu redu. *Lottery* inofarirwa zvakananyanya nokuti inopa pasina basa rakabatanidzwa pairi uye ipunyuko kubva kuhurongwa hwenyika yemari yakatukwa. Zvirongwa zvemhando dzose zvokupfuma-chimbi-chimbi zvinowanda uye zvinogara zvichipinda mumaemail edu uye nezvinyorwa zvepaFacebook. Zvino, maererano nezvemari yedu, tinofanira kupindura mubvunzo wokuti: Pane nzira yokudzokera nayo kuzuva rechinomwe here apo zvinhu

**MHINDURO DZOSE  
DZAMUNODA KUTI  
MUBUDIRIRE UYE  
MURAMBE MURI PABASA,  
ZVICHIKUTENDERAI KUTI  
MUWANE CHINANGWA  
CHENYU, DZIRI  
MUHUMAMBO.**

zvose zvinenge zvakanwana, zvakarongeka uye zviripo? Mhinduro huru ndiHONGU! Kuti izvozvo zvinoitika sei uye nokunzwisisa mitemo yoHumambo iyo ichaunza mhando yemhedziso idzodzo ndicho chinangwa chebhuku rino. Ndinoziva kuti neruzivo rwohupenyu rwamunarwo, kana nemakereke chaiyo uye kunyange nevaKristu, mose mungakakavara kuti zvandiri kutaura hazvigone kuva chokwadi, sezvo vaKristu vakawanda vakagamuchira dzidziso yokuti “hurombo hutsvene.” Asi ini ndinokuvimbisai kuti mhinduro dzose dzamunoda kuti mubudirire uye murambe muri pabasa, zvichikutenderai kuti muwane chinangwa chenyu, dziri muHumambo.

*Makaropafadzwa imi varombo, nokuti humambo  
hwaMwari ndohwenyu.*

— Ruka 6:20

Mhinduro yokuva murombo ndihwo Humambo! Iri ndiro Rugwaro rwokutanga urwo Mwari vakandiratidza pavakatanga kundidzidzisa mutemo woHumambo wezvemari. Hongu, kuti mubate pfungwa iyi, maifanira kutanga maziva zvinorehwa nepfungwa yohumambo, iyo yandatotaura. Uye ndinofunga kuti munofanirwa kuva nokunzwisisa kwakajeka kwechaizvo zvakaitika kuBindu pakatadza Adhamu. Nokudaro regai nditore chinguva chokukurumidza kutaura nezvazvo.

Pakutanga, Adhamu naEvha vaisanetseka pamusoro pechinhu chipi nechipi zvacho; paive pasina hurwere uye pasina nyaya dzewaniso dzaidya pfungwa dzavo zuva roga-roga. Zuva nezuva, chavaingofanira kufunga nezvacho waiva mugove wavo wokuda Mwari, kudanana, uye kutarisira pasi uye neBindu ravakapihwa naMwari. Kutya kwaive kusipo zvachose muhupenyu hwavo. Asi Adhamu paakapanduka, zvinhu zvole zvakashanduka. Sezvandambotaura, Satani akava mwari wenyika ino, munhu akagurwa kubva kuna Mwari, uye Mwari vakagurwa pakuva nesimba repamutemo pamunhu. Adhamu akakatyamadzwa mune chokwadi chitsva chokuti hupenyu hunoshanda sei. Zvakare, heano mashoko akaudzwa Adhamu naMwari mushure mokunge atadza.

*Ivhu rakatukwa nokuda kwako; mukushanda kunorwadza, uchadya zvibereko zvaro mazuva ose ohupenyu hwako. Richakuberekera minzwa norukato, uye uchadya miriwo yomusango. Neziya rechiso chako uchadya zvokudya zvako kusvikira wadzokera kuguruva.*

— Genesisi 3:17

Kushanda kunorwadza, kudikitira, kutya, kufunganya, uye

nepfungwa dzokurarama ikozvino zvinopedza pfungwa dzaAdhamu naEvha. Donzvo ravo, iro rakanga riri zano raMwari nokuda kwavo, zvino rarasika mumujaho uye muhondo yokupukunyuka. Basa rakanaka raAdhamu nechinangwa chake zvose zvamedzwa nokufunganya kwohupenyu uye nokudikanwa kwokuwana zvinhu kunoitwa. Anotadza kuona zvaari. Chinangwa chaanogona kuona chete ndechokurarama, izvo zvinoda kushanda nesimba uye neziya nguva dzose. Kubva pazuva iroto kusvika zvino, hapana zvakanwanda zvashanduka.

Nhasi, somufundisi, ndinoona kuti mubvunzo mukurusa unobvunzwa nevanhu ndounoti, “Chii chandinofanira kuita nohupenyu hwangu?” Chikonzero chavanobvunza ndechokuti panyika pano kubva kuna Adhamu, kutsvaga waniso ndicho chinangwa chinoyerwa nacho zvimwe zvose. Sarudzo dzinowan-zoitwa pahwaro hwemari uye kwete pachinangwa. Mari uye nezvainodiirwa zvinogona kumanikidza vanhu kutora mabasa avanovenga. Kutura zvazviri, vanhu vazhinji havazivi kuti ndivanaani chaizvo. Nyorai izvi pasi, “Kusvikira maziva Mwari, hamufe makaziva kugadzira kwavakaita hupenyu hwenyu. Ndivo vakakusikai.”

Vanhu vane nzara yokuda kuziva kuti ndivanaani. Munyika vanoita sevanongowedzerawo huwandu, asi kuna Mwari, zvisikwa zvakasarudzika uye zvakasiyana zvine hunyanzvi nokugona izvo zvisina mumwe munhu. Asi nemhaka yokuti havazivi Mwari uye, nokudaro, havazvizivi pachavo, vanotsvaga hukoshi hwavo munzvimbo dzose dzisidzo. Vanobvumira tsika kuti dzitaure kukosha kwavo nokugamuchira zvinotaurwa netsika. Asi mufananidzo unoratidzwa nevezvenhau uye negirazi retsika zvose mimvuri inoshanduka-shanduka. Panguva yamunofunga kuti muri kuita maererano nezvazvinoti zvinogamuchirika, munoona kuti zvinenge zvatoshanduka uye munenge matova kumashure.

Ndinoyeuka ndiri muParis uye ndichifamba mumugwagwa naDrenda. Paris, hongu, inozivikanwa nembatya dzakanakisa; uye mbatya dzaikurumbira gore iroro dzakanga dziri dzichena uye nedzitema. Mafafitera ezvitoro zvose aive akazara mbatya dze pfumbu (*grey*) nedzitema. Sezvandakatarira mumugwagwa, kumativi ose ari maviri, ndaiona mazana evanhu achifamba. Ndakarohwa nehana ndichiona pasina kana rumwe ruvara zvaro. Munhu mumwe nomumwe, pasina anosara, akanga akapfeka mbatya dze pfumbu nedzitema. Paive nemazana nemazana evanhu asi vose vaingotaridzika zvimwe chete. Ndeipi nguva yokupedzisira mumwe munhu akakuudzai kuti ruvara rwaanofarira rwaive rwe pfumbu? Asi zuva iroro, ruzhinji rwevanhu rwaive nechokwadi chokuti rwaifarira pfumbu kana nhema.

Nokuti chimanikidziro chokuwana zvokurarama nazvo chakanyanyisa uye chinotsveyamisa zvatiri chaizvo kutiita kuti tiende kune chero zvatinofunga kuti zvichatibatsira kuzviwana uye kuti tizogamuchirwa, Ini naDrenda takatanga chirevo chatave tichi-paridza kwemakore chinoti: “Kana mukasagadzirisira nyaya yehomwe, hamufe makasvika kwamakatarirwa!” Kuve nhapwa yokungorarama kunopa nguva shoma yokuferefeta kana yokugadzira sarudzo dzakawanda. Chokwadi ndechokuti, sokugovera kwandakaita, kazhinji vanhu vanoita sarudzo dzavo pachinangwa chokutsvaga kana chokuunganidza zvinhu. Vanosiya chido chavo kuti vangove chete nomuhoro wepamwedzi uye vanosiya chiono chavo kuti vangove vanowana zvokurarama nazvo. Chokwadi ndechokuti takamani-kidzwa zvakananyanya nepfungwa yedu yokushanda kunorwadza uye neziya yokuda kurarama tikabva tarega zvedu kuva nezviroto. Kutya kunobata zviroto zvedu, uye kushaikwa kwezvinhu zveraramo kunoisa zviroto zvedu muhusungwa kuti zvisave zvinogoneka.

Ndinoyeuka apo chishuvo changu chakanga chiri chokungova nemari yepeturu yakakwana yokusvika kumba, tisingatauri chimwe chinhu chinoshandura hupenyu. Mumazuva iwayo, munzira mangu maisaratidza kuva nezviratidzo zvakanaka. Kungobhadhara cheki yerendi yepamwedzi kwakatora fungidziro yose yandaigona kuita. Ndinobvuma kuti zvakaoma kuona uchigona kuwana zvinhu zvinodarika zvokungorarama nazvo bedzi kana iwe panguva iyoyo uchitamburira kuwana zvokudya kana kuti uri kunetsekana nemari.

Apo Adhamu akapa Humambo, nyika itsva yose yorufu, kutya, kungoraramawo, uye nokurohwa nehana zvakatora hupenyu hwake. Ndine chokwadi chokuti tose tinoziva kuti kutya kunonzwika sei. Ndinoyeuka nyaya dzisingaverengeki dzomuhupenyu hwangu pachangu dzokutya nokunyara sezvandakatambura nedambudziko remari kwemakore mapfumbamwe azere, pakupedzisira ndichizova nemapanic attack, uye kurarama nemishonga inoderedza kushushikana. Kurarama muhurongwa hwenyika yakatukwa hwokurarama kwakatirovedza tose kumurangariro wakashata wohupenyu. Vamwe vanozvitora kana kuzvigadzirisa nenzira iri nani kudarika vamwe, asi pasina Kristu, iyi pfungwa isina kunaka inogara ichitiudza kuti hatina kunaka zvakanwana.

Makambonzwa mumwe munhu achiti, “Usanyanyoisa tariro mazviri”? Ndichikura, kana ndaimbofarira chimwe chinhu icho baba vangu vaifunga kuti upenzi, ndeapo vaiti, “Uchakura nerimwe ramazuva.” Nokuda kwazo, kazhinji handina kuzvibvumira kuva nechiroto chechimwe chinhu kunze kwezvaidiwa nababa vangu. Ndinodavira kuti baba vangu vakanga varwadziswa nokukurira mumhuri yaive yakapindwa muropa nedoro, uye izvi ndizvo zvavai-fanira kuita vachikurawo.

Kutaura chokwadi, isu tose tanga tiri nyanzvi dzinonetseka

kubva pakuzvarwa. Kutya ndiwo mutauro unozivikanwa munyika yose. Kana mukamira mofunga nezvazvo, shoko rokuti *kwete* rakagara richidzika matiri kubva panguva yatakazvarwa. “Kwete, haugone kuva nazvo.” “Kwete, dzosera izvo.” “Kwete, haugone kuenda ikoko.” “Kwete, haugone kuzviita.” Pakupedzisira tinozongomira kuti “Hongu” kune chero chinhu kunze kweapo panova nechiitiko chinoshayisa pfungwa dzedu simba kumamiriro edu chaiwo, sokudya chikafu chatinofarira chakawandisa chinova chinotinyaradza.

Imwe ongororo inofungidzira kuti mwanawo zvake kana achikura anonzwa shoko rokuti *kwete* kana kuti *usadai* ka148,000, zvichienzaniswa nezviuru zvishoma zvemashoko okuti *hongu* zvaanonzwa.<sup>4</sup>

Ndichangobva kuita musangano wedu wepagore weWaniso, uye ndakaisa pachikuva Ferrari ya2017, motokari inoyemurwa zvehokwadi. Muridzi wemotokari iyi anopinda kereke yangu uye akabhadhara mari yayo iri mari chaiyo yakawana, yaisvika \$400,000. Paipinda vose vaivepo, vaiyeva vakaitarisa; vose vakaitarisa, vachida kunyatsoionera pedyo. Asi kunyange zvazvo vose vaiyemura motokari yacho, handina kunge ndaiisa ipapo kuti ndikurudzira mararamire epanyama ehumbozha asi, panzvimbo pezvo, pane chidzidzo chandaيدا kuvadzidzisa. Vanhu vakaungana vakatenderedza motokari iyi, vose vachiti vaida kuitiyaira.

Ndakaziva kuti dzidziso yokuti “kwete” yomuhurongwa hwenyika yakatukwa inorwadza, yokushanda kunorwadza uye neziya yavakanga vagamuchira, yakanga ichishevedzera nokusaziva kuti, “KWETE, haumbofi waita motokari yakadaro! Kwete,

<sup>4</sup> “Becoming a Yes Mom,” <http://www.babyzone.com>.

haungambokwanisi kuitenga; usatombozvifunga zvako.” Nokuda kwa“KWETE” wavakadzidziswa, isu tose takave nazvo, vazhinji vavo havana kumbobvira vafunga kuva neFerrari nokuti pfungwa dzavo dzaisagona kuiona kana kuigamuchira. Zvisinei, dai ndairamba ndichishandura motokari awa imwe neimwe, kubva pane ine mutengo wepamusoro-soro kusvika pane ine mutengo wepasi-pasi, pakupedzisira, ndaizova nemotokari pachikuva yavai-funga voti, “Motokari iyo ndinoida; Ndinofanira kuyanayo.”

Musiyanano uri papi? Zvose zvaingove pakuzviona kwavaizviita, kugona kwavo, uye nomutengo wemotokari. Hongu, panogona kunge paine vashoma vaizviudza kuti, “Ndichave muridzi wemotokari iyoyo nerimwe ramazuva,” kana kuti zvichida kwaiva nevanhu vaiva nemari uye vaiona motokari yacho neimwe nzira. Asi ndine chokwadi chokuti kuruzhinji, kuva muridzi wemotokari yakadai kwaisatombove mundangariro dzavo. Mbozha yakab-hadhara mari yemotokari iyi ine maFerrari matanhatu. Mukufunga kwake, ingori motokari huru. Paakaona motokari, akangoisa mupfungwa kuti ave nayo uye akaita nzira yokuitenga kubva kuItaly, uye nokuita kuti iendeswe kumba kwake kuU.S. Zvakanga zvisina kumuomera kuita maererano nechiono chake nokuti akanga ane homwe yacho. Heino kiyi yakakosha yokuzorora—waniso chiono.

## **Kiyi Huru:**

### **Waniso Chiono**

Pasina waniso hapana chiono; pane kungorarama bedzi. Hurongwa hwenyika ino yakatukwa hwakaba zviroti zvedu neramangwana redu. Ndinoziva kuti iyo Ferrari yaive mufananidzo

wakadzama asi yakaburitsa pfungwa yangu. Vanhu vaivepo havana kana kumbozvibvumira kuona vaine motokari yakadaro nokuti vaiiona sokuti haigoneke. Kudai vakazvibvumira kunyange kwechinguvana kuzviona vane yakadaro, kurovedzwa kwavakaitwa muhurongwa hwenyika yakatukwa kwaidanidzira kwavari kuti, “Kupambadzwa kwemari kwakadini uku!” Asi ko dai manga muine madhora mabhiriyoni makumi maviri nemashanu emari muakaundi menyu (ndiri kungoda kubuditsa pfungwa yangu)? Motokari iyoyo yaiita seyakaderera, zvokuti maiitenga kuti mungoishandisa pakupera kwevhiki. Zvose zvine chokuita nemaonero, uye sezvo Shoko raMwari richiti chipikirwa chose chaMwari ndi, “Hongu” uye “Ameni (ngazvive saizvozvo),” maonero enyu ezvinhu anofanira kushanduka kuti ave anofunga sokufunga kunoita Mwari.

*Nokuti hazvinei kuti Mwari akativimbisa zvinhu zvizhinji zvakadii, zvose i“Hongu” muna Kristu. Uye kubudikidza naiye tinoti “Ameni” kuti Mwari akudzwe.*

— 2 VaKorinde 1:20

Maererano neduramazwi, tsananguro yemaonero ndeyi: mafungire kana maonerwo echinhu; mafungiro, chimiro chechirevo, kana dudziro. Maonero ndiwo mafungiro amunoita nezvechimwe chinhu.

Heino pfungwa yandinoda kuti mufunge nezvayo. Asati akundwa naSatani, Adhamu aive muchinda. Naizvozvo, kudai maizomuona pashure pokuwa, maizoonza murume akashanduka, ari murombo uye ane mhuri yakaipa (Kaini, mwanakomana wake, akauraya munin’ina wake, Abheri), uye chaizvoizvo maisazoda kumupa mukana wokuva chero ani. Asi chamusina kuona ndechokuti aive



nohumambo muropa rake. Kunyange zvazvo musina kumuona ari munzvimbo iyoyo, akanga atosikirwa kuti atonge uye atonge muhupenyu huno. Chokwadi chimwe chete ichi chinoshandawo kwamuri. Hamugone kungozvipima pachenyu maererano nekwa-munogara, zvamunazvo, uye nemamiriro ezvinhu amuri ikozvino, uye mobva matotonga zvamunogona. Munofanirwa kutarisa kugona kwenyu kwamakasikwa nako.

Ndinoyeuka pandakanga ndichitarisana nemamiriro ezvinhu akaoma, uye ndakanga ndichitarisana nezvimwe zvinhu zvikuru zvairatidzika kuva zvakakura kundipfuura. Ndakanga ndatarisana nedzimwe sarudzo dzaizotora mari yakawanda kupfuura yandaiva nayo. Ndakanzwa kuti ndaiziva zvandaiudzwa naMwari kuti ndiite, asi ndakanga ndichiri kungotya kusvetukiramo. Ishe vakandipa hope panguva iyoyo. Ndakanga ndiri pabhiza pamusoro pechikomo. Ndakanga ndakabata bakatwa muruoko rwangu. Pazasi pegomo pakanga pane mazana, kana zviuru zvevarwi vakanga vakatasva mabhiza, vane minondo yavo yakandinanga; Ndakanga ndiri ndoga pachikomo ichocho uye chokwadi vaindikurira. Izwi romuhope dzangu rakataura mazwi aya, “Usazvitarisira pasi, Gary!” Ipapo ndakasimudza bakatwa rangu ndikatanganga kumhanyisa bhiza rangu ndichidzika mugomo ndakananga kumuvengi, uyo panguva ino, achiona kurwisa kwangu, akange okwidzawo gomo achiuya kwandiri akasimudza minondo yake. Ndichiteremuka kudaro ndakananga kwaari, ndakadanidzira nenzwi guru, “*THOR!*”

Pandaka pepuka, ndakaziva kuti ndiIshe vaitaura neni

**MAONERO ENYU  
EZVINHU ANOFANIRA  
KUSHANDUKA KUTI AVE  
ANOFUNGA SOKUFUNGA  
KUNOITA MWARI.**

vachindikurudzira, asi handina kuziva kuti izwi rokuti *Thor* rairevei. Ndine murume mukereke mangu akava mufundisi kwemakore makumi matatu uye akadzidza mitauro yakawanda. Ndakamubvunza kana aiziva zvazvaireva achibva andiudza kuti aizozviongorora. Akandichaira runhare mangwana acho akati *Thor* zvaireva mwanakomana wokutinhira. Ndakamutenda ndikashamisika nezvandaiudzwa naShe. Kumuvengi, ndinonzwika sokutinhira! Kunze kwokunge ndaudza dhiabhoru kuti ndine hutera sei, pandinotaura, zvinonzwika sokutinhira (simba) kwaari.

Muna 2010 ndakanga ndichiparidza paMusangano wedu wokutanga weWaniso uye ndaitaura nyaya iyoyi. Pandaitaura nyaya yacho, ndakapedzisa nezvayo Ishe vakandiudza muchiroto, “Muvengi paanokuona uchiuya, Gary, kwaari unonzwika sokutinhira. Panguva iyoyo ndakati, “Unonzwika sokutinhira,” kwakava nokuombera kwakatinhira mumhepo. Kwakanga kusinganayi, kwakanga kwaane nguva kusati kwambova nokutinhira, uye ndiko kwaiva kuombera kwoga kwakanzwikwa husiku hwose. Vanhu vaivepo husiku ihwohwo vakarohwa nehana. Asi hapana akafara nazvo seni sezvo ndaiziva kuti ndiIshe vaiisa “AMENI” Yavo pane zvandaitaura sezvazvaiitwa kuvana Vavo vose. Zvisinei, makamera echivhitivhiti aifamba husiku ihwohwo, uye kana imi muchida kuona chiitiko ichocho munogona kuenda kune *link* iyi: <https://youtu.be/rtx1XYJGIag>.

Zvino heino pfungwa yamunofanira kunzwisisa.

### **Nhapwa hadziroti zviroto zvikuru!**

Nhapwa dzinorota nezvei? Kumira, ndizvozvo. Dzinorota nezvenguva dza5:00 sezvadinoramba dzakatarira zvingazuva

zvadzo mukati mechidimbu chechipiri chezuva, dzichida kumira ndokusiya basa. Dzinorota nezvezororo, dzinorota zvokurega basa, dzinorota dzine mari kuti dzigone kumira. Nhapwa dzinorota kumira, kwete kugadzira rimwe basa! Mafungiro kana maonero ohuranda haatangi kana kugadzira rimwe basa; anotsvaga nzira yokubuda nayo pabasa. Nhapwa inenge yatokurirwa uye haioni mikana inopfuura nepairi zuva nezuva.

Kuti muve musoro kwete muswe, pfungwa dzenyu dzinofanirwa kushanduka kubva pahutapwa kuenda pakuva muridzi uye mugadziri. Munofanira kutanga kurota zvakare. Munofanirwa kuona kupfuura zvamunofunga kuti muri, nokuti kunyange mumeso enyu zvichiita somune hutera, kuna dhiabhozi munonzwika sokutinhira. Mune ropa rohumambo muropa renyu, uye munongoda kufunga nokuita saizvozvi.

Ndine shamwari yangu ine mamiriyoni akawanda. Ane dzimba zhinji dzakaisvonaka, dzose dziri pagungwa kana kuti panyanza. Rimwe zuva pandakamushanyira, takanga tichifamba tichidzika nechiteshi chemagwa pakati pemagwa. Pataidarika rimwe nerimwe remagwa, aindisuma nezvemuridzi waro. Ndichakupai muenzaniso wokuti hurukuro yakanzwika sei, asi ndiri kungoshandisa mazita asiwo sezvo ndisingachaarangiriri. Zvino nhaurirano yeshamwari yangu yakanzwika sezvizvi: “Igwa iri ndera Billy Smith, muridzi we *Ohio Medical Services*. Igwa rinotevera iri ndera Johani Rogers, muridzi we *Rogers and Rogers*, kambani yemagweta. Rinotevera iri ndera Ralph Tidewell, muridzi wechitoro chakanaka cheshangu chiri mu *High Street*.” Sezvataifamba mumutsara wemagwa, uye pashure pokupfuura anenge 20 awo, ndakaona kuti rimwe nerimwe rawo rakanga riri romumwe munhu aiva nebhizimusi. Hapana igwa rimwe chete zvaro raiva raJoe zvakewo hake anoshanda

kubva nenguva dze pfumbamwe kusvika dzeshanu somushandi anotengesa *maice-cream* mumugwagwa. Hezvino, handisi kupokana nokushanda muchitegesa *ice-cream* mumugwagwa uye handisi kupokana nokuva mushandi, zvisinei, kazhinji kacho hako. Ndiri kungokupai muenzaniso wemhando dzevanhu vane pfuma.

Ndapota nyatsoteererai zvandiri kutaura. Hazvisi pamusoro pemari yavainayo; asi ndezvemafungiro avainawo. Musatora zvinhu nenzira yakapidiguka. Vanhu vazhinji vangati, “Ndinoshuva kuti dai ndine mari yakadaro.” Zvavanofanira kunge vachitaura ndezvokuti “Ndinoshuva kuti dai ndafunga sezvavanoita!” Vane maonero akasiyana ohupenyu uye aivo pachavo.

Mhuri dzakawanda hadzimbowani mari yaizonzi imari yakawanda. Ongororo yazvino inoti 51% yevashandi vomuAmerica vanoita mari isingasviki \$30,000 pagore.<sup>5</sup> Chidimbu chepakati kudarika chenyika yedu chinoita isingasviki \$30,000 pagore?! Kana uri mumakore ako okuberekwa okumakumi maviri, uchangotanga kana kuti uri pachinzvimbo chaicho nokuti unoda chaizvo kuva kumusoro, uye kana mari isiri pamusoro pezvinyorwa zvako zvaunoda kuva nazvo, zvakanaka, asi ndinoziva kuti handizvo zvazviri kune chinopfuura chidimbu chepakati chenyika yedu. Ndinoziva kuti vanoda mari yakawanda. Vimbai neni, mumakore angu 36 okuva mubasa rezvemari, ndanga ndiri muzviuru nezviuru zvedzimba, uye ndakazvionera. Zvino sei vasina mari yakawanda yavanowana?

Musati matanga kupopota nokuda kwokusanaka kwohupenyu kana kuva makabatwa mazviri, kana zvimwe zvisina maturo, ndinokuzivisa kuti imhaka yezvikonzero zviviri. Chokutanga, vari mumusungo womuhurongwa hwenyika yakatukwa yohurombo uye havazivi nezvoHumambo hwaMwari nemisimbati Yavo

yewaniso. Chechipiri, vane kufunga kwakashata, zvakare vane kudzidziswa kwohurongwa hwenyika yakatukwa kwavakaitwa, uye havaoni nzira yokubuda nayo kunyange mumwe akavati ba kumeso chaiko. Sezvandanga ndichigovera chaizvo, nhapwa dzine pfungwa dzohuranda. Hadzioni mukana padzinenge dzichitsvaga kuzorora. Ngatitarisanei nazvo; pasina mhinduro chaidzo, vanhu vanorasikirwa netariro.

Regai ndikupei muenzaniso wandinoshandisa mumasemina angu. Ngatitii ndakuudzai kuti ndinogona kugadzirisa matambudziko emari enyu ose mumutsara mumwe wakareruka. Torai penzura nebepa renyu nokuti ndichakuvimbisai kuti iyi ichava mhinduro yenyu. Matora here? Zvakanaka, hezvino izvi: itai mamiriyoni mashanu emadhora gore rino. Pandinotaura izvi kudaro ndiri pachikuva, munhu wose anotanga kuseka. Asi sei vachiseka? Nokuti havazvioni vachiwana mari yakadaro, uye havazvioni zvichigoneka kuti vaigona kuita mari inosvika mamiriyoni mashanu pagore.

Ndinobva ndavaudza kuti havazombofa vave nezvavasingaone.

Ndobva ndadzokorora chiitwa, asi panguva ino ndinoramba ndichidzikisa nhamba: \$200,000, \$100,000, \$70,000, kana \$40,000 pagore. Pakupedzisira, ndinovati, “Ndichauya kune imwe nhamba yamuchati, “Zvakanaka, zviri nyore. Ndinogona kuzviita.”

Ndinobva ndavaudza imwe nyaya. Ngatitii ndiri muzvinabhizimisi akapfuma mubhizimusi rokutengesa kunze. Ndinoda kutumira mabhora kuChina, uye ndinoda rubatsiro rwokuarongedza mungarava kuti atakurwe. Ndinovaudza kuti ndichavabhadhara \$500 pabhora roga-roga ravanokwidza ndichifunga kuti vanogona kurongedza mabhora mazana maviri pazuva, izvo zvaizovawanisa mari inosvika zviuru zana zvemadhora

pazuva. Ndingada kuvapawo kondirakiti yegore rimwe chete yokurongedza mabhora pamari imwecheteyo. Zvino, kana ndaivaudza kuti vaifanira kuita mamiriyoni mashanu emadhora mumwedzi gumi nemiviri, mhinduro yavo yaizova yokutii? “A-aa, zviri nyore izvi, hazvina dambudziko, unogona kuita mamiriyoni mashanu nyore-nyore pamwero iwoyo.

Musiyano waive papi? Hurongwa, ndizvo chete. Hurongwa hunounza mutsauko wose. Mwari vakakuitai vanoziva hurongwa, uye chamunongoda chete kuhunzwa. Ndizvo zvakaitawo Humambo hwaMwari. Apo Mwari vakandipa chiroto chokutanga bhizimusi iroto ndokundiraidza maitirwo aro, mari yangu yakanga isati yashanduka—asi nechomukati ndaidanidzira ndichiti, “Izvi zviri nyore! Matambudziko emari angu apera; Ndine hurongwa!”

*“Nokuti ndinoziva hurongwa hwandinahwo pamusoro penyau,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “hurongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, hurongwa hunokupai tariro neramangwana rakanaka.”*

—Jeremia 29:11

Mwari vane hurongwa hwokuti mubudirire! Kana mukangoona kuti Mwari vane hurongwa hwokubudirira kwenyu, hondo yapera! Inzwai, kugadzirisa nyaya yehomwe hakuna kuoma zvokudaro. Waniso chiono! Zviri nyore chaizvo. Mhinduro yokusava negirosari kuva negirosari. Mhinduro yokudiwa kweimba huru, imba huru. Mhinduro yemotokari inovimbwa nayo ndeyekuva nemotokari inovimbwa nayo.

Ndinoziva kuti ndiri kutaura ndichishandisa mashoko anoita sezvine musoro, kunga zvisina, asi ndakatyaira motokari yakaparara

kwemakore. Maitondiona ndichiri chinhambwe kure kuuya nokuti ndaisiya chiutsi kwose kwandaienda. Ndinoziva kutambudza kunoita motokari ine dambudziko kana muchida kuenda kune imwe nzvimbo. Ndinozivawo zvazvinoita kupinda muchitoro chemotokari uye kubhadhara mari yemotokari itsva. Munoziva chii? Hapasisina kushushikana, hapasisina kunetseka. Sei? Nokuti zvandinoda zvakazadziiswa uye ndine rugare. Ndinogona kuchitarisa pane chandinofanira kunge ndiri kuita pane kutarisana nedambudziko remotokari.

**SOMUGARI WOHUMAMBO,  
MUNE KODZERO  
DZEPAMUTEMO, UYE  
MUTEMO WOGA-  
WOGA NEMISIMBOTI  
ZVINOWANIKWA KWAMURI.**

Chokwadi chiripo ndechinoti, vanhu vazhinji vanotarisa nenyaya dzemari chaidzo zvokusvika pakufunganya kwenguva yakawanda yohupenyu hwavo. Vanogona kunge vari kushanda kwemaawa akawanda vachiedza kurarama kuti vasaone kuti havana hupenyu. Shamwari yangu, uku hakusi kuda kwaMwari muhupenyu hwako.

Sezvandambotaura, vanhu vanosiya zviroti zvavo uye nezvido zvavo kuti vangowane muhoro pamabasa avanozvidza. Varanda kazhinji havasi vanhu vanofara kwazvo! Sezvineiwo, imomu ndimo munogara vanhu, vasingafadzwi nekwavari muhupenyu, vachisvotwa, uye vasina tariro. Asi pachokwadi, mafungiro avo akati tsaukei zvishoma kubva kurusunguko rwavo, kana kuti sezvandamboreva, kukuva nohurongwa.

Regai ndikupei muenzaniso wohupenyu hwangu. Vazhinji venyu munoziva kuti ndinoda kuvhima nokuredza hove, kuchovha mabhasikoro uye nokukwira makomo, chero chinhu chinoitirwa kunze. Ndakakurira muOhio munharaunda duku yevarimi mune

inozivikanwa se*Plain Township*. Yakanzi *Plain Township* nokuti, sezvamungafungidzira, yaive yakati sandara. Chokwadi, izvozvo zvakanga zvakanaka kuvarimi, asi yakanga isiri nzvimbo inokwezva zvikuru. Ndakanyoresa kumamagazini ose okuvhima neokubata hove andaigona, *Outdoor Life, Sports Afield, Field & Stream*, neamwe. Ndaiverenga nyaya huru dzezvokuredza nokuvhima musango, dzemakomo akanaka ari kumadokero uye nedzemakomo akasvibira e*Appalachian Valley* ayo aive kumabvazuva kwangu andaigona kusvika kwaari neawa imwe chete. Asi handina kumboshanyira nzvimbo idzodzo. Ndaive nemakore makumi mana asi ndisati ndaona gomo rangu rokutanga.

Sei? Ndakanga ndine mari yokufamba, ndaiva nemotokari yangu, *Interstate I-70* inodarika nomuguta rokumusha kwangu, uye kuenda kumadokero inopfuura nomu*Rocky Mountains*. Asi chokwadi chenyya ndechokuti handina kumbofunga nezvokuendako kana kuzvibvumira kufunga kuti, “Ndichaendako rimwe ramazuva.” Ndakayemura nzvimbo idzodzo kubudikidza nemifananidzo inopenya yemagazini asi handina kumbofunga nezvokuendako.

Nzvimbo idzi dzaigona kuve dziri kumwedzi sokufunga kwangu; zvakanga zvisingambogoneki mupfungwa dzangu. Pandakanga ndava nemakore makumi mana uye ndikazotyaira ndakananga kumadokero, handina kukwanisa kutenda zvandakanga ndarasikirwa nazvo hupenyu hwangu hwose. Iye zvino, ndinofanira kuenda kugomo kanenge kamwe chete pagore. Shamwari, kune zvakawanda kunze uko kupfuura zvauri kuona izvozvi. Muri zvinopfuura zvamuri kuona iye zvino! Pane maonero ane musiyano kuhupenyu amunofanira kuona nokuziva.



**Maonero enyu anoshanduka pamunotanga kunzwisisa uye nokudzidza mashandiro anoita Humambo hwaMwari uye neizvo Humambo hwaMwari hunoti munazvo nechekare!**

*Saka, hamuchisiri vatorwa kana vaeni, asi vagari pamwe chete navanhu vaMwari uye mava veimba yaMwari.*

— VaEfeso 2:19

Somugari woHumambo, mune kodzero dzepamutemo, uye mutemo woga-woga nemisimboti zvinowanikwa kwamuri. Iri ndiro raive dambudziko rangu naDrenda. Kunyange zvazvo tiri vaKristu uye tichida Mwari, taiva vagari vomuHumambo hwaMwari vasingazivi mitemo nemisimboti yoHumambo. Nokuda kwemaonero edu akaganhurwa atakapihwa nohurongwa hwenyika yakatukwa, takanga tisina zvirototo. Asi ruzivo isimba.

Somuenzaniso, mudare redzimhosva, chibvumirano chebvumirano yakanyoreranwa pasi chinoratidza kuti mune kodzero yepamutemo yokugara mumba menyu. Kuziva kuti kune gwaro rakanyoreranwa pasi uye nokuwana kururamisira kwokuve nechokwadi chekodzero yenyu yepamutemo yokugara muimba iyoyo kunokupai rugare uye nokuzorora. Nenzira imwecheteyo, kuziva izvo Mwari vanotaura uye izvo Humambo hunahwo nokuda kwenyu kunokupai chivimbo chokuwana chinhu chose chinova chenyu pamutemo.

Somuenzaniso, kubudirira kwomurimi kuri papi? Pamari here? Kwete. Pambeu yaanodyara here? Kwete. Ndirwo ruzivo rwaanarwo rwemitemo yokudyara nokukohwa. Pasinei nokuti angava murombo sei, anoziva nzira yokuva nayo mupfumi. Anongopinda mumitemo

yepasi pano iyo Mwari vakagadzira. Nzira yokudyara nokukohwa inogona kuberekerwa yaberekarazve murimi.

Anonzwisisa mitemo yokukohwa uye anovimba nayo zvizere. Anodyara mbeu inokosha zviuru zvemadhura muvhu, zvakadaro, haaty. Hamuwani murimi akati go pedyo netarakita yake kana adyara mbeu yake achichema mari yose yaakakanda muvhu. Kwete, haachemi pamusoro pomutengo wembeu. Achava nechivimbo nemitemo inotonga zvinhu zvakasikwa. Angakuudzai here kuti mbeu inokura sei? Handifungi kudaro, asi anogona kukuudzai kuti ari kutsvaga imwe nzvimbo yokurima. Ndizvo zvimwechetezvo nemi neni. Hatigoni kufarikanya muhupenyu hwatakarongerwa naMwari kuti tirame kunze kwokunge tichiziva mitemo yoHumambo uye tichivimba nayo.

Imwe yenyaya dzinofadza zvikurusa dzatakaona mumazuva iwayo apakutanga yakaitika apo ndakagamuchira runhare kubva kumurume wandinodana kuti “Don,” akanga achitarisana nezvinetso zvemari zvakakomba. Akanga anzwa kuti ndaibatsira vanhu nemari dzavo.

Pandakatanga kusangana naDon, akanga auya kuhofisi yangu akaora moyo zvikuru uye aine zvikwereti. Panguva iyoyo hapana chairatidza kuti chaifamba zvakanaka muhupenyu hwake. Pandakagara pasi ndikataura naye, ndakaona kuti akanga anonoka kubhadhara mari yake yemba yaaigara nemwedzi mitatu kana mina uye nezvimwe zvinhuzve zvaafanira kuterera. Pakanga pane nyaya dzewanano—mudzimai wake akanga aneta nemamiriro avo emari uye akanga atanga kusaremekedza Don sezvo akanga asingakwanisi kumuriritira iye navana vavo vashanu. Chokwadi ndechokuti Don akanga arasikirwa nokuzviremekedzawo pachake. Uye aive azere nemibvunzo.

Basa rake raisanganisira kutengesa mainishuwarenze ohutano mudunhu rose reOhio, asi kusabudirira kwake kwakakurumidza kumupinza munzira yemari ine njodzi.

Kunyange zvinhu zvose zvaisamufambira zvakanaka, ndakaona Don ane chikwanisiro maari. Akanga achida kudzidza uye achida kushanda. Mubatanidzwa une simba uyu wakandifadza zvakaita kuti ndimupinze basa uye ndiise mari mune ramangwana rake. Pakupedzisira, yakanga iri mari yakabereka mugove mukuru kwatiri tose.

Kambani yangu itsva yakanga ichangobva kuwana mubairo kubva kune mumwe wevatengesi vedu werwendo rwokuenda kuHawaii, uye ndakanzwa kuti uyu waizova mukana mukuru wokugoverana naDon nezvoHumambo hwaMwari. Kunyange zvazvo Don akanga ari muKristu, aisava nokunzwisisa sekwandaive nako. Uye kunyange zvazvo ndakaedza panhambo dzinoverengeka kugoverana naye misimbota yaMwari munhau iyi, airatidzika kuva asingatendi zvandaitaura.

Ndakaramba ndichitsvaga nzira yokubata nayo pfungwa dzaDon yaizomubatsira kuziva kuti aigona kubudirira kubudikidza nokudzidza mashandiro oHumambo hwaMwari. Zvisinei, Don akaora moyo zvokuti akanga ane nguva yakaoma kuzvitenda uye nokutenda kuti shanduko inogona kuitika zvechokwadi. Ndaiziva kuti rwendo rwokuHawaii urwu rwaive mukana wangu.

Mumavhiki mashoma ini naDon tisati taenda, takakurukura pamusoro pezvataizoono nokuita ikoko. Pane chimwe chinhu chakafarirwa naDon kudarika zvimwe zvose. Aida kubata *blue marlin* murunako rwemvura ye*Pacific Ocean*. “Hawaii ndiro guta pamaguta ose rinowanikwa hove dzinonzi *blue marlin*,” Don akandiudza achifara, “Ndagara ndichida kubata *blue marlin*;

chagara chiri chiroto changu.” Kokutanga mumavhiki, ndakaona kupenya mumaziso aDon. Pane chimwe chinhu chakaita kuti afare, uye ndakaziva kuti kufara kwake kwaizozarurira musuo chidzidzo chine simba.

“Don,” ndakadaro, “waiziva here kuti zvinogoneka kuti uzive, kwete kuva netariro, asi kuziva kuti uchabata *blue marlin* muHawaii kubudikidza nokupinda muHumambo hwaMwari?” Don aida kuziva zvizhinji. Kunyange zvazvo aive avhiringidzika asi achida kuziva zvizhinji, ndakapfuurira mberi nokumutsanangurira nezvoHumambo. Ndakatora Mako 11:24, iyo inoti, “Naizvozvo ndinoti kwamuri, zvose zvamunokumbira mukunyengetera, tendai kuti mazvigamuchira, uye zvichava zvenyu.” Kuna Don, izvi zvaive zvanyanya kunaka kuti atende. Ndakatora nguva kumubatsira kunzwisisa nezvoHumambo uye nzira yokusunungura nayo kutenda kwake. Zvino tisati tapinda murwendo rwedu, iye nomudzimai wake vakadyara sezvandakanga ndaitira nondo yangu, vakanamata vachibvumirana, uye vakatenda kuti vakanga vagamuchira *blue marlin*.

Panguva iyi, Don akaita zvose zvaaziva kuita kuti atsigire chikamu chake chegoho. Akaita tsvakirudzo pamusoro pezvikepe zvaiwanika uye nemitengo yazvo uye pakupedzisira, akasarudza chikepe chaiva nomukuru waakanzwa zvakanaka nezvake. Zvose zvakagadziriswa, uye isu tose takanga tichinzwira manyukunyuku kuenda kumvura yeblue yekuHawaii.

Zuva rokufamba nechikepe rakasvika, patakakwira chikepe, takaudza mukuru wechikepe kuti nhasi ndiro zuva rataizobata *blue marlin*. Kunyange aikarira kuti tichava nezuva rakabudirira rokuredza dzimwe hove dzemitambo, akativimbisa kuti zvakanaga zvisiri nyore kuti tibate *blue marlin* zuva iroro. Vakanga vangobata

*blue marlin* imwe chete panzendo dzaaiita pazuva roga-roga nezvikwata zviviri kwemwedzi mina yakanga yapfuura. Izvi zvakava sokudaro nokuti waive usati wava mwaka wemamarlin, sezvo *mamarlin* dziri hove dzinotama. Tichiramba kuodzwa moyo, takamuudza noruremekedzo kuti tainge tichagamuchira imwe chete, ndokupfuurira mberi nokugadzirira.

Mushure memaawa matanhatu okufamba, takanga tisina kumboonawo kana imwe zvayo, uye ini ndakanga ndava kunetseka kuti kusaitika kwechinhu uku kwaizonetesa kutenda kwaDon. Mukunetseka kwangu ndakamubvunza mubvunzo. “Don,” ndakadanidzira kubva panzvimbo yandaive yaive pamusoro peyaaive, “rega ndikubvunze mubvunzo. Wakagamuchira rini *blue marlin*, painooneka kana kuti patakanyengereta?” Nechivimbo, Don akapindura zvakasimba, “Gary, zviri nyore. Ndakaigamuchira pandakanyengereta.” Pandakanzwa mhinduro yake ndakafara uye ndiine chivimbo. Ipapo ndipo pandakaziva kuti Don akanga atora rairo yangu zvakadzama uye akanga akatsunga kuva *nemarlin* iyoyo.

Mumaminiti akatevera, chiredzo chaDon chakatanga kurira chichirereka chichipinda mugungwa uye vamwe vakashevedzera, “Hove!”

“Musanyanya kufara,” akanyevera kudaro mukuru wechikepe. “Ihove huru zvakanaka, asi haisi *blue marlin*. *Mamarlin* anouya kumusoro kwemvura uye anoita kusvetuka kukuru mumhepo, uye hove iyi iri kuramba iri pasi.” Maminiti akafamba apo Don airamba achiita mutsimba nehove yaive isati yasvika pedyo nepamusoro pemvura kuti ionekwe. Don aive aneta uye nehovewo yaive yaneta, mutsimba ndokupera. Ini naDon hatina kushamiswa sezvaaisi-mudza *blue marlin* hombe yakaisvonaka, asi vamwe vose vaiva muigwa vakakatyamadzwa.

Mufananidzo waDon nehove yake uri muhofisi yangu kusvika nazvino kuitira kuti zuva iri rive sechapupu kune vamwe uye seyeuchidzo yenguva dzose kwandiri yokuvako kwoHumambo. Ndozvandiri kuda kuti zviitikewo kwamuri!

CHITSAUKO 4

# **NDAKAWANA KIYI HURU YOHUMAMBO!**

Tose tine makiyi emhando dzakasiyana-siyana edzimba dzedu, emotokari dzedu, uye echeru chinhu chatinoda kuchengetedza. Kiyi yacho inotipa mukana kune zviri mukati zvakadzivirirwa kana kuti masimba okushandisa chinhu chacho, zvakadai semotokari. Kurarama somuKristu kwemakore mapfumbamwe munyong-anyonga yezvemari nokusava netariro, ndaiziva chimwe chinhu chakanga chisipo, chimwe chinhu chakanga chisina kumira zvakanaka. Hapana aifanira kundiudza izvozvo. Chinhu chandai-fanira kuziva, chinhu chaive chakaipa uye kuti ndochigadzirisira sei.

Apo Ishe vakataura neni mushure mokunge ndachema kwavari nokuda kwebetsero, ndakarara pamubhedha wangu muimba yepurazi yakaputsika, vakandiudza kuti chinetsu changu chakanga chiri chokuti ndakanga ndisina kudzidza kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei. Mumutsara mumwe chete iwoyo ndakanzwa nezvekiyi, kana kuti nditaure kwainobva kana kuti kiyi dzacho dzinodiwa—Humambo. Mwari vaindiudza kuti mhinduro yangu yaive muHumambo Hwavo. Ndakanga ndisina kumbowana nguva

yokudzidza kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei, asi kudai ndaidzidza, ndaizowana mhinduro yangu. Apo Mwari vakataura neni zuva iroro pamusoro pokusanzwisisa kwangu Humambo, zvirokwazvo ndakanga ndisingazivi zvavaireva noHumambo. Asi ndakavanzwa zvinonzwika uye zvakajeka kuti kana ndaizodzidza kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei, ndaizowana mhinduro dzandaitsvaga. Naizvozvo kwandiri, kiya huru yakanga iri muchirevo chiri nyore, “Hauna kutombowana nguva yokudzidza kuti Humambo Hwavo hunoshanda sei!” Chokwadi, chirevo ichi pachacho chaitaura zvakanwanda uye, hongu, chaive kiya yangu yokutanga yokushanduka kwohupenyu hwangu.

*Nokuti takazvarirwa mwana, takapihwa mwanakomana, uye humambo huchava pamapfudzi ake. Uye achanzi Gota Rinoshamisa, Mwari Ane Simba, Baba Vokusingaperi, Muchinda woRugare. Kukura kwohumambo hwake nekworugare rwake hazvizovi namagumo. Achatonga pachigaro chohushe chaDhavhidhi napamusoro pohumambo hwake, achihusimbisa nokuhutsigira, nokururamisira uye nokururama, kubva panguva iyoyo kusvikira nokusingaperi. Kushingaira kwaJehovha Wamasimba Ose kuchazviita.*

— Isaya 9:6-7

Kunzwisisa kuti Humambo hwaMwari chaizvoizvo humambo hunoshanda pahwaro hwehurumende nemitemo kwakazarura meso angu kunzwisiso yoHumambo yandakanga ndisati ndamboziva. Kuziva kuti Humambo hwaMwari hwakagadzwa uye huri kutsigirwa nokururamisira (kuitwa kwomutemo) uye kururama kwaMwari (mitemo yavo) kwakandiratidza kuti zvinhu zvose zvinoitika



muHumambo mugumisiro womutemo kana kuti womusimbotti woHumambo ihwotwo. Ndingasava ndiri munhu akachenjera chose pane vamwe, asi ndakanga ndakachenjera zvakanwana kunzwisa kuti kana Humambo hwaishanda pahwaro hwemitemo, ndaigonazve kudzidza mitemo iyoyo ndoishandisa muhupenyu hwangu. Sezvo Mwari vakatanga kuzivisa nokudzidzisa Drenda neni mitemo Yavo, takatanga kuziva kuti nyaya yose yomuBhaibheri yaive nekiyi pamusoro pokushanda kwoHumambo dzandaifanira kuziva. Ndakatanga kuverenga nyaya dzose dziri muBhaibheri zvakasiyana: “Nei izvozvo zvakaiteka?” “Sei zvisina kuitika?” Ndaiverenga nyaya yose nemafungiro okuti, “Ndeipi misimbotti inoburitswa munyaya iyi? Zvakaiteka sei izvozvo?”

Ndakatangira kuzvidaidza kuti mazvikokota wezvemweya, uye ndaifara apo Mweya Mutsvene aindiraitidza mutemo mushure momumwe mutemo. Ndakatonyanya kufara kuona kuti mitemo yandakawana yaigona kushanda muhupenyu hwangu sezvayaita muBhaibheri. Vanhu vanondibvunza vachiti, “Gary, unorevei nemitemo yoHumambo?” Ndinowanovayeuchidza nezvemitemo yose yavanoda kushandisa pano pasi—simba rinokwevera zvinhu pasi, mitemo *yephysics*, uye mitemo yose inotonga zvinhu zvakasikwa.

Murimi anoshandisa mitemo iyi pose paanoda; haafaniri kuinamatira kuti ishande. Inoshanda pose paanosarudza kuishandisa. Inowanikwa kune chero munhu uye kune wose

**SEZVO MWARI  
VAKATANGA KUZIVISA  
NOKUDZIDZISA DRENDA  
NENI MITEMO YAVO,  
TAKATANGA KUZIVA  
KUTI NYAYA YOSE  
YOMUBHAIBHERI YAIVE  
NEKIYI PAMUSORO  
POKUSHANDA  
KWOHUMAMBO  
DZANDAIFANIRA KUZIVA.**

anoda kuishandisa. Nenzira imwecheteyo, Humambo hwaMwari hunoshanda nemitemo inogona kudzidzwa. Sezvo iri mitemo, haimboshanduki, uye inogona kudzidzwa pamwe nokushandiswa muhupenyu hwomuHumambo.

Gara zviya, kana imi mauya kuna Kristu, muri mugari womuHumambo Hwavo, uye Humambo hwose ndohwenyu. Mitemo yoHumambo iyi inogona kudzidzwa uye nokushandiswa nemiwozve.

“Zvakanaka,” vanhu vachandiudza kuti, “Ndanzwisisa chikamu chazvo, asi ndipei muenzaniso womutemo womuHumambo.” Kune mitemo izhinjisa. Chokwadi, ndakatonyora mishoma yayo, somutemo wokutonga, mutemo wokutenda nomutemo wokubvumirana, kunyange zvazvo ndisina kuidoma sezvizvi muzvikamu zvokutanga. Zvakare, kune mitemo yakawanda, uye mitemo yose iyi inogona kudimburwa kuiswa mumupanda womumabasa newokushandiswa, zviri izvo zvikamu zvatinoda kutarisisa pazviri. Regai ndikupei nyaya ibatsire kuratidza zvandiri kutaura.

Ndine ndege yangu, *Piper Mirage*, yandinoshandisa kubhururuka kuenda kumisangano, kuenda kosangana nevatengi, uye kufambira nyaya dzebhizimusi. Ndakanga ndaronga rwendo rwokuenda kuColorado kunopinda musangano uye parwendo irworwo ndakanga ndanyatsoronga kuti inoitwa ongororo inoitwa ndege dzose pagore yaidiwa nomutemo. Kana musingazvizive, ndege yose inobhururuka muU.S. inofanirwa kugadzirwa kamwe chete pagore kwegore roga-roga. Mutyairi wendege yangu aifanira kutora *Mirage* tobva tabhururuka kuenda kumusangano wedu. Asi kwasara zuva rimwe chete kuti anoitora, chitoro chakatibata parunhare chikataura kuti vakanga vaputsa fafitera remberi. Vakanga vari kuzoitsiva pasina muripo, asi maitiro acho aizowedzera mamwe

mazuva matatu ndege isati yabhururuka. Zvaireva kuti ini naDrenda taifanira kubhururuka kuColorado nendege yeruzhinji. Handisi kunyunyuta hangu, asi tinogara tichifarira kushandisa ndege yedu kuenda chero kwatinoenda kana tichikwanisa. Takamboodzwa moyo zvishoma asi takaenda kumusangano. Zano rakanga riri rokuti mutyairi wedu wendege ozotitora kudzokera kuOhio.

Mumazuva maviri omusangano wedu, chimvuramabwe chakaerekana charova nzvimbo yacho. Matombo echimvuramabwe akanga akakura zvokuti akaparadza nzvimbo yose. Mune dzimwe nzvimbo, makodo mahombe echando akatopfuura nepamatenga. Mazana emotokari akakuvadzwa zvokusagadzirisika. Zvivako nematenga zvakaparadzwa. Sezvo mutyairi wendege akauya kuzotitora, akanomira nayo pa*FBO* imwe chete yatingadai takasiya ndege kudai takafamba nayo pakutanga kwemusangano. Meso angu akaona chinhu chaishamisa. Ndege yose yainge yakamira paya paifanira kunge pakamira ndege yangu dai yaivapo yakaparadzwa. Ndege yangu, nenyasha dzaMwari, yakanga isipo uye nokudaro, haina kukuvara. Inyaya inoshamisa zvechokwadi, asi yakaitika sei? Ndinoreva kuti aingove masanga here kana kuti kusava kwendege yangu ipapo kwaive chibereko chomutemo wemweya wandakatora mukana nawo?

Hongu, ndinoziva zvirokwazvo kuti chakanga chiri chibereko chomutemo womumweya wandakagadza, uyo wandichagoverana nemi muchinguvana. Kunzwisisa mutemo kunokubvumidzai kuti muve nemhedziso dzimwechetewo pose pamunodira. Muchiitiko ichi, ndakaita mutemo wandakadzidziswa naMwari kare-kare apo Mwari vakatanga kundidzidzisa mitemo yoHumambo Hwavo nokushanda kwahwo.

Regai ndikuratidzei mutemo wandakaraidzwa naMwari,

uye ndichakuratidzai kuti ndakaushandisa sei. Yeukai kuti nyaya dzose dziri muBhaibheri dziri kukuratidzai chimwe chinhu nezveHumambo uye kushanda kwahunoita. Ndinozvidaidza kuti muscientist wezvemweya. Sezvandinoverenga Bhaibheri, ndinogara ndichitsvaga mitemo yakakonzero kuitika kwechimwe chinhu kana kuti mitemo yairambidza kuitika kwechimwe chinhu. Tinowana nyaya inechokuita nechidzidzo chino yandinoda kukuratidzai muna Mako 6.

*Zvino zuva rava kuvira, vadzidzi vake vakauya kwaari, vakati, “Nzvimbo ino irenje, uye kwava kudoka. Itai kuti vanhu vaende kumaruwa nemisha yakapoterredza kuti vandozvitengera zvokudya.”*

*Asi iye akapindura akati, “Imi vapei zvokudya.”*

*Vakati kwaari, “Izvo zvinotoda muripo womunhu wemwedzi misere! Ko, tingashandisa mari yakawanda kudaro kutenga chingwa kuti tigovapa kuti vadye here?”*

*Akati, “Mune zvingwa zvinganiko? Endai munotarisa.”*

*Vakati vazviona, vakati, “Zvishanu—nehove mbiri.”*

*Ipapo Jesu akavarayira kuti vagarise vanhu vose pasi mumapoka pauswa hunyoro. Saka vakagara pasi mumapoka ane zana uye neane makumi mashanu. Akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri uye akatarisa kudenga, akavonga akamedura chingwa. Ipapo akazvipa kuvadzidzi vake kuti vazvigadzike pamberi pavanhu. Akagoverawo hove mbiri dziya pakati pavo vose. Vose vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakanonga zvimedu zvezvingwa nehove zvikazara matengu gumi namaviri. Varume vakanga vadya vaisvika zviuru zvishanu.*

— Mako 6:35-44

Iyi inyaya huru uye mufananidzo wokushanda kwoHumambo hwaMwari. Zvingwa zvishanu nehove mbiri zvinokwana vanhu 20,000! Asi munoti, “Gary, Bhaibheri rinoti kwaingova nevarume 5,000.” Hongu ndizvo, asi ndinogona kufunga kuti kwaive nevakadzi nevana zvakare. Saka ndiri kufungidzira kuti pamwe paive nevanhu vanenge 20,000.

Vadzidzi pavanouya kuna Jesu nezvenyaya yezvokudya, Jesu anoda kuvadzidzisa chimwe chinhu nezvoHumambo saka anoti, “Imi vapei zvokudya.” Zvakanaka, izvo zvinovashamisa kwazvo. Vanowanepi chikafu chakadaro? Vanopindura nokunzwisisa kwetsime bedzi ravanoziva—rokushanda! Vanoti, “A-aa, izvo zvinotoda muripo womunhu wemwedzi misere!” Kubva pamaonero avaiita mari yavo yemaawa yomuhurongwa hwokutam-budzika hunorwadza uye hweziya hwomunyika yakatukwa, kuvapa zvokudya kwaisagoneka.

Asi muHumambo, mitemo yokushanda yakasiyana-siyana inoita kuti zvinhu zvose zviitike. Jesu anoda kuvabatsira kuona kupfuura hurongwa hwenyika yakatukwa uye kuti vadzidze chimwe chinhu chitsva kubva muHumambo hwaMwari. Jesu anobva avakumbira kuti vatarise kuti zvii zvavanazvo zvokuti vape chaunga. Vanoenda kotarisa uye vozopindura kuti vawana zvingwa zvishanu nehove mbiri asi vanoziva kuti hazvingakwani kuti vabatsirwe. Jesu anobva avati vamupe zvingwa nehove idzi. Achizvibata mumaoko Ake, anozvinyengerera uye anozviropafadza. Anobva azvidzorera kuvadzidzi vake kuti vazvipe kuvanhu. Chokwadi munoziva nezvekufamba kwenyaya iyi yose; zviuru makumi maviri zvevanhu vaivapo vakadya kusvikira vaguta, asi kwakanga kwasara matengu gumi nemaviri.

Mibvunzo yangu ndeiyi: “Sei Jesu akakumbira kuti chingwa nehove zviunzwe kwaari asati avaudza kuti vazvipe kuvanhu? Nei Jesu asina kungoenda mberi ndokukumbira vadzidzi kuti vape zvokudya pavakangozwiwana? Vaifanira kutanga vaita kuti Jesu azviropafadze here?” Mhinduro yakarurama ndeyokuti Jesu aifanira kutanga aropafadza zvingwa nehove. Munoonaka, zvingwa nehove zvakanga zviri pasi pano pasi pemasimba nohutongi hwevanhu apo vadzidzi Vake vakatanga kuzviwana. Mumamiriro ezvinhu akadaro, Jesu akanga asina simba pamusoro pazvo. Asi zvingwa nehove pazvakaunzwa kwaari nokuzvidira, akakwanisa kuzviropafadza. Shoko rokuti *kuropafadza* rinoreva kuchenura kana kupatsanura. Zvino, heunoi mutemo woHumambo waziviswa.

**Jesu paakaropafadza zvingwa nehove, hove nechingwa zvakava mune humwe humambo.**

Zvamazvirokawazo, hutongi hwepazvingwa nehove kwakashanduka. Mwari zvino vakanga vava nekodzero yepamutemo yokuwanzira vanhu zvingwa nehove.

**Kudai Jesu asina kutora zvingwa nehove kuti azviropafadze, zvingadai zvisina kuwanda.**

Tinoshandisa mutemo mumwechete iwoyo patinoropafadza chikafu chedu, kunyange zvazvo ini ndichifunga kuti vanhu vazhinji havazive zvavanenge vari kuita chaizvo kana vachinyengeretera chikafu chavo. Asi nokungotaura, patinonyengeretera zvokudya zvedu, humambo hwazvinova hunoshanduka, nokudaro, zvichibvumira Mwari kutidzivirira pachinhu chipi nechipi chinokuvadza

chatingadya. Pano ndinofanira kuwedzera mashoko ano. Kana tichida kuramba tichidya zvokudya zvisina kunaka nokudya zvinhu zvatinoziva kuti hazvina kutinakira, tichakohwa zvatakadyara. Asi kudai taizodya chimwe chinhu chinokuvadza, chimwe chinhu chataisaziva kuti chingatikuvadza, Shoko raMwari raizotidzivirira sokudzivirira kwarakaita ndege yangu. Handisi kutaura nezvemhando yomunyengetero yetsika yamunonzwa vanhu vazhinji vachinyengeterera zvokudya zvavo. Asi kunyengetera mukutenda, tichitenda Mwari kuti vanobvisa hurwere pakati pedu, sevagari vomuHumambo Hwavo hukuru, tichifarikanya muzvipikirwa Zvavo.

*Uye kunyange vakanwa muchetura unouraya, haunga-vakuvadzi napaduku.*

— Mako 16:18

Munyika yanhasi, tinoda chivimbo chedziviro yaMwari kuti vatipe zororo. Pane zvinhu zvakawanda zvinogona kutibira rugare rwedu muzvimbo dzose, kusanganisira chikafu chatinodya. Vimbai neni, munogona kuva nechokwadi chokuti Satani ane zano rokuba hutano hwenyu uye nechikwanisiro chenyu chokushanda panyika zvinopesana naye kubudikidza nezvokudya!

Tinogona kuona mumwe muenzaniso muna VaFiripi 4:6-7 wokuunza matambudziko edu, nyaya dzedu, rugare rwedu rwepfungwa, zvose hazvo zvomuhupenyu hwedu, pasi pohutongi hwomuHumambo.

*Musafunganya pamusoro pechimwe chinhu, asi muzvinhu zvose, kumbirai Mwari neminyengetero, nemikumbiro uye*

*nokuvonga. Uye rugare rwaMwari, runopfuura kunzwisisa  
kwose, rucharinda moyo yenyu nemifungo yenyu muna  
Kristu Jesu.*

— VaFiripi 4:6-7

Patinonyengeterera chimwe chinhu, munyengetero uyu unounza dambudziko racho kana kuti nyaya yacho pasi pesimba roHumambo hwaMwari. Kana tikasanyengetera nezvazvo, maoko aMwari akasungwa. Ndosaka Bhaibheri richiti rambai muchinyengetera (1 VaTesaronika 5:17) uye hamuna chinhu nokuti hamukumbiri Mwari (Jakobo 4:2).

Pandakatenga ndege yangu uye pandinotenga chinhu chipi nechipi, ndinoinyengeterera, ndichiisa maoko angu pamusoro payo, uye ndichiiunza pasi pesimba roHumambo hwaMwari kuti iite zvayakarongerwa sezvainoita basa romuHumambo hwaMwari uye nebasa rangu randakagoverwa. Nokuda kwazvo, ndege yangu haikwanisi kubatwa naSatani nevateveri vake. Hapana chakaipa chingauya kwandiri mundege iyoyo!

Unenge mwedzi wapfuura, ndaibhururuka ne*Mirage* kubva kuHouston kuenda kuOhio mushure memusangano. Kunze kwainge kwatodoka patakapinda kunzvimbo yokumapurazi yaive yaane rima. Mheni yakavheneka denga kurudyi nokuruboshwe kwedu nechekure sezvo raiva dutu raifamba nenyika. Dutu raive kumberi rakaita kuti titsambuke munzira yedu kuti tisapinda mariri, uye nokuda kwazvo, takashandisa mafuta okufambisa akawanda kupfuura ataininge taronga kushandisa. Zvino kuti tive nechokwadi chokuti tasvika kumba zvakachengeteka uye kugutsa mitemo yeFAA maererano nemafuta anofanira kugarwa nawo mundege, takafunga kumbomira muLouisville, Kentucky, kuti titenge mamwe mafuta.



Takaburuka tine neanenge magaroni 30 mundege, asi takanga tava neimwe awa kuti tifambe uye hatina kuda kuperevedza. Takapinda mu*FBO* ndokukumbira kuti vaise magaroni makumi maviri mutangi rimwe nerimwe rebapiro. Izvozvo zvaititorera magaroni angangosvika makumi manomwe, aikwana kuti tibhururuke chinhambwe chedu chaive chasara kuenda kuOhio sezvo *Mirage* ichishandisa magaroni angangoita makumi maviri nemaviri paawa.

Patakamirira mu*FBO*, musikana aiva pakaunda akatiudza kuti aigona kuenderera mberi kudira magaroni makumi mana. Paaitaura izvi, *lineman* akabva apinda akabata mapepa aitura nezvekutengeserana uku. Musikana akaatora mumaoko ake, akaatarisa, ndokubva ati, “Pane chinhu chisina kumira zvakanaka apa. Nhamba dzacho hadzisi kuenderana.” *Lineman* akati akanga aisa mafuta uye aizogadzirisira nhamba dzacho gare-gare. Akati, “Zvakanaka,” asi akati aisakwanisa kundipa risiti kusvikira nhamba dzagadziriswa, vaizoita zvokuzotitumira risiti rwacho patsamba yomumhepo. Takati, “Zvakanaka,” tichibva tabuda na*lineman* kuenda kundege. Mutyairi wendege wangu akakumbira *lineman* kuti atarise kana zvechokwadi akanga aisa magaroni 20 murutivi rumwe norumwe, uye akati, “Hongu, ndaisa magaroni 20 murutivi rumwe norumwe.”

Zvino takasimuka takananga kuOhio, uye anenge maminiti 40 tafamba, tangi rokuruboshwe rakabva rangoti hwaa kupera. Takarohwa nehana; izvozvo zvingagoitika sei? Kwapera miniti, tangi rokurudyi rakaperawozve. Paive pakati pohusiku, husiku hune rima, uye takanga tiri mudenga pamafiti 15,000 tisina mafuta. Chii chaitika? Takanga tichangobva kuisa mafuta. Vanhu vangati kwandiri, “Ko ndege yenyu haina geji yemafuta here?” Hongu, asi

mageji emafuta endege yedu anokwira kumusoro zvishoma nezvishoma paunenge uchiwedzera mafuta. Kana makambotyaira *Suburban* yokudhara, mungangonzwisisa zvandiri kutaura nezvazvo. Mageji awo emafuta anodairira zvishoma nezvishoma kune mafuta awedzerwa.

Zvino panyaya iyi, mutyairi wendege wangu akabvunza *lineman* kana akanga aisa mafuta omundege uye nohuwandu hwawo akamutarisa kuchiso chake. Isu takanga tamuona ane rori

**PANE MITEMO  
MUHUMAMBO  
YAMUNOFANIRA  
KUDZIDZA KUTI MUVE  
MUNOBUDIRIRA,  
MAKACHENGETEDZEKA,  
UYE KUTI MUVE  
NEWANISO PASI PANO.**

yemafuta omundege ichiisa mafuta mukati. Mutyairi wendege akaita hushingi hwake, achiona rori yemafuta ichiisa mafuta mundege, akabvunza nomuromo kaviri kana makanga maiswa magaroni makumi mana emafuta. Kana mafuta aiswa, tinoisa geji yemafuta *yedigital* inoteedzera kushandiswa kuri kuitwa mafuta kusvika asvika pachikamu chegumi chegaroni. Taifunga kuti takanga taita

zvose zvataifanira kuita kuti tichengeteke.

Takazivisa *veemergency* uye taifanira kukasikidzira kumhara munhandare yendege yeGreater Cincinnati, iro rakanga risiri dambudziko sezvo takanga titori pamusoro payo chaipo pakazooma matangi, asi zvakatifadza hazvo. Takazoziva nokufamba kwenguva kuti iyi yaive ndege yokutanga iyo *lineman* akaisa mafuta. Akanga aisa magaroni maviri mutangi rimwe nerimwe, kwete 20. Akanga asingagoni kuverenga mita. Chokwadi here? Fungai kuti iri ndiro roga basa rinoitwa nekambani yenyika iyi, kuisa ndege mafuta—zvinoshamisa!

Izvo muvengi akaona sedambudziko raigona kutikuvadza zvaisava nyaya, asi yaigona kunge iri nyaya hombe kudai tainge tapererwa nemafuta kumwe kusiri mafiti 15,000. Asi zvakare, muvengi haagoni kundikuvadza kana kukuvadza ndege. Kuti tibvise kumwe kuedzwa nemhandu yedu, kubva ipapo takashandura mamwe maitiro edu pakuisa mafuta. Hatisiiri *lineman* kuti aise mafuta tisipo; tinenge tinaye tichiongorora zvose. Chiitiko chacho chingadai chakatiipira kudai takanga takanonoka kuita chinhu nezvacho, takanonoka kusvika kana kuti kudai mamiriro okunze akaipa; asi zvamazvirokwazvo, hazvina kubudirira sezvo ndakanga ndine sungano yedziviro.

Zviitiko zviviri izvi zvakaitika nendege yangu pamusoro pechengetedzo yayo pamwe chete neni, zvakaita sokudaro nokuda kwesungano yangu, kodzero dzangu dzepamutemo muHumambo. Chokwadi ndaigona kukuudzai nyaya yokuwana kwandakaita ndege iyoyo pakutanga, asi handisi kuzodaro panguva ino. Ndinofunga mawana pane nyaya pachu—Mwari vanoshamisa!

Pane mitemo muHumambo yamunofanira kudzidza kuti muve munobudirira, makachengetedzeka, uye kuti muve newaniso pasi pano. Satani anotivenga, asi haagoni kutimisa, rumbidzai Mwari. Dziviriro zvakare kuzorora, hapana kunetseka, uye hapana kutya! Ikodzero yenyu yepamutemo.

Gara zviya, mutemo wandachangobva kutsanangura nokushandisa ndiwo wandinodaidza kuti mutemo wokutonga, kana manga muchinetsekana nazvo.

Rumwe Rugwaro rwandakapihwa naMwari pakutanga nezvo-  
Humambo Hwavo ndiRuka 6:20.

*Makaropafadzwa imi varombo, nokuti humambo  
hwaMwari ndohwenyu.*

— Ruka 6:20

Apo Jehovha vakatanga kutiratidza nezvo “humambo hwaMwari” muRugwaro urwu, ini naDrenda takatanga kudzidza zvavaireva nazvo. Zvakare, vakatiratidza kuti ndimambo wohumambo, hunotongwa uye hunoshanda nemitemo. Somuenzaniso, ngatitarisei kumuganhu wedu wokumaodzanyemba.

Gore negore, zviuru zvevanhu zvinoedza kuverevedza kupinda muUnited States. Sei? Nemhaka yokuti havana nzvimbo dzakanaka dzavari kurarama vari? Kwete, handizvo. Vari kuyedza kuuya kuUnited States nokuda kwehurumende yemuno. Hurumende yedu ine mitemo inodzivirira kodzero dzevanhu uye inopa rusununguko rwakawanda rwusingawaniki mune dzimwe nyika: kuva nepfuma, kodzero yokuva nebhezimusi renyu pachenyu, kodzero yokunamata sezvamunoda, uye kutaura makasununguka. Zvose hazviwanikwe mune dzimwe nyika dzakawanda.

Tatotaura zvakati wandei nezvoHumambo hwaMwari, hwaro hwekiyi dzose, misimbotti, uye nemitemo yatakapihwa naMwari sevagari vemo. Kuziva kwenyu mitemo iyi kana kusaiziva kunogona kupa musiyano pakati pohupenyu kana rufu, kukunda kana kukundwa. Mushure memakore mapfumbamwe andakava nawo okutambudzika uye okutya panyaya yemari, zvino zvakasununguka, handigoni kusimbisa zvakanakwana kukosha kwazvinoita kuziva zvinorehwa nokuva mugari womuHumambo hwaMwari, nokukosha kunoita kuziva mitemo nemisimbotti yose inogadzira Humambo ihwowo.

Kwezviuru zvemakore pasi rave riripo, asi zvakawanda zvezvinhu zvatinfofarira nhasi zvakanga zvisinganzwiswi. Somuenzaniso, ndinoda kuti mutore mufananidzo kuti zvaive zvakaite sei paKisimusi muna 1906 muOcean BluffBrant Rock, Massachusetts. Pane chakaitika chakashandura nyika zuva iroro. Reginald Fessenden akaridzira zvikepe zvaiva mugungwa *Oh Holy Night* nepasaisai redzimudzangara ndokuverenga chitsauko chechipiri chaRuka. Aka kaive kokutanga kutapurirana nedzimudzangara pasi rose. Zvino nhasi tinotora nharembosha uye togona kutaura nomunhu ari panyika pasina kufunga nezvazvo.

Kana kuti muna Ndira, 1879? Thomas Edison akabudirira kugadzira girobhu remwenje, uye zvino nyika yose pasi pano inoshandisa mitemo yemagetsi uye mitemo inotungamira *physics* kuona mahusiku.

Kana kuti Zvita 17, 1903? vanaWright vakabudirira kubhurutsa ndege yokutanga, uye zvino tinogona kukwira mune *jetliner* yemazuva ano uye tobhururuka pasi rose mumaawa mashomana. A380, ndege hombe ye*jetliner*, iyo inorema mapaundi 1.2 miriyoni, inogona kubhururuka pasi rose pamusoro pevanhu mazana masere kweanopfuura maawa mapfumbamwe pasina kuwedzera mafuta ichifamba iri pamamaira angangoita 600 paawa. Dai vanhu vakaona chinhu chakadai mumakore okuma1800, vangadai vakafenda. Asi ikozvino, zvakajairika kwatiri sokubatidza *switch* nokubatidza girobhu.

Nyaya yandiri kutaura ndeyokuti mitemo iyi yose yagara iripo, kwenguva dzose, iri pasi pano kubvira kare pakasikwa munhu. Yagara iripo kuti munhu ashandise; akanga asina bedzi kuiziva. Akaona shiri dzichibhururuka, akaona mheni, asi haana kunzwisisa.

Ndizvo zvimwechetezvo neMagwaro. Chitendero chakaisa miganzu maererano nezvinoreva Shoko raMwari. Kwemakore imi neni takanzwa kuti zvinhu zvose zvapakfuura, Mwari havachaiti minana sekare. Zvipo zveMweya zvaingove zveapostora, kana kuti munzwa waPauro waive hurwere. Pachokwadi chaipo, Shoko riri nyore. Rinoreva chaizvo zvarinotaura. Asi hwaro huri muHumambo ndihwo kiyi huru yokutanga yamunofanira kuzarura nayo mamwe masuo ose.

## **Zvino Heino Imwe Kiyi Huru:**

### **Mitemo Haishanduki!**

Donhedzai dombo uye richawa. Richawa kangani? Nguva dzose! Mutemo wesimba rinokwevera zvinhu pasi unova nechokwadi chokuti muchawana zvimwechete zvinoitika nguva dzose. Ndizvo zvimwe chete noHumambo hwaMwari.

## CHITSAUKO 5

# KUBHURURUKA KURI NANI PANE KUFAMBA

Kubhururuka kuri nani pane kufamba! Pandanyora chitsauko chino, ndakanga ndichibhururuka ndichienda kumba kubva kumusha wedu wechirimo muCanada ndiri mundege yangu, ndichifamba nemamaira 250 paawa pamafiti 23,000 kubva pasi. Kwemakore, takaenda kuCanada nemotokari tichibva kumba kwedu kuOhio. Yakanga iri nguva refu uye inonetesa sezvo ari maawa 31 kusvika ikoko. Ndaitozotyaira husiku hwose kuti ndisvike mangwana acho. Hongu, pane nguva shoma dzatakapatsanura rwendo rwacho kuva rwemazuva maviri kusvikako, asi kana muine zororo remavhiki maviri uye mazuva mana opedzwa nokutyaira, munorasikirwa nenguva yenyu yakawanda. Asi, a-aa, ndakanga ndaneta patakasvika ikoko, uye ndaifanira kuvazve nemaawa 31 okutyaira kudzokera kuOhio.

Ndagara ndichida ndege uye ndakava nerezinesi rangu rokutyaira ndege kubvira ndiine makore 19, asi handina kumbofunga nezvokuva nendege. Ndinoreva kuti makambotarisa wo mutengo wendege here? Asi pandakanga ndichidzidza zvakanwanda

nezvoHumambo, ndakaona kuti ndini ndakanga ndichidzivisa ndege iyoyo nepfungwa dzangu dzokuti “Kwete” uye nemafungiro ohurombo. Ikozvino ndine ndege mbiri chaidzo, imwe yandinobhururuka nayo zvokunakidzwa, iriyo ndege yangu yokutanga, uyezve neimwe yandinoshandisa pakufamba. Sezvandakataura muchimwe chitsauko chapfuura, “Kurovedzwa kwataaitwa kwokuti kwete” hakutibvumiri kuva nezviroto kana kutenda mukuitika kwezvinhu. Tinozvidzivisa zvisati zvatanga.

Ndainge ndisati ndambofunga zvokuva nendege. Ndaisaona kuti zvaigoneka sei. Kwemakore, ndaibhadhara ndege dzandai-bhururuka nadzo. Asi sezvandaidzidza nezvemitemo yoHumambo uye ndichiona nyaya imwe neimwe yohupenyu hwangu ichiratidza Humambo, ndakasarudza kuti ndaizotenda kuti Mwari ndivo vaizondipa ndege yangu. Ndakanga ndisina mari yokutenga imwechete panguva iyoyo, asi ndakatora cheki, uye muchikamu *chememo* ndakanyora “yendege yangu.” Ndakanyora mhando chaiyo yendege yandaizogamuchira. Mudzimai wangu neni takadyara cheki iyoyo muHumambo maererano naMako 11:24, tichitenda kuti ndaigamuchira apo ndainyengetera. Izvi ndizvo zvandakaraidzwa naJehovha kuti ndiite kumavambo chaiko maererano noHumambo. Ndakanga ndaona zvichiva nechibereko muhupenyu hwangu kakawanda, kakawanda chose.

Mavhiki mashoma akatevera, ndakanga ndichirovedzwa muviri uye chiremba akangoti kwandiri, “Sezvineiwo, pane here wamunoziva angave achida kutenga ndege?” Ndakashamisika sezvo hapana akanga ambondibvunza kudaro. “Ndege rudzii?” ndakabvunza. Akaenderera mberi nokunditsanangurira kuti ndege iyi yaiva ndege rudzii achibva andiudza kuti yaiva panhandare yendege yomunzvimbo medu kana ndaida kuiona. Zvinoshamisa



kuti yakanga iri rudzi rwendege chaiyo yandakanga ndadyarira! Ndakaenda panhandare yendege ndokuitarisa, uye yakanga iri muchimiro chakanaka. Ndakaziva kuti iyi yaive ndege yangu. Asi paiva nedambudziko rimwe chete; Ndakanga ndisina mari yokutenga ndege. Ndakaudza chiremba kuti ndaida ndege iyi chose uye ndaizodzokera kwaari.

Mavhiki mashoma akafamba uye ndakatambira runhare kubva kumunin'ina wangu aishanda kuresitorendi yababa vangu pedyo nechivako chandaive nacho. Ndakanga ndichangotora chivako chacho mwedzi mishomanana yakanga yapfuura mukupera kwaMatsutso. Ndakanga ndichironga kushandura chivakwa ichi kuchiita hofisi yangu yekambani yangu yezvemari. Chivakwa chacho chaisaenderana nebasa randaيدا kuchishandisa, saka ndaiziva kuti ndaizofanira kuchivaka patsva. Ndakataura nomumwe muvaki akadhirowa mapurani acho, uye takanyorerana pasi kuti azoite basa racho. Zvisinei, takasarudza kuti taifanira kumirira kusvika Chirimo tozotanga basa racho nemhaka yemamiriro okunze. Kugadziridza kwaizosanganisira kuvakwazve kwakakwana kwechivakwa chacho.

Muridzi wekare wechivakwa ichi akandiudza kuti mvura yakanga yadzimwa nokuda kwechando, naizvozvo, handina kutongozviongorora. Nhare yakabva kumunun'una wangu yakaitika mukupera kwaKukadzi mushure mokunge kudziya kwatanga kunyungudutsa chando. Akandiudza kuti chivako changu chakanga chaparara sezvo paiva nemvura yaiyerera ichipinda mumugwagwa. Uye iye neni takaziva kuti zvairevei—mvura yakanga isina kudzimwa sezvakange zvarehwa nomuridzi wekare. Zvamazvirokwazvo, sezvandakanzvera kukuvadzwa kwachakaitwa, mapaipei eimba yapamusoro pamwe chete nemapaipei eimba yokugezera epasi pamwe neemumba yokubikira, akanga aputika uye mvura yazadza chivakwa chacho.

Madziro ose okuisira, *ceiling*, uye nemadziro zvainge zvadonha kubva kumadziro.

Pakutanga, izvi zvingaite senjodzi huru, asi zvirongwa zvangu zvokuchigadzirisazve zvinoda kuti madziro ose okuisira abviswe kubva kumadziro uye poiswa makamuri matsva. Madziro okunze aifanira kutsiviwa zvakare. Saka chaizvoizvo, mvura haina kukuvadza chivakwa chacho zvachose, uye kukanganisika kwose kwakaitika kwakaitika munzvimbo dzaizovakwazve. Zvisinei, pandakatenga chivakwa chacho, ndakaisa inishuwarenze pachiri. Kukanganisika kwose kwakaitika pachivakwa ichi kwakabhadharwa, uye kambani yeinishuwarenze ikandinyorera cheki—uye mabva mangoziva zvakaitika—ndiyo mari yakabva yabhadhara ndege yangu. Ndege iyoyo, *Piper Warrior*, iri nyore kubhururutsa, uye ndinobhururuka nayo kazhinji nokuda kwokunakidzwa. Pose pandinoibhururutsa, ndinoshamiswa nokukasira kwazvinoita kubhururuka nendege yangu yandakatenga. Nazvino ndichiri muridzi wendege iyoyo, uye yava kutsvitsa makore makumi maviri.

Kunyange mune ino nyaya zviitiko zvakaitika zvaishamisa, handidi kukusiyai muine maonero asiri iwo emashandiro ezvinhu. Zvinhu hazviwanzoitika sokuitika kwazvakaita munyaya iyi. Mwari vanogona kukutungamirirai kumukana wokuita mari yokubhadhara ndege yenyu, kana kuti munogona kuwana chimwe chiitiko chakanaka chinoita muve nayo. Pfungwa yamunofanira kuva nayo pamunodyara muHumambo kuti muve nezvamadyarira ndeyokuti Mwari vachakuratidzai zano rokuti mungazviwana sei. Chinhu chechipiri ndechokugara muine kutenda, nokukwanisa kwenyu, zvakakudziridzwa. Ndakava nevanhu vakafunga kuti sezvo Mwari vaizovaraidza kuti vangabhadhara sei motokari yavo, vaifunga kuti vaifanira havo kunodyara tririyoni imwe chete yemadhara.

Hamuna kutenda kwetririyoni yemadhora! Tangai nepamuri ipapo; motanga kushandisa mutemo woHumambo pamwe nokuvaka chivimbo chenyu mumitemo yoHumambo uye nechikwanisiro chenyu chokubata zvamunoratidzwa naMwari.

Asi heino pfungwa yandinoda kuti mubate. Ndakanga ndiri mutyairi wendege kwemakore anopfuura makumi maviri ndisati ndatenga ndege iyoyo. Munofunga kuti mitemo yoHumambo yaishanda mumakore makumi maviri okumashure iwayo here? Hongu yaishanda. Kunzwisisa kwangu, kana kuti nditaure ndichiti kusanzwisisa kwangu, hakuna kunditendera kuti ndione ndiine ndege.

Munhu akatarisa shiri dzichibhururuka kwezviuru zvmakore, mutemo wokusimudza uchishanda masikati machena zuva nezuva kuti munhu wose aone, asi hapana akauona. Chii chamusiri kuona? Fungai nezvazvo.

Rimwe raMagwaro andakadzidziswa naMwari mumazuva epakutanga pamusoro pokuzorora muwaniso yoHumambo rakanga riri Zvirevo 10:22.

*Kuropafadza kwaJehovha kunowanisa hupfumi, uye haawedzeri matambudziko kwahuri.*

— Zvirevo 10:22

Rugwaro urwu rwunonongedzera kumashure kuRugwaro nomusimbotti zvomuna Genesisi 3:17 zvandakambotaura nezvazvo.

*Ivhu rakatukwa nokuda kwako; mukushanda kunorwadza, uchadya zvibereko zvaro mazuva ose ohupenyu hwako. Richakuberekera minzwa norukato, uye uchadya miriwo*

*yomusango. Neziya rechiso chako uchadya zvokudya zvako kusvikira wadzokera kuguruva.*

— Genesisi 3:17

Adhamu paakasikirwa noHumambo, akarasa waniso yoHumambo uye akasiwa nesimba rake pachake kuti ararambe. Asi sezvakaonekwa nemi neni, hatigoni kumhanya zvakanakwana mukushanda kunorwadza uye neziya kuti tisvike kurusununguko rwatinoshuva zvikuru. Asi ikozvino kune mashoko akanaka!!!! Jesu akauya kuzoparidzira varombo mashoko akanaka!

*Mweya waIshe Jehovha uri pamusoro pangu, nokuti Jehovha akandizodza kuti ndiparidzire varombo mashoko akanaka.*

— Isaya 61:1

Jesu akatumwa kunoparidzira varombo mashoko akanaka. Ndeapi aizova mashoko akanaka kuvarombo? Zviri nyore, ivo havafanirwe kuva vasungwa vokushaya uye vohurombo muhurongwa hwenyika yakatukwa. Vimbai neni, mushure mokurarama—kana kuti ndingatidzira mushure mokunge ndararama—kwemakore mapfumbamwe ndisina chinhu kunze kwezvikereti nokunetsekana, urwu Rugwaro rwakanga rwuri mashoko akanaka, asi aikangaidza. Rwaireva here zvarwaitaura? Hazvingave zvakanaka here kana rwainyatsoreva zvarwaitaura, kuti kuropafadzwa kwaIshe kwakaunza hupfumi muhupenyu hwedu? Ndainyatsoda kuziva kana ichi chaiva chokwadi uye kuti ndochizadzisa sei. Chinhu chimwe chete chandakanzwisisa, zvisinei, chaiva chokuti chituko chokushanda kunorwadza uye neziya chaingopa chete padanho rokuti pangove neraramo—uye kurarama kwakanga kusina kunaka

zvapakwana. Hapana aida kusununguka kubva mukutukwa uku kupfuura ini, asi zvakadaro, ndakanga ndisingazive kuti ndoita sei kuti zviitike muhupenyu hwangu. Ndinofunga kuti aya ndiwo mararamiro anorarama vaKristu vazhinji—vachiverenga zvipikirwa zvaMwari asi vasingazive magadzirisirwo uye kuti vozozviratidzira pano panyika muhupenyu hwavo.

Pandakatanga kudzidza uye Ishe zvavainditungamirira mukunzwisisa kwangu misimbati yoHumambo, ndakaverenga kuti Abhurahama akanga akapfuma zvikuru sei. Imbomirai! Ko hurongwa hwenyika yakatukwa; akahukunda sei?

*Abhurama akanga apfuma kwazvo pamombe nesirivha uye negoridhe.*

— Genesisi 13:2

Akanga apfuma—kwete, Bhaibheri rinoti akanga apfuma kwazvo—asi sei? “Zvakanaka,” mungati, “nemhaka yokuti akanga ari Abhurahama.” Kwete, handizvo, uye pano ndipo pamunofanira kubata kunzwisisa mutemo wohumambo kwenyu. Mitemo haitarisi zvamuri. Haisaruri vanhu. Kana mumwe munhu, chero ani zvake, akasvetuka kubva mu*Empire State Building* asina parachuti, pasinei nokuti aiva munhu mukuru kana kuti muduku sei, munhu wose aizoziva mugumisiro wacho. Mutemo wesimba rinokwevera zvinhu pasi uchashanda nguva dzose. Saka Abhurahama akabudirira sei kubva pakutukwa kwenyika? Pane zvingatibatsira here munyaya yake? Chikamu chemhinduro chinogona kuwanikwa muna Genesisi 12. Imomo, Mwari vakapa Abhurama, uyo nokufamba kwenguva akazova Abhurahama, chipikirwa chine chokuita nohupenyu hwake pamwe nezvizvarwa zvake.

*Jehovha akanga ati kuna Abhurama, “Siya nyika yako, vanhu vako neimba yababa vako uye uende kunyika yandichakuratidza. Ndichakuita rudzi rwukuru uye ndichakuropafadza; ndichaita kuti zita rako rive guru, uye iwe uchava ropafadzo. Ndicharopafadza vaya vanokuropafadza, uye ani naani anokutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe.”*

— Genesisi 12:1-3

Kuitika kwechipikirwa kwaizendama naAbhurahama aitenda Mwari uye nokuvateerera, uye zvaida kutenda kukuru kuti asiyane nezvaiziva uye asava anoziva kwaaienda.

*Nokutenda Abhurahama, akati adanwa kuti aende kunzvimbo iyo yaaizogamuchira kuti ive nhaka yake, akateerera akaenda, kunyange zvazvo akanga asingazivi kwaaienda.*

— VaHebheru 11:8

Saka tinoona kuti Mwari vakawana kupinda zviri pamutemo munzvimbo yepasi kubudikidza nomunhu aivatenda kunyange pazvaiva zvisina musoro. Kutenda kwaAbhurahama kwakaita kuti Mwari vamuropafadze pachake. Asi nokufamba kwenguva, nokuda kwokutenda kwaAbhurahama, Mwari vaizoitawo sungano naye pamusoro pevadyi venhaka yake. Musafunga kuti izvi chishamiso. Yeukai, iyi ndiyo nzira iyo Satani pachake akawana nayo kupinda munzvimbo yepasi pakutanga. Adhamu, uyo akanga ane simba repamutemo pamusoro papasi, sezvakanyorwa muna VaHebheru 2:7-8, akasarudza kutenda Satani pane kutenda Mwari.

Kutenda kwaAbhurahama, uko kwakazarura suo repamutemo repesvedzero yokudenga muhupenyu hwake, kwakamubvumira

kubudirira zvikuru. Kubudirira uku kwakatambanukira nomuvagari venhaka vose vaAbhurahama. Sezvandaienderera mberi nokudzidza nezvazvo, ndakaenderera mberi kuverenga pamusoro paJosefa, muzukuru chibvi waAbhurahama. Ndakawana mufananidzo mukuru uye nokunzwisisa kwoHumambo uye kuti hunoshanda sei, uye neizvo chaizvo zvinotaurwa naZvirevo 10:22.

Kuti tigadzire hwaro hwenyaya yacho, vakoma vaJosefa vakamu- venga ndokumutengesa muhuranda kubudikidza nevashambadziri venhapwa vaiwanzofamba munharaunda yavo. Vakaenda naJosefa kuIjipiti, kwaakatengeswa kuna Potifari, mukuru weuto reIjipiti. Maive murugwaro rwunotevera apo ndakawana chidimbu chikuru chenyaya maererano nokugona kubudirira kwaAbhurahama kusvika pamwero waakaita.

*Zvino Josefa akanga atorwa akaendeswa kuIjipita. Potifa muIjipita uyo akanga ari mumwe wamachinda aFaro ari mukuru wavarindi, akamutenga kuvaIshumaeri avo vakanga vamuendesa ikoko. Jehovha akanga ana Josefa uye akaita kuti abudirire, uye aigara mumba momuIjipita, tenzi wake. Tenzi wake akati achiona kuti Jehovha akanga anaye uye kuti Jehovha akamuita kuti abudirire muzvinhu zvose zvaakanga achiita, Josefa akawana nyasha pamberi pake uye akava mubatiri wake. Potifa akamuita kuti ave mutariri weimba yake, uye akamuita muchengeti wezvinhu zvose zvakanga zviri zvake.*

*Kubvira panguva yaakamuisa kuti ave mutariri weimba yake nowezvinhu zvose zvaaiva nazvo, Jehovha akaropafadza imba yomuIjipita nokuda kwaJosefa. MAROPAFADZO AJEHOVHA AKANGA ARI PAMUSORO PEZVINHU ZVOSE ZVAKANGA ZVIRI ZVAPOTIFA, ZVOSE MUMBA NOMUMUNDA. Saka akaisa mumaoko aJosefa*

*zvinhu zvose zvaakanga anazvo; Josefa ari mutariri, iye haana kumbova nehanya nezvimwe zvinhu kunze kwezvokudya zvaaidya bedzi.*

— Genesisi 39:1-6

Rugwaro rwunonyatsotaura kuti iRopafadzo raJehovha rakakonzera kubudirira kwaJosefa. Asi chii chaiva, kana kuti chimbori Ropafadzo raJehovha? Ndakaona kuti raive “Ropafadzo” raJehovha, kwete “ka” ropafadzo kaJehovha. Tose zvedu taizotaura pamusoro pechimwe chinhu chikuru tichiti “raiva ropafadzo.” Asi rugwaro urwu harwurevi chinhu chinozivikanwa, chakanaka, chiri kuitika. Rwuri kutaura nezve “Ropafadzo.”

Ndakaziva kuti kuropafadza kwaJehovha kwakanga kuri sungano yakaitwa pakati paMwari naAbhurahama nevadyi venhaka yake. Nyanyire kuti Ropafadzo iri raive zvipikirwa zvakapihwa Abhurahama musungano iyoyo. Chibvumirano chepamutemo chine machiri mabasa nesungano yevaviri vanobatanidzwa, asi chinodudzawo kuti mumwe nomumwe ave anobetsereka pachiri. Panyaya iyi, zvipikirwa zvakapihwa Abhurahama zvaiva kurutivi rwechibvumirano rwunoita kuti iye awane zvemo.

Chimanikidziro chokufarikanya nezvaiwanikwa pachibvumirano ichi chakanga chiri chokutevera mirau nemitemo yaShe. Ndakaonawo zvakajeka kuti zvinhu zvose zvaiunzwa naJosefa pasi pohutongi hwake hwepamutemo, zvaiuyawo pasi kana kuti zvaifarikanya nezvipikirwa zvimwechetezvo kana mune zvaiwanikwa mazviri.

Ipapo Zvirevo 10:22 yakanga ine musoro kwandiri. Zvipikirwa zvaMwari zvakapihwa kuna Abhurahama zviri sechibvumirano



chepamutemo zvakakunda hurongwa hwohurombo hwenyika yakatukwa. Ropafadzo rakapihwa Abhurahama rakaita kuti zvive pamutemo kuti Mwari varopafadze Abhurahama nedzinza rake nebudiriro uye nepesvedzero izvo Mwari vaimboda kuti munhu ave nazvo. Ngativerengei zvino Zvirevo 10:22 nokunzwisisa kwedu kwakanyorwa mukati memamhemberekedzo.

## Kiyi Huru:

**Kuropafadzo kwaJehovha [Zvipikirwa Zvakapihwa Abhurahama] Kunowanisa Hupfumi uye Haawedzeri Matambudziko Kwahuri.**

Mashoko okuti “*haawedzeri matambudziko kwahuri*” ari kunongedzera kuwaniso yohurongwa hwaGenesisi 3:17 hwenyika yakatukwa—nokushanda kunorwadza uye neziya. Shoko rechi-Hebheru rokuti *kutambudzwa* rinorevawo basa rakaoma! Munozviona here? Munhu anogona kupukunyuka kubva kuganhuriro dzokutukwa kwepasi dzebaso rinorwadza uye nokuditira kubudikidza nezvipikirwa zvakapihwa kuna Abhurahama. O-oo, ndinoziva zvamuri kufunga—“Zvipikirwa izvozvo zvakapihwa Abhurahama bedzi nezvizvarwa zvake.” Hongu, asi ndinoda kukuratidzai rumwe Rugwaro, VaGaratia 3:13-14.

*Kristu akatidzikinura kubva pakutukwa kwomurayiro paakava chakatukwa iye nokuda kwedu, nokuti kwakanyorwa kuchinzi: “Vakatukwa vose vanoturikwa pamuti.” Akatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwa [zvikipirwa] kwakapiwa Abhurahama kugosvika kune veDzimwe*

*Ndudzi kubudikidza naKristu Jesu, kuitira kuti nokutenda tigogamuchira chipikirwa choMweya.*

— VaGaratia 3:13–14

Zvino kubudikidza nokutenda, isu sevatendi muna Jesu Kristu tinovawo mukuropafadzwa kwakapihwa kuna Abhurahama. Zvino nderipi ropafadzo rakapihwa Abhurahama? Tinogona kuwana rudungwe rwezvipikirwa zvakanyorwa muna Dhuteronomi 28.

*Kana muchiteerera zvakanaka Jehovha Mwari wenyu nokuchenjerera kutevera mirayiro yake yose yandinokupai nhasi, Jehovha Mwari wenyu achakuisai pamusoro-soro pendudzi dzose dzapanyika. Maropafadzo aya ose achauya pamusoro penyu uye achava nemi kana muchiteerera Jehovha Mwari:*

*Ucharopafadzwa muguta uye ucharopafadzwa mumunda. Zvibereko zvomuviri wako zvicharopafadzwa, uye zvibereko zvevhu rako nezvibereko zvemombe dzako—mhuru dzemhou dzako uye namakwayana amakwai ako.*

*Dengu rako nomudziyo waunokanyira chingwa zvicharopafadzwa.*

*Ucharopafadzwa kana uchipinda uye ucharopafadzwa kana uchibuda.*

*Jhovha achaita kuti vavengi vako, vanokumukira kuti vakurwise, vakundwe pamberi pako. Vachauya kwauri nenzira imwe chete asi vagotiza vachibva kwauri nenzira nomwe.*

*Jhovha achakutumira kuropafadzwa pamatura ako uye nepane zvole zvauchabata namaoko ako. Jehovha Mwari wako achakuropafadza munyika yaari kukupa.*

*Jhovha achakusimbisai sorudzi rwake rutsvene,*

*sezvaakakuvimbisai nemhiko, kana mukachengeta mirayiro yaJehovha Mwari wenyu uye mukafamba munzira dzake. Ipapo marudzi ose ari panyika achazviona kuti munodanwa nezita raJehovha, uye vachakutyai. Jehovha achakupa pfuma zhinji—muzvibereko zvomuviri wako, zvibereko zvezvipfuwo zvako uye nezvirimwa zvevhu rako— munyika yaakapikira kumadzitateguru ako kuti achakupa.*

*Jehovha achazarura matenga, matura ake epfuma zhinji, kuti atumire mvura panyika yako nenguva uye acharopafadza mabasa ose amaoko ako. Iwe uchakweretesa ndudzi zhinji asi iwe haungakwereti. Jehovha achakuita musoro, kwete muswe. Kana ukanyatsoteerera kumirayiro yaJehovha Mwari wako yandinokupa nhasi uye ukachenjerera kuitevera, ucharamba uri pamusoro chete, haungavi pasi. Usatsauka kubva pane mumwe wemirayiro yandinokupa nhasi, kutsaukira kurudyi kana kuruboshwe, uchitevera vamwe vamwari kuti uvashumire.*

— Dhuteronomi 28:1-14

Zvipikirwa zvose izvi, kunyange zvazvo zviri muTestamende Yekare, zvavepo zvino kwamuri kuti mufarikanye nazvo. Musiyano ndewokuti muTestamende Yekare vanhu vaizviwana kubudikidza nezvavaiita, asi isu tinozviwana kubudikidza nokutenda kwedu muna Jesu Kristu pasi pesungano itsva. Imi neni, sevaHedheni, takaiswawo mazviri; uye zvino, kubudikidza naJesu Kristu, tinovawo muMaropafadzo aAbhurahama. Asi isu tine zvinopfuura ropafadzo repanyama raAbhurahama, tine ropafadzo remweya rokuberekwa patsva. Tava nemaropafadzo enyama, epanyika aAbhurahama, asi tinewozve maropafadzo asingaperi edenga noMweya Mutsvene zvamazvirokwazvo achigara matiri sevanakomana

nevanasikana vaMwari. Rangarirai, vanakomana nevanasikana chete ndivo vanowana nhaka; varanda havagoni. Pasina kuzvarwa patsva, kunyange Abhurahama aida Mwari, Mweya Mutsvene haana kugara maari, uye akanga asingagoni kupinda denga. Chokwadi, akawana denga pashure pokunge Jesu aripa chikwereti chechivi.

Zvino ndakanzwisisa zvinorehwa naZvirevo 10:22 payaiti Mwari vanounza hupfumi uye havawedzeri matambudziko kwahuri. Mumutauro wechiHebheru, *kutambudzika* zvinoreva basa rakaoma, iro randakanzwisisa zvino kuti rinoreva hurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya. Ndakanzwisisa kuti sungano iyi, iro ropafadzo rechipikirwa chebetsero yaMwari nemaropafadzo Avo, yakasimudza Abhurahama pamusoro pokutukwa kwenyika ndokumuita kuti abudirire. Ndakaona kuti zvinowanikwa muropafadzo iroro sokutsanagurwa kwazvinoitwa muna Dhuteronomi 28, zvakararatidza vakajeka kuti ndaifanira kubudirira. Mhedzisiro yezvipikirwa izvi yaizova yokuti ini ndakanga ndatemerwa kuva musoro kwete muswe, mukweretsi kwete mukwereti. Iyi ikodzero yepamutemo yemwana wose waMwari. SaJosefa, ndine ropafadzo raMwari, uye ndinofanira kubudirira. Ndavawo nenhaka yoHumambo hwaMwari hwose. Semwanakomana, zvose zvinotova zvangu zviri pamutemo.

Pandakatarisazve nyaya yaJosefa muna Genesisi 39, ndakanyatsoona kuti kubudirira kwaJosefa ndiko kwakabata pfungwa dzaPotifari, uye kwaivawo kubudirira kunooneka uko kwaizobata pfungwa dzemarudzi enyika uye kuti vaone musiyano muvanhu vaMwari.

*Ipapo marudzi ose ari panyika achazviona kuti munodanwa nezita raJehovha, uye vachakutyai. Jehovha achakupa pfuma*

*zhinji—muzvibereko zvomuviri wako, zvibereko zvezvipfuwo zvako uye nezvirimwa zvevhu rako—munyika yaakapikira kumadzitateguru ako kuti achakupa.*

— Dhuteronomi 28:10-11

Paive neimwe pfungwa huru munaGenesisi 39:6 yandakaonawo uye ndinoda kuti muione. Ichitaura nezvaPotifari, inoti, “*Saka akaisa mumaoko aJosefa zvinhu zvose zvaakanga anazvo; Josefa ari mutariri, iye haana kumbova nehanya [kutambudzika] nezvimwe zvinhu kunze kwezvokudya zvaaidya bedzi.*” Iniwo ndakazviona! Heuno muenzaniso wezvimwe zvatiri kutaura nezvazvo. Potifari hapana chaafanira kunetsekana nacho kunze kwezvokudya zvaaidya. Izvi zvinoreva kuti kubudirira kwakaunzwa naJosefa kumba kwake, Ropafadzo raJehovha rakaunza zvibereko zvakabvumira Potifari kunangidzira pfungwa dzake pamugove wake kwete pakuti orarama sei!

Ini naDrenda tine chirevo chatakashandisa kwemakore, “Kusvikira magadzirisira nyaya yehomwe, hamufe makaziva kwamakatarirwa,” uye hamuzombofa maziva kuti muri ani chaizvo. Hamufe makawana basa renyu ramunofanira kuita, pane chido chenyu chaipo, uye nokugutsikana. Munenge muchiita sarudzo dzenyu dzose maringe nokurarama, kutsvaga kana kuchengetedza mari, kuve mumwe munhu wamusiri wokungoti awane mubhadharo. Pano tinoona zvakaikwa naPotifari uyo akanga asingatombozivi nezvoHumambo hwaMwari paakaropafadzwa naJehovha. Nokuisa zvinhu zvake pasi petarisiro yaJosefa, pfuma yake, zvaimunetsa, zvakaendeswa pasi pesungano iyo Josefa akanga atakura. Munokwanisa kuona zvakajeka nguva yakatamiswa izvi mundima 5 yechitsauko 39.

*Kubvira panguva yaakamuisa kuti ave mutariri weimba yake nowezvinhu zvose zvaaiva nazvo, Jehovha akaropafadza imba yomuIjipita nokuda kwaJosefa. Maropafadzo aJehovha akanga ari pamusoro pezvinhu zvose zvakanga zviri zvaPotifa, zvose mumba nomumunda.*

— Genesisi 39:5

Pano zvakare tinoona kutamiswa kwechimwe chinhu munzvimbo yepasi, chiri pasi pohurongwa hwenyika yakatukwa, chichiuya pasi pohutongi hwoHumambo hwaMwari uye shanduko huru iri kuitika. Ngatitarisanei nazvo: Kana Mwari vari kukubat-sirai nohuchenjeri Hwavo, vachikutungamirirai kusarudzo dzakarurama, uye vachikunyeverai nezvemisungo ine njodzi, chero ani zvake anogona kubudirira! Mazviona here? Ropafadzo raJehovha nderenyu!

Sezvandaidzidza izvi uye Ishe pavaindidzidzisa nezvoHumambo, ndakavhiringidzika kuti nei Josefa akava nebudiriro huru nokuda kweropafadzo iri asi vaKristu vakawanda vandinoziva nhasi vari kunetseka nokubhadhara mitero yavo. Kuva nerusununguko zvachose mune zvemari chinhu icho vazhinji vasingatombofungi kuti chinogoneka. Asi tiine sungano iri nani yakavakirwa pairi zvipikirwa zviri nani kupfuura zveTestamende Yekare. Kunyange zvazvo ndainyatsonzwisisa Ropafadzo raJehovha, ndakanga ndisati ndanyatsoziva kuti ropafadzo iroro rakabudisa sei mhinduro dzanda—asi ndakanga ndichidzidza uye ndichifari-kanya norusununguko rwakawanda sezvandakatanga kushandisa nokuedza izvo Mwari vakanga vachindidzidzisa.

Ndakatendeudzira pfungwa dzangu dzose kuTestamende Itsva ndokutarira kuna Jesu nohushumiri Hwake kuti ndidzidze

zvakawanda pamusoro pokuti Humambo hwaMwari hwaishandura sei mumamiriro ezvinhu.

*Rimwe zuva Jesu zvaakanga amire paGungwa reGenesareti, vanhu vakaungana vakamukomberedza vachiteerera kushoko raMwari, uye akaona magwa maviri kumbhenderekedzo dzegungwa, akanga asiyiwapo navabati vehove, vakanga vachisuka mambure avo. Akakwira mune rimwe ramagwa acho, rakanga riri raSimoni, akamukumbira kuti ariswededze zvishoma kumahombekombe. Ipapo akagara pasi akadzidzisa vanhu ari mugwa. Akati apedza kutaura, akati kuna Simoni, “Chiriswededza kwakadzika ugokanda utava ubate hove.”*

*Simoni akapindura akati, “Tenzi, takashanda zvakaoma husiku hwose uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu utava.” Vakati vaita saizvozvo, vakabata hove zhinji kwazvo uye utava hwavo hwakatanga kubvaruka. Saka vakaninira vamwe vavo vakanga vari mune rimwe igwa kuti vauye vazovabatsira, ivo vakauya vakazadza magwa ose ari maviri; akazara zvokuti akatanga kunyura.*

*Simoni Petro akati achiona izvi, akawira pamabvi aJesu akati, “Ibvai kwandiri, Ishe; ndiri mutadzi!” Nokuti iye neshamwari dzake vakashama kwazvo nokuda kwehove dzavakanga vabata, uye vanaJakobho naJohani, vanakomana vaZebhedhi, vamwe vaSimoni, vakashamawo.*

*Ipapo Jesu akati kuna Simoni, “Usatya; kubva zvino uchava mubati wavanhu.” Saka vakakwevera magwa avo kumahombekombe, vakasiya zvose uye vakamutevera.*

— Ruka 5:1–11

Heino nyaya yokuti Humambo hwaMwari hwakabvisa sei

hurongwa hwokutukwa kwenyika muhupenyu hwevaredzi vatatu mamwe mangwanani. Mukaverenga rugwaro, munoona kuti Petro, Jakobho, naJohani vakanga varedza husiku hwose vasina chavabata, kana chii zvacho. Izvo chaizvo zvinoitika muhurongwa hwenyika yakatukwa yokutambudzika kunorwadza uye neziya, mushure mohusiku hwose, havana chokuratidza kushanda kwavo. Asi apo Jesu anopinda muHumambo hwaMwari nebasa rahwo, varedzi vamwechetevo vanobata hove dzakawanda kwazvo zvokuti magwa avo anoda kunyura!

Mirai!!!! Ngatifungei pamusoro pezvatichangobva kuverenga. Kusava nechinhu, pasina kana hove yabatwa, kunoshanduka kuita goho rinoda kunyudza magwa maviri? Asi vanhu vakaverenga nyaya iyi uye vakaiverenga kwemazana emakore asi havana kumboona kana kumbofunga kuti izvi zvingangoitikawo kwavari. Sei? Mhinduro yenguva dzose yaizova yokuti nokuti Jesu akanga aripo nokudaro akazviita. Rangarirai nyaya yandakakuratidzai muna Mako 6 apo Jesu aisakwanisa kuporesa vanhu nokuti vanhu vaive vasina kutenda, uye nokudaro, Humambo hwakanga husina hutongi? Mumwe munhu aifanira kupa denga simba rohutongi kuti denga ripindire mumamiriro ezvinhu aya.

**Simoni akapindura akati, “Tenzi, takashanda zvakaoma husiku hwose uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu utava.”**

Petro akapinda muchibvumirano nedenga, uye denga raive nemvumo yepamutemo munyaya iyi. Zvakare, tinoona nzvimbo yapasi ichishandurwa noHumambo hwaMwari. Kupenga, handizvo, sezvinoita vanhu vari kuona shiri dzichibhururuka zviuru



zvemakore asi vasingazivi kuti kubhururuka kwaigonekwa kwavari asi nokudaro vasingambozvitsvagi. Ndizvo zvakaitawo vaKristu nhasi, vasingazivi kuti havafaniri kushivirira utava husina chinhu asi kuwana simba rokudenga kuti rivabatsire kubudirira muhupenyu. Chinhu chandinoda kuti muone pano ndechokuti vakomana vaye vakanga vauya vasina chavabata ndivo vaye vane magwa maviri akazarisa ari kunyura!

Shamwari yangu, musiyano Humambo, kwete vanhu. Munogona kufunga kuti hamuna ramangwana, munotadza kuita chinhu chine budiriro, pasina chinobuda. Asi kutaura chokwadi, chamunongoda chete Humambo kuti hupenyu hwenyu huve nyaya yebudiriro. Hongu, munewo chikamu chenyu chokuitedza. Vaitofanira kuenda kunoredza—vaifanira kutarisira utava hwavo, uye kugadzirira kubata hove—asi munhu upi noupi anogona kubata hove kana Mwari vakakuratidzai nzvimbo yacho.

Inzwai, hurongwa hwenyika yakatukwa hwokumhanya nokudik-itira haugone kuzviita. Imi hamugone kumhanya zvakariririra kana kwenguva yakareba zvakariririra kuti mukwanise kuva nezviroto zvenyu. Mwari havana kumboronga kuti murumire mazino enyu uye muedze nesimba renyu pachenyu kuti zvinhu zviite.

Kubudikidza nokupinda mumitemo nezvipikirwa zvoHumambo hwaMwari, tinogona kubhururuka panzvimbo pokufamba. Regai ndizviise neimwe nzira. Kunyange zvazvo mutemo wesimba rinokwevera zvinhu pasi uchiri kushanda, tinogona kubhururuka nokupinda mune mumwe mutemo, mutemo wokusimudza, tonakidzwa nemararamiro matsva.

Yeukai kuti pamunouya kuna Kristu, muri nhengo yoHumambo hwaMwari. Somugari, muri kuratidza kodzero dzepamutemo; uye semwanakomana kana semwanasikana, muri kuratidza kuti mune

kodzero yokugara nhaka. Kodzero dzenyu dzepamutemo uye nezva-munowana kubva kwadziri zvakakuisai kumusoro kwohurongwa hwenyika yakatukwa yohurombo, hosha, uye nokukundikana.

Fungai kuti ndima iyi yainzwika sei kumuIsraeri akanga ari muranda kwohupenyu hwake hwose. Kutaure idi, chavaingoziwa bedzi huranda hwavaigona kurangarira. Aya ndiwo mashoko akataurwa naMozisi kurudzi rwaIsraeri pavakanga vava kuenda kunopinda munyika yechipikirwa.

*Zvino kana Jehovha Mwari wenyu achinge akupinzai munyika yaakapikira kumadzibaba enyu, Abhurahama, naIsaka, naJakobho, kuti achakupai—nyika ina maguta makuru akanaka, AMUSINA KUVAKA IMI, dzimba dzizere nezvinhu zvakanaka zvamarudzi ose zvamusina kutsvaka imi, matsime amusina kuchera, minda yemizambiringa namasango nemiti yemiorivhi yamusina kusima—zvino kana muchinge madya uye mukaguta, muchenjerere kuti murege kukanganwa Jehovha, akakubudisai kubva muIjipiti, kubva munyika yoHURANDA [humambo hwouranda].*

— Dhuteronomi 6:10-12

Sevanhu vaimbova varanda kare, nzira bedzi yavaiziva yokuita nayo chimwe chinhu yakanga iri yokushanda zvinorwadza uye neziya. Asi apa Mwari vakanga vachivaudza kuti kushanda kwavo kwaisazovawanira zvavanoda. Vakanga vasiri kuvaudza kuti hapana basa ravakanga vachaita kuti vawane zvinhu, asi kuti vaisazosungwa nohurongwa hunoda kushanda kuti vangoraramawo zvavo. Mwari vanoti vaizobudirira munyika yavakanga vavatungamirira.

Regai ndependere chitsauko chino neimwe nyaya inojekesa

zvandiri kutaura. Ini naDrenda hatisi vanhu vanonyanyofarira motokari. Kune vamwe vakadaro, uye vanogona kukuudzai motokari dzose dzavanoyemura.

Nokuda kwechimwe chikonzero, hatina kumbopinda muchido chemotokari. Zvino, ndapota musandifungira zvisizvo. Tinoda zvinhu zvakanaka, asi hatina kumbobvira tataura kuti tinofanira kuva nemotokari yakadai. Kazhinji tinotenga motokari tozoityaira kwemakore gumi kana kudarika. Chokwadi, tinotarisisira zvedu

zvakanaka motokari dzedu uye hadzimbotaridziki semotokari dzekare, tinofara chero dzichitaridzika hadzo zvakanaka uye dzichimhanya zvakanaka.

Asi makore mashoma apfuura, takarendesera kereke yedu ma*Escalade* pamusangano wataiita. Takavarendesera kuti vatyaire vaeni vedu, uye taida kupa motokari yakanaka kuti tiite kudaro. Zvino, aka kakanga kasiri kokutanga kuita izvi. Tagara tichidaro. Asi kakanga kari kokutanga kuti tityaire imwe yadzo tiine vanhu pamba pane chimwe chiitiko. Handizivi kuti sei takatyaira imwe yadzo panguva yechiitiko ichi, asi takaityaira kuenda kumba husiku. Uye munozivei? Takaida. Ini naDrenda taifarira mafambiro ayaiita uye nokuratidzika kwayo.

Panguva iyoyo, taityaira *Honda Pilot* yakanaka, asi *Escalade* yaiva chinhanho chemberi pakunaka pane *Pilot*. Yaiva mhando ye*platinum pearl white* uye yaive pfupi-pfupi. Kana muchiziva zvakanaka pamusoro pema*Escalade*, anouya mumhando mbiri, yakakwirira uye neipfupi. Taifarira pfupi sezvo yaiita kunge

**CHAMUNONGODA  
CHETE HUMAMBO KUTI  
HUPENYU HWENYU HUVE  
NYAYA YEBUDIRIRO.  
HONGU, MUNEWU  
CHIKAMU CHENYU  
CHOKUITA.**

yaityairika zvirinani, iine kakudairira kakati wandei. Pandaityaira *Escalade* ndina Drenda, akati, “Unoziva, iyi ndaifaira; Ndinofunga tinofanira kuwana imwe yeidzi.” Ndakabvuma. “Tinofanira kuwana imwe seiyi, pfupi yacho iri ye*pearl white*.”

Takabvumirana tose. Kunyange zvazvo tisina kuudza ani zvake nezvekurukurirano yedu, munenge mushure memwedzi, sezvandai-famba panze kuti nditore bepa rangu, nharembosha yangu yakachema. Izwi raiva kune rumwe rutivi rwerunhare ndakariziva semunhu aipinda kereke yangu. Akabva ati, “Kwaziwai,” achibva ati aida kunditengera *Escalade*. Ndakakatyamadzwa kweminiti asi ndikati, “Zvakanaka!” Akazondibvunza ruvara rwandaيدا, uye ndakamuudza kuti taida *pearl white*. Akati, “Ndichakuchairazve runhare kana ndakutengerai imwe.” Zvisinei, haana kundibvunza kana ndaida pfupi kana kuti yakakwirira. Mwedzi wakapera ndichifunga kuti zvimwe akanga akanganwa nezve-motokari, asi chokwadi akachaya runhare akati tiende kwaiva, akanga atogadzirira *Escalade* kuti tinoitora.

Sezvatakasangana naye, takaona *Escalade* pfupi yakaisvonaka ye*pearl white*, yakati dzi ipapo. Yakanga yakakwana nenzira dzose, isina kana kumarika, yakanyatsokwana. Takamuudza kuti tainga taida. Akabva akumbira ruregerero achiti aiva nohurombo kuti zvatora nguva yakareba asi kunyange zvazvo akanga aedza kutsvaga mhando yakakwirira, yaakangowana chete ipfupi. Takaseka zvedu ndokuti, “Pfupi ndiyo yataida.” Takatyaira motokari iyi tichienda kumba uye ndofunga taive vanhu vakapfuma chose pasi rose vaityaira motokari iyoyo. Asi munozivei? Iwo ma*Escalade* ave aripo kwenguva yakareba. Handina kumbofunga kuva neimwe yawo! Kutu munzwisise nyaya iyi zvakakwana, munofanira kuziva kuti ndakapa motokari sere kare, saka ndaive nembeu muvhu maererano nemotokari. Handina kumbobvira ndati ndaidawo motokari imwe.

Mashoko okuwedzera - Ndinoziva zvamuri kufunga, kuti zvinhu zvakadai zvinoitika kuvaparidzi chete. Zvisinei, ndave ndiri mundima yezvemari kwamakore 36 uye ndakataura nevaparidzi vakawanda. Kukuudzai chokwadi, vazhinji vavo vanorarama nemari shoma-shoma. Kwete, zvinhu izvi hazvina kuitika uye hazviitike kwatiri nokuti tinoparidza nezvoHumambo, asi nokuti tinorarama muHumambo uye tinoshandisa mitemo yoHumambo muhupenyu hwedu. Kutaura zvazviri, pandakazotanga kereke yangu ndakanga ndisisina chikwereti. Ndaisafanira kutanga kereke yangu kuti ndiwane basa rokubhadhara zvikwereti zvangu, ndingotaurawo hangu. Ndakatanga kereke yangu kuti ndiudze vanhu izvo ini naDrenda takanga tawana—mashoko akanaka oHumambo!



CHITSAUKO 6

**KUNE ZVIMWE  
ZVINHU  
ZVOHUPENYU KUNZE  
KWOKUNGOTERERA  
BEDZI!**

Rakaita sezororo pfupi rohupenyu mudutu rohupenyu randakanga ndakatarisana naro. Takanga takoka vanhu vanenge 50 kuti vauye kuimba yedu yepapurazi yekare mamwe masikati kuti vazonakidzwe nokudziya moto, *mahot dog*, uye nokuwadzana. Izvi zvaive mukati memakore okushushikana kwakanyanya, pasina mari, tichingonetsekana kuti tirame vhiki imwe neimwe inouya. Ndakanga ndakatarisira chiitiko ichi sezvo ndakanga ndakaneta mupfungwa uye ndaida chimwe chinhu chakanaka chokuisa pfungwa pachiri. Manheru acho akabudirira zvikuru: zvokudya zvacho zvakanga zvakanaka, shamwari dzedu dzakawanda dzakauya nevana vadzo, uye vose vakanga vachifara. Mumba mainge

makazara vanhu pamusuo papakagodzwa. Ndakafunga kuti kuda mumwe munhu akanga anonoka kumusangano wedu, asi pandakazarura musuo, ndakakwaziswa nomushandi wekambani yemagetsi. Akataura zvine ruremekedzo kuti akanga aripo kuti adzime magetsi sezvo ndaive ndisina kuterera. Ndakavhunduka. Mumba mangu maiva makazara vaeni uye ndaida magetsi, ko idzo nyadzi zvadzo dzaizokonzerwa nazvo.

Ndakakurumidza kukumbira mushandi uyu kuti tisuduruke pamba tipotere kuseri kwemba kweminiti. Ndakamubvunza kuti chii chaidiwa kuti magetsi arambe akabatidzwa, ndokubva andipa huwandu hwemari yacho. “Yakanyanyisa,” ndakafunga kudaro. “Unogona kuideredza here?” Akambofunga kweminiti ndokuzondipa nhamba yakaderera. “Unokwanisa here kubata cheki kusvika Chipiri, wozoibhadhara?” ndakabvunza. Akati, “Hapana dambudziko,” uye ndakanyora cheki yacho. Muakaundi makange musina mari neChishanu ichocho, uye handina kuziva kuti inenge yavamo here Chipiri chisati chasvika, asi magetsi akaramba aripo kusvika kukupera kwevhiki. Handichayeuki zvandakaita neChipiri, asi zvichida ndakawana chimwe chinhu chokutengesa.

Iri rakanga riri rimwe zuva romuhupenyu hwedu ratairarama nemari isina kumira zvakanaka. Zvino chimbofungai muchirarama nenzira iyi kwemakore mapfumbamwe! Kurarama pasi perudzi irworwo rwokushushikana kunomisa zviono zvose uye kunobvisa mufaro woga-woga ungaunzwa nezuya. Pfungwa dzose dzakanangana nokungorarama, kuti mungowane mari yomutero unotevera. Kutu svondo rapfuura ndakashandisa mari yakawanda here? Ndinofanira kutakura *calculator* pandinoenda kunotenga girosari kuti ndive nechokwadi chokuti handipfuudziri? Nguva dzose muchifunga nezvokuti mungaita sei chimwe chinhu nenzira



ine mutengo wakaderera. Shamwari, uku hakusi kurarama! Onai zvinotaurwa naMateo 6:25.

*Naizvozvo ndinokutaurirai kuti, musafunganya nezvohupenyu hwenyu, kuti muchadyei kana kuti muchanwei, kana nezvemiviri kuti muchapfekei. Ko, hupenyu habusi hwakakosha here kudarika zvokudya, nomuviri kudarika zvokufuka here?*

— Mateo 6:25

Jesu ari kuti zvinhu zvohupenyu hazvisi hupenyu! Zvose zviri muhupenyu pano ndezvokutsigira hupenyu, kutsigira chinangwa chedu. Asi sezvo Adhamu akarasa waniso yoHumambo, hupenyu hwakashanduka uye zvino chinhu chose chinotsigira hupenyu chinokosha zvikuru kupfuura hupenyu pachahwo.

Vanhu havatombozivi kuti hupenyu chaihwo chii uye havatombozivi kuti ndivanaani chaizvo. Bvunzai chero ani zvake uye vachakuudzai zvavanoita. “Ndiri chiremba, ndiri mumiririri wevatengesi vedzimba,” nezvimwewo. Kwete, handizvo zvamuri; ndizvo zvamunoita. Munhu arasikirwa nezviroto zvake. Ndinoreva kuti munhu ava kurota kuti angaita sei mari yakawanda ndokubva arasa chiroto chechinangwa. Mune mamwe mashoko, chero chiri kubhadrara mari yakawanda ndicho chinova chiroto chake. Zvisinei, nokuti munhu oga-oga akasikwa aine matarenda nokugona kwakasiyana-siyana, anozviwana ari pabasa risiri chido chavo. Hupenyu hunova hurefu, hune mavhiki anoreba munhu akamirira rusununguko pakupera kwevhiki, kana kuti hupenyu hunoreba hwakamirira kuenda pamudyandigere.

Zvino regai ndikubvunzei mubvunzo. Dai manga musingade

mari, muine mari yakawanda kupfuura yamaigona kushandisa muhupenyu hwenyu, maizoita sei? Kuda maizova nechimwe chinhu chakasiyana nechamuri kuita zvino. Sezvandambotaura, ndinoziva kubva kune nhamba dzakabuda paongororo yakaitwa kuti chingangoita chikamu chinomwe kubva muzana chevaAmerica, pavakabvunzwa kana vachida basa ravanoita, vakati havasi kuita zvavanoda. Ndinoda kuti munzwisise kuti kumhanyira pfuma uku, icho chimanikidziro chokuita zvinhu, uye nokugarofunganya pamusoro peramangwana hazvina kumbobvira zvave zano raMwari pakutanga.

*Saka Mwari akasika munhu nomufananidzo wake, akamusika mumufananidzo waMwari; akavasika murume nomukadzi. Mwari akavaropafadza akati kwavari, “Berekanai muwande; zadzai nyika uye mubate ushe pamusoro payo. Muve nesimba pamusoro pehove dzegungwa napamusoro peshiri dzedenga napamusoro pezvisikwa zvipenyu zvinokambaira panyika.”*

*Ipapo Mwari akati, “Ndinokupai miriwo yose inobereka iri pamusoro penyika yose nemiti yose ine michero, ine mhodzi mukati mayo. Zvichava zvokudya zvenyu. Uye kumbuka dzose dzapanyika neshiri dzose dzedenga nokuzvisikwa zvole zvinokambaira panyika—zvole zvinofema—ndinozvipa miriwo minyoro kuti zvive zvokudya zvazvo.” Uye zvakaita saizvozvo.*

*Mwari akaona zvole zvaakanga aita, kuti zvakanga zvakanaka kwazvo. Uye madekwana akavapo, namangwanani akavapo—zuva rechitanhatu.*

— Genesisi 1:27-31

Munhu akasikwa pazuva rechitanhatu rokusika—pakupera kwezuva rechitanhatu, chaizvoizvo. Akasikwa pakupera kwezuva rechitanhatu nokuti akasikwa kuti agare naMwari nezuva rechinomwe, zuva ratinoziva sezuva rokuzorora.

*Naizvozvo matenga nenyika zvakaopera mukushongedzwa kukuru kwazvo kwose. Pazuva rechinomwe Mwari akanga apedza basa raakanga achiita; saka pazuva rechinomwe akazorora pamabasa ake ose. Uye Mwari akaropafadza zuva rechinomwe akariita dzvene nokuti pazuva iro akazorora pabasa rose rokusika raakanga aita.*

— Genesisi 2:1-3

Bhaibheri rinoti Mwari vakazorora nezuva rechinomwe. Vakanga vasina kuneta! Vakanga vapedza. Zvose zvakanga zvakwana. Chinhu chose icho munhu aizoda kuva nacho pasi pano chakanga chatova pasi pano apo munhu akasikwa. Rugare! Munhu aiva newaniso yose yaaizoda. Pakanga pasina kunetseka nezvokubhadhara mitero, pasina kufunganya pamusoro pokurwara. Akanga ane muviri wakakwana uye nomudzimai akakwana. Chinhu

**PFUMA INOTIKWEZVA  
KUKUPUKUNYUKA  
KUNOKWANISIKA,  
ICHITIENDESA KUNZVIMBO  
YOKUZORORERA—NZVIMBO  
YATINOGONA KUISA  
PFUNGWA DZEDU PANE  
ZVATINODA CHAIZVO KUITA,  
KURARAMA HUPENYU HUNE  
CHINANGWA PANZVIMBO  
POKUNGORARAMAWO.**

bedzi chavaizoisa pfungwa dzavo pachiri chaiva pane umwe wavo, Mwari, uye mugove wavo, kana kuti chinangwa chavo.

Adhamu ndiye akanga ari mutongi wepanyika; akaitonga chose nemasimba uye nesimba roHumambo hwaMwari. Asi isu tinotoziva kuti nyaya iyoyo yakapera sei. Adhamu naEvha vakapandukira Humambo hwaMwari uye vakarasikirwa nechinzvimbo chavo, vakarasikirwa newaniso yavo, uye vakarasikirwa nechinangwa chavo. Chinangwa chavo chakava chokurarama. Kunetsekana uye nokutya zvino zvakapedza pfungwa dzavo uye vakava nokutamburira kuti vave neraramo. Sokutaurwa kwazvinoita naGenesisi 3:17, zvaida kushanda nesimba uye neziya.

## **Adhamu akarasikirwa nezuva rechinomwe!**

Pakanga pasisina zororo zvino, pasisina rugare. Rima risina kukwana rakafukidza hupenyu hwake, uye Adhamu aito fanira kumhanya kuti arambe ari kumberi kwokusava nechinhu. Kubvira ipapo, munhu akararama mumamiriro ezvinhu aya okusakwana. Asi tariro yakanga iripo. `Munhu zvaakawa, Mwari vakamupa chirangaridzo, ngatitii mumvuri, weizvo zvavakanga vachadzoreredza kukusika Kwavo. Rainzi zuva reSabata. Izwi rokuti *sabata* rinoreva kuti zororo. Zuva rechinomwe revhiki rakapihwa munhu sezuva reSabata. Sabata, sokufungidzira kwenyu, yaive ichida kuti pasave nebasa rinoitwa; kushanda kunorwadza uye nokudikitira zvaisatenderwa.

Zuva reSabata rakanga riri iro zuva munhu aifanira kumira, ofara nemhuri yake uye nokunamata Mwari. Zvinhu zvose zvaidiwa kushandiswa paSabata zvaifanira kupedzwa kugadzirirwa Sabata isati yatanga. Kunyange nechiraro chepazuva reSabata chaifanira kugadzirwa manheru ezuva romumashure. Munhu aimira ombofunga pamusoro pezvime zvisiri zvokuti ave anorarama.

Zuva reSabata raingova izvozvo, zuva. Asi kubva kare munhu ave achirota hupenyu hwokuzorora. Kutsvaga pfuma kunoita munhu chiratidzo chechishuvo chake chokusunungurwa kubva mukushanda kunorwadza uye neziya, izvo zvakamuita musungwa hupenyu hwake hwose. Pfuma inotikwezva kukupukunyuka kunokwanisika, ichitiendeswa kunzvimbo yokuzororera—nzvimbo yatinogona kuisa pfungwa dzedu pane zvatinoda chaizvo kuita, kurarama hupenyu hune chinangwa panzvimbo pokungoraramawo.

Muzuva ranhasi, zuva reSabata, zuva rechinomwe, kwamuri ungave uri Mugovera kana kuti Svondo, asi hariremekedzwe zvikuru mutsika dzedu. Hongu, vanhu vazhinji vanoenda kukereke vanoenda neSvondo mangwanani. Asi mukatarisa tsika yacho yose izere, hamungakwanisi kurisiyanisa kubva kune rimwe zuva rokushanda. Pandaiva mwana, zvinhu zvose zvaivharwa musi weSvondo. Waisagona kuenda kunotenga neSvondo; waisagona kutenga kunyange peturu neSvondo. Baba vangu vaifanira kuva nechokwadi chokuti vatenga peturu manheru oMugovera kuti vave nechokwadi chokuti vaiva nezvavaida musi weSvondo. Kana muchiziva zvakanwanda nezvangu, munoziva kuti ndinofarira kuvhima, asi somuvhimi, handaikwanisawo kuvhima neSvondo. Zvakanga zvisiri pamutemo kuvhima neSvondo. Nemusi weSvondo vanhu vaiwanzopfeka mbatya dzavo dzakanakisisa uye vaidya chirariro chakanakisisa nemhuri dzavo. Asi chokwadi, zvose zvashanduka nhasi. Asi mufananidzo wechokwadi weSabata hauna.

Asi pasinei nokuti Sabata yakanga yagadzirirwa zvakanaka sei, pasinei nokuti kudya kwemhuri kukuru sei, Muvhuro wakanga uchiuya. Chirevo chokuti “*Muvhuro uya wasvika*” chave chakafanana nezwi rokuti *kutya* kwenguva yakareba yandinogona kuranagarira. “Ndinofanira kuenda kubasa” uye “kudzokera kumushando

unorwadza” akanga ari mashoko aishandiswa kurondedzera mangwanani oMuvhuro. Uye mukamira mofunga nezvazvo, zvaiita kunge hutapwa. A-aa, tendai Mwari kuti nhasi Chishanu! Kunyange nanhasi, kupera kwevhiki neSabata zvinopa nguva pfupi yokuzorora kuvanhu vakawanda. Asi inguva pfupi uye chipatapata chemotokari choMuvhuro mangwanani chakamirira.

Asi ko dai paive neimwe nzira yokurarama hupenyu muSabata risingaperi. Zvaizova zvakanaka sei kudai kwakanga kune nzira chaizvoizvo yokurarama nayo hupenyu husina rutyo, huzere newaniso, huzere chinangwa, uye kugara munzvimbo yokuzorora! Ini naDrenda takararama hupenyu hwokurwadziwa, hwokutya, hwokurwara, uye hwokusachengeteka kwemakore mapfumbamwe kusvika tawana kuti zororo reSabata raitove sarudzo yohupenyu hwedu. Ndiri kurevesa!

*Naizvozvo richiripo, zororo reSabata ravanhu vaMwari; nokuti ani naani anopinda muzororo raMwari anozororawo pabasa rake, sezvakaita Mwari pane rake. Naizvozvo ngatishingairirei kuti tipinde muzororo iro, kuitira kuti pashayikwe achawa nokuda kwokutevera muenzaniso wavo wokusateerera.*

— VaHebheru 4:9-11

Shamwari, iyi iTestamende Itsva. Kune zororo reSabata riripo kuvanhu vaMwari nhasi. Rugwaro urwu rwunoreva kuti tinogona kupinda muzororo raMwari uye kuzorora kubva pabasa redu. Rangarirai zvatichangobva kudzidza: Zororo raMwari rinoti zvinhu zvose zvakakwana, zvizere, uye waniso inowanika nyore-nyore. Pane

rusununguko kubva mupfungwa dzokungorarama, rusununguko kubva mukusungwa nohurombo, uye rusununguko kubva kuhurwere nehosha. Pane zvitsva zvingasarudzwa! Sabata rakanga risiri ruzivo rweTestamende Yekare chete, ndeyeduwo nhasi. Asi musati mafunga kuti ndiri kutaura pamusoro pokurarama pasi pemitemo netsika dzeTestamende Yekare, ndapota zivai kuti handisi. Pane kudaro, ndinoda kuongorora zororo reSabata iri rinotaurwa nezvaro navaHebheru. Nokuti sezvakaona ini naDrenda, muno mune kiyi inokosha zvikuru yokushanda kwoHumambo hwaMwari nokuwaniswa muhupenyu hwedu sezvaidiwa naMwari.

**ZVAIZOVA ZVAKANAKA  
SEI KUDAI KWAKANGA  
KUNE NZIRA CHAIZVOIZVO  
YOKURARAMA NAYO  
HUPENYU HUSINA RUTYO,  
HUZERE NEWANISO, HUZERE  
CHINANGWA, UYE KUGARA  
MUNZVIMBO YOKUZORORA!**

## **CHISHAMISO: SABATA HARISISIRI ZUVA!**

Ndinovimba kuti chirevo ichi chabata pfungwa dzenyu. Pakave nekurukurirano huru mumuviri waKristu pamusoro pokuti Sabata inofanira kuchengetwa sei: Mugovera, Svondo, kana kutanga pakunyura kwezuva reChishanu kusvika pakunyura kwezuva roMugovera. Masangano ose akavakwa maererano nokududzira kwavanoita Sabata. Musati makanda bhuku rino mumba nokusemburwa muchifunga kuti ndiri munyengeri, ndapota ndiitireiwo moyo murefu kwechinguvana, uye ngatitarisei VaKorose 2:16–17.

*Naizvozvo ngakurege kuva nomunhu anokutongai pamusoro pezvamunodya kana kunwa, kana nezvemitambo yechitendero, kupemberera Kugara kwoMwedzi kana zuva reSabata. Izvi mumvuri wezvinhu zvaizouya, kunyange zvakadaro, chokwadi chinowanikwa muna Kristu.*

— VaKorose 2:16–17

Nyatsoteerera! Kune zvinotaurwa naPauro. Zuva reSabata rakanga riri mumvuri wezvinhu zvaizouya; chokwadi, zvisinei, zvinowanikwa muna Kristu. Zuva reSabata rakanga riri mumvuri, chakanga chisiri chinhu chaicho. Kana Kristu ari iye chinhu chaicho, saka zuva reSabata raive mumvuri wezvaari uye nezvaakaita. Regai ndizvitaure sezvizvi: Hapana simba pazuva reSabata rokubvisa kana rokushandura hurongwa hwepasi hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya zvakaunzwa naAdhamu panyika. Kana mukakudza Sabata yacho zvechitendero, pachayo, haina simba rokukusunungurai. Asi Sabata mumvuri, mufananidzo, wezvamuchawana muna Kristu.

Pandakanga ndiri muchidzidzo chokutanga, mudzidzisi wangu akati tose tiite mifananidzo yemisoro yedu nedivi. Vakatora *projector* ndokuti tigare pamberi payo, uye ikaisa mumvuri yemisoro yedu pabepa jena. Vakazodhirowa zviratidziro zvemumvuri yedu ndokugadzira *masilhouette* edu, atakacheke tikaenda nawo kumba kuna amai vedu paZuva rana Amai. Mumvuri wakatora chimiro changu, asi hauna kutora moyo wangu, tsika dzangu, kana hunhu hwangu. Asi wakapa ruzivo pamusoro pangu.

Ndizvo zvakaite Sabata. Mumvuri wayo waiti kusashandwa, hapana kurwadza nokudikitira. Waingova mumvuri chete, zvisinei, kwete chinhu chacho chaicho. Asi yakanga ichinongedzera kuna



Jesu Kristu, uyo, akatisunungura kubva pakutuka kwomurairo nohurongwa hwenyika yakatukwa uye akatisimbisazve sevanakomana nevanasikana vaMwari uye sevagari voHumambo hukuru hwaMwari! Zvakare, wakanga uri mufananidzo weizvo Jesu aizodzosa kwatiri rimwe zuva. Ibasa rakapedzwa apo zvose zvohupenyu zvinoda zvakadzoserwa kwatiri. Zvisinei, sezvinotaura VaHebheru, tinopinda muzororo iri nokutenda. Yeukai, kutenda kunodiwa kuti zvive pamutemo kuti denga rive nesimba pasi pano. Pamuchinjikwa Jesu akadanidzira achiti, “Zvaperera! sokutaura kwakaita Mwari kuti zvakange zvaperera pakupera kwezuva rechitanhatu.

Muzuva ranhasi Sabata kuvanhu vazhinji izuva rechitendero. Vanhu vanotarisa Sabata sezuva raMwari, zuva ratinofanira kuenda kukereke, kuitira Mwari zvinhu, uye kuita zvimwe zvinhu zvechitendero. Jesu aifanira kugadzirisa vadzidzi Vake, avo vaiva nemafungiro akafanana neiwaya.

*Sabata rakaitirwa munhu, munhu haana kuitirwa Sabata.*

— Mako 2:27

Sabata rakaitirwa munhu, munhu haana kuitirwa Sabata. Munoziva here kuti vanhu vazhinji vanonzwa vaine mhosva kana vakarovha kukereke? Ko vanganzwa vane mhosva nokuda kwokurovha kukereke ivo, chaizvoizvo, vari kereke yacho? Handisi kutaura kuti hatifaniri kuungana pamwe chete zvachose mukunamata, asi mafungiro avo anoratidza kuti vane maonero eSabata asiri iwo.

Ndinoziva kuti munogona kunge muchiri kuvhiringika, nokudaro regai nditarise zvakadzika-dzika zvakataurwa naJesu muna Johani 11.

*Jesu paakasvika akawana Razaro anguva ava muguva kwamazuva mana. Bhetani yaiva makiromita angangosvika matatu kubva muJerusarema, uye vaJudha vazhinji vakanga vauya kuna Marita naMaria kuti vazovanyaradza pakurasikirwa kwavo nehanzvadzi yavo. Marita akati anzwa kuti Jesu auya, akabuda kundomuchingamidza, asi Maria akasara mumba.*

*Marita akati kuna Jesu, “Ishe, dai maiva pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa. Asi ndinoziva kuti kunyange izvozvi Mwari achakupai zvole zvamuchakumbira.”*

*Jesu akati kwaari, “Hanzvadzi yako ichamukazve.”*

*Marita akati, “Ndinoziva kuti achamukazve pakumuka kwezuva rokupedzisira.”*

*Jesu akati kwaari, “Ndini kumuka nohupenyu. Uyo anotenda kwandiri achararama, kunyange dai akafa; uye ani naani anorarama uye anotenda mandiri haangatongofi. Unotenda here izvi?”*

*Iye akati, “Hongu, Ishe, ndinotenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari, uyo akanzi achauya panyika.”*

— Johani 11:17-27

Jesu akati ndiye kumuka; rakanga risiri zuva chete. Zuva reSabata rakanga riri uye mumvuri weizvo Jesu akatiitira pamuchinjikwa. Jesu ndiye Sabata rechokwadi uye maari tinowana mapindiro muHumambo hwaMwari nezvole zvahunazvo. Nokudaro, tinogona kuzorora!

Nokudaro ngatidzokerei kuRugwaro rwedu rwomuTestamende Itsva yaVaHebheru.

*Naizvozvo richiripo, zororo reSabata ravanhu vaMwari; nokuti ani naani anopinda muzororo raMwari anozororawo*

*pabasa rake, sezvakaita Mwari pane rake. Naizvozvo  
ngatishingairei kuti tipinde muzororo iro, kuitira kuti  
pashayikwe achawa nokuda kwokutevera muenzaniso  
wavo wokusateerera.*

— VaHebheru 4:9-11

Mumvuri wezuva reSabata unoti hazvitenderwi kuti mushande uye mudikitire nokuda kwezvamunoda nezuva reSabata, asi waingotipa muono wezvakaikwa naJesu, izvo zvaitisunungura kubva kutsika yokutukwa kwepasi yokushanda nesimba uye neziya kuti tirame. Nemamwe mashoko, zvayaifananidzira zvakava zvinoitika muna Kristu. Kutaura idi, shoko rokutanga rakaparidzwa naJesu rakanga rakananga pazuva reSabata. Muna Isaya 61, tinowana mazwi emharidzo Yake yokutanga yaakaparidza muna Ruka 4.

*Mweya waIshe Jehovha uri pamusoro pangu, nokuti Jehovha  
akandizodza kuti ndiparidzire varombo mashoko akanaka.*

— Isaya 61:1

Nokutaura kuti pane nzira yokubuda nayo muhurombo, akanga achitaura kuti pane nzira yokubuda nayo muhurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya. Uhwu hwaiva hutapwa hwokutsvaga waniso hwaiita kuti varume vave vasungwa uye vasawana zororo. Asi zuva reSabata rakanga risiri iro chete mufananidzo wechimwe chinhu chaizodzoreredzwa nerimwe ramazuva uyo Mwari vakapa vanhu Vavo. Kwaivawo negore reSabata!

*Pakupera kwamakore manomwe oga oga munofanira*

*kudzima zvikwereti. Iyi ndiyo nzira yazvinofanira kuitwa nayo: Mumwe nomumwe akapa chikwereti anofanira kudzima icho chaakakweretesa hama yake muIsraeri. Haangarevi chikwereti kune wokwake muIsraeri, kana hama yake, nokuti nguva yaJehovha yokudzima zvikwereti yaparidzwa. Ungareva hako chikwereti kubva kumutorwa, asi unofanira kudzima chikwereti chipi zvacho chakakweretwa nehama yako.*

*Kunyange zvakadaro, hapafaniri kuva nomurombo pakati penyu, nokuti munyika iyo Jehovha Mwari wenyu yaari kukupai kuti ive yenyu senhaka, achakuropafadzai kwazvo, kana chete mukanyatsoteerera Jehovha Mwari wenyu nokuchenjerera kutevera mirayiro yake yose yandiri kukupai nhasi. Nokuti Jehovha Mwari wenyu achakuropafadzai sezvaakavimbisa, uye imi muchapa zvikwereti kundudzi zhinji asi imi hamungakwereti kubva kurudzi rupi zvarwo. Muchatonga ndudzi zhinji asi hapana rudzi ruchakutongai.*

— Dhuteronomi 15:1-6

Cherechedzai kuti vaifanira kudzima zvikwereti zvole makore manomwe oga-oga. Zvakare tinoona Mwari vachishandisa nhamba yechinomwe kuratidza kuti zvinhu zvole zvakakwana. Hapana chinoshaikwa; Vakapa zvinhu zvole zvinodiwa kumunhu. Asi kana vamwe vaibvunza huchenjeri Hwavo mukuvaudza kuti vakan-ganwire zvikwereti, vakawedzera vachiti, **“Kunyange zvakadaro, hapafaniri kuva nomurombo pakati penyu, nokuti munyika iyo Jehovha Mwari wenyu yaari kukupai kuti ive yenyu senhaka, achakuropafadzai kwazvo.”** Vakaenderera mberi vachiti vaizo-ropafadzwa zvokuti vaizove vakweretesi kwete vakwereti. Zvakare pano tinoona kuti hurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya hwakaitwa husina maturo nomutemo

mutsva wohupenyu uyo wakatisimudza kubva mukutuka kwomurairo wechivi nerufu.

Sepazuva reSabata, vaisafanira kushanda zvinorwadza uye nokudikitira kwegore rose; nokudaro, vakanga vasingabvumirwi kudyara zvirimwa zvavo. Asi zvinhu zvakabva zvawedzera kunetesa. Vaisangofanira bedzi kukanganwira chikwereti chipi nechipi icho mumwe munhu aiva nacho kwavari, asiwo vakanga vasingabvumirwi kudyara zvirimwa zvavo. Panguva ino, mumwe munhu angati, “A-aa, ndinogona kurarama zuva rimwe chete nezviri mufriji, asi kurarama gore rose ndisina kushanda, chinhu chakaoma zvikuru.”

Zvino pano zvakare, mumvuri uri kutiudza kuti tiregerere zvikwereti zvedu. Vakavaudza kuti vaisafanira kushanda nezvikwereti nokuti vaizova nezvakanwanda zvokuti ndivo vaizova vakweretesi kwete vakwereti. Chikwereti hurongwa hwakavakirwa pakusava nezvakanwanda, asi Mwari vari kuzovapa zvakanwanda, nokudaro, chikwereti hachichadiwi. Mumvuri unoti, “Hamufaniri kudyara zvirimwa zvenyu,” zvichireva nzira itsva yokurarama kunze kwohurongwa hwenyika yakatukwa. Zvino, izvi zvose zvinowanikwa muna Jesu Kristu.

Asi imbomirai zvishoma, pane zvimwe—mufananidzo mukurusa uchiri kuratidza vanhu vaMwari zvaizouya. Rainzi Gore reJubhiri.



## CHITSAUKO 7

# IZVI HAZVIGONEKE!

Zvamava kuda kuverenga zvinoshamisa. Kwete, regai ndidzokororezve. Munozofunga kuti hazvigoneke zvachose. Ndiri kutaura nezveGore reJubhiri, mufananidzo mukuru kwazvo wezvinoda kuitwa naJesu mumari yenyu wakanyorwa muTestamende Yekare, asi vanhu vashoma vanotoziva kana kunzwisisa zvainotaura. Takatotaura nezvezuva reSabata negore reSabata, zvose zviri mimvuri yezvatinazvo muna Kristu, asi zvino tasvika pachiitiko chikuru, Gore reJubhiri.

Zita raro zvaro rinonzwika semhemberero, handizvo here? Zvisinei, munyaya dzemari, vanhu vazhinji—uye kana ndichiti vanhu vazhinji, zvinosuwisa—izvi zvinoreva kuti nevaKristu vazhinjiwo, havana zvakawanda zvokupemberera. Sezvandambotaura, ndave ndichishingaira mubasa rezvemari kwemakore 36 zvino. Ndakave nemakambani akawanda panguva iyoyo uye panguva imwecheteyo ndakashanda nemakumi, kana asiri mazana, ezviuru zvevanhu panyaya dzezvemari yavo. Nokudaro, ndinoziva zviri kunze uko. Uye ndinoziva zvinowanzova kuseri kwemotokari itsva inopenya kana imba hombe yakanaka. Kazhinji kunowanzova nechikwereti chakakura uye nokushushikana. Heyi, handisi kupikisa

kuva nemotokari yakanaka kana imba yakakura. Zvinongoda mari yakawanda nhasi kuti murarame. Uye hurongwa hwenyika yakatukwa inzira yokurarama iyo inowanzotadza kusunungura vanhu. Vimbai neni, pazviuru nezviuru zvevanhu vandakasangana navo, vazhinji vanga vasiri vanhu vakaipa.

Vakanga vachiita zvakanakisisa nepavaigona napo voga, uye vakanga vasingazivi nezvoHumambo hwaMwari kana kuti zvandiri kugovera mubhuku rino. Hongu, munongozivawo kuti ini naDrenda pachedu taigara hupenyu hwokunetsekana nemari kwemakore mapfumbamwe azere uye akaoma kusvikira tadzidza nezvezororo reSabata. Mushure mokurarama nenzira iyoyo kwenguva yakareba kudaro, hamuzive kuipa kwakaita zvinhu kwamunotsungirira makuri zvokuti munotofunga kuti zvinhu zvakaringani.

Mumakore akati wandei apfuura, Mwari vakabatana neni pamusoro pokufunga kwangu kuduku uye vakaita kuti ndizive kuti ndaifanira kunge ndichifarikanya neJubhiri, mabiko, asi ndaisava. Hongu, ndakanga ndisisina chikwereti; hongu, ndakanga ndaona zvinhu zvinoshamisa zvichiitika; uye hongu, ndaifara uye ndakagutsikana. Asi ndakanga ndarega kurota uye Mwari vakazviziva, uye vaida kuti nditambanuke zvakare, kuti ndirambe ndichisika uye ndichirota. Ndakange ndave nengura zvishoma, ndaifara, asi nengura.

Sezvandambotaura, ndine kambani yezvemari, uye ndaikokwa gore negore nemumwe wevatengesi vangu, kuchiiitiko chokupemberera budiro yegore rapfuura. Vanhu vaiwanzouya vaive vasonganiri vepamusoro nevatungamiriri vaisvika 250. Rwaive rwendo rwataibhadharirwa zvoise hazvo kuenda kune dzimwe nzvimbo dzakanaka chaizvo, asi kune vashoma vepamusoro, pakanga paine kuonekwa kwakakosha uye nokupihwa macheki ebhonasi.



Nemhaka yokuti ndakanga ndakabatikana nokufudza kereke huru, kuita zvechivhitivhiti, uye nokutarisira kambani yangu, nguva dzose ndainzwa kuti ndakanga ndisina nguva yokuita zvinhu zvaidiwa kuti ndisvike padanho repamusoro rokuonekwa.

Asi rimwe gore, pandakanga ndakagara mumusangano ndichiona vamwe vangu gumi vepamusoro vachionekwa uye vachigamuchira cheki yavo yebhonasi ye\$100,000, ndakanzwa kuva nemhosva. Ndakafunga ndichiti, “Imbomirai zvishoma! Ndinofanira kunge ndiri kumusoro uko pachikuva ichi ndichionekwawo. Ndiri mwana waMwari uye Mweya Mutsvene ndiye Chipangamazano wangu. Ndinofanira kunge ndiri kumusoro uko ndichigovera uye ndichiratidza kunaka kwaMwari!” Zvino ini naDrenda takabva tangosarudza kuti taizokwira padanho iroro gore raitevera. Nenzira ipi? Hapana aiziva.

Kwemakore gumi apfuura, ndanga ndichiita mamiriyoni matatu emadhura kusvika pamana pagore nekambani imwe chete iyi, asi mari yaidiwa kuti usvike mugumi vepamusoro yaigona kusvika kumamiriyoni gumi nerimwe. Ndakanga ndisingazivi kuti ndaizosvika sei padanho iroro uye ndakanga ndisingazivi kuti zvaigoneka here nenguva dzangu dzandinoshanda nadzo. Chinhu chimwe chete chandakanga ndadzidza ndechokuti ndaisakwanisa kuzviita nesimba rangu ndoga. Saka ini naDrenda takanamata tikagadza pataifanira kusvika, tichidyara mbeu yemari, tichisunungura kutenda kwedu, uye tichiti zvaita.

Kupfupisa nyaya yedu, muna Ndira wegore raitevera, sezvo

**HAMUZIVE KUIPA  
KWAKAITA ZVINHU  
KWAMUNOTSUNGIRIRA  
MAKURI ZVOKUTI  
MUNOTOFUNGA KUTI  
ZVINHU ZVAKARINGANI.**

gore idzva rakanga richangotanga, Mwari vakandiratidza kuhope nzira yokuzadzisa pandaifanira kusvika. Vakandiratidza chaizvo zvandaifanira kuita; uye kana ndaizoita zvavakanga vandiratidza, ndaizosvika. Munoziva here kuti takasvika pataida, pamamiriyoni gumi nerimwe gore iroro nokungotengesa kamwe! Zvaifadza sei kuva padanho iroro pagungano rinotevera nevane gumi vepamusoro mukambani uye kugashira bhonasi ye\$100,000. Munoda kuziva kuti zvikuru sei? Aiva mabiko makuru kani. Hatina kungosvika pachinangwa chedu nebhonasi chete, asiwo gore iroro mari yatainge tawana yakanga yakwira nemazana ezviuru zvemadhura. Zvinoita semabiko kwandiri!

Nokudaro pandinotanga kutaura nezvechimwe chiitiko cheTestamende Yekare seGore reJubhiri, musabva mazviramba muchifunga kuti izvi zvinhu zvinofinha, nokuti handizvo zvazviri. Rangarirai, hupenyu hunoendeka zvirinani pakavawo nemabiko, zvino ngatitarisei chiitiko chikuru/mabiko akapembererwa neIsraeri, uye mudzidze kuitawo enyu.

## Gore reJubhiri

*Verengai maSabata manomwe amakore—makore manomwe akapetwa kanomwe—kuitira kuti maSabata manomwe amakore akwane nguva inoita makore makumi mana namapfumbamwe. Ipapo urayire kuti hwamanda iridzwe kwose pazuva regumi romwedzi wechinomwe; paZuva Rokuyanisanisira ridzai hwamanda munyika yenyu yose. Tsaurai gore ramakumi mashanu mugoparidza rusununguko munyika yose kuvagari vayo vose. Richava Jubhiri kwamuri; mumwe nomumwe wenyu anofanira kudzokera kune zvake, uye*

*mumwe nomumwe kumhuri yake. Gore ramakumi mashanu richava gore reJubhiri kwamuri. Musadyara uye musakohwa mazambiringa amagoko. Nokuti iJubhiri uye rinofanira kuva dzvene kwamuri. Idyai chete zvinotorwa kubva muminda. Mugore iri reJubhiri munhu wose anofanira kudzokera kune zvake.*

— Revhitiko 25:8-13

Apo pandinotanga kukurukura nezveGore reJubhiri, regai ndiise humwe hwaro hwamunofanira kunge matoona. Gore reJubhiri raiitika makore makumi mashanu oga-oga, uye raiitika mushure megore reSabata, gore ramakumi mana namapfumbamwe. Ndinofunga munogona kutoona dambudziko rakakura richibuda, handizvo here? Mugore reSabata, vaIsraeri vaisabvumirwa kudyara zvirimwa zvavo. Gore reJubhiri raitevera gore iroro reSabata raivewo nezvinodiwa zvokusadyara zvirimwa. Saka kutaura zvazviri, Israeri yakanga isina goho kwemakore maviri akatevedzana, nokudaro, yaifanira kumirira mugore rechitatu kuti zvirimwa izvozvo zvikure uye zvikohwewe kuti vazovazve nezvimwe zvokudya. Ichi chaigona kuva chinetso chakakomba kumunhu upi noupi aifarira kudya zvokudya zvakanaka kana kuti airarama nokutengesa zvirimwa. Mozisi paakataura murayiro pamusoro peGore reJubhiri, munogona kufungidzira kuvhiringidzika kwaunofanira kunge wakakonzera. Hongu, pfungwa yokuve nemakore matatu okusarima yaive pfungwa yakanaka, asi mumwe munhu aifanira kuibhadhara. Chinhu chokutanga chavakabvunza Mozisi pavakanzwa nezvazvo chakanga chiri chokuti, “Izvo zvinogoneka sei?”

*Mungabvunza muchiti, “Ko, tichadyei mugore rechinomwe*

*kana tisingadyari kana kukohwa zvirimwa zvedu?”  
Ndichakutumirai ropafadzo mugore rechitanhatu zvokuti  
nyika ichabereka zvinokwana makore matatu. Pamunenge  
muchidyara mugore rorusere muchadya kubva kuzvirimwa  
zvakare, uye mucharamba muchidya kubva kwazviri kusvika  
gohwo regore rechipfumbamwe rasvika.*

— Revhitiko 25:20–22

Mwari vakavapindura nemhinduro inoshamisa yatichapedza nguva yakawanda tichinzvera muchikamu chasara chebhuku rino. Vakataura kuti vaizotumira ropafadzo rakadaro mugore rechitanhatu zvokuti raizobereka zvakakwana kuti zvigare kwemakore matatu kutozosvikira goho idzva rasvika pashure peGore reJubhiri. Pane kufanana pano nezvemazuva okusika. Bhaibheri rinoti Mwari vakanga vapedza kusika pazuva rokusika rechitanhatu uye ndokuzorora. Kunyange zvazvo vakazorora, vakanga vasina kuneta. Asi, vakanga vapedza. Chinhu chose chaidiwa nomunhu chakasikwa uye chichiwanika kwaari.

Mwari vakanga zvino vachiratidza Israeri mufananidzo wezvinyopfuura zvakakwana, uyo unopesana zvikuru nohurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya. Vaida kuti vamuone somupi wavo uye vanzwisise kuti vanovapa nokupa kukurusa. Zvakare, kunyange zvazvo muzuva ravo pachavo uyu wakanga uri mufananidzo wewaniso yaMwari kwavari, kutozosvikira Jesu auya ndipo patinoona izvo mumvuri waitiratidza. Mumuzvarirwo, pakanga pasina nzira yokurarama nayo makore matatu iwayo pasina chirimwa chadyarwa. Saizvozvowo, mumuzvarirwo, kana musingapedze siku nesikati muchidikitira, hapavi nenzira yokukunda mune zvemari kana muchirarama muri pasi

pohurongwa hwenyika yakatukwa. Hamugone kumhanya zvakar-ringana kuti muzviite. Edzai kutora makore matatu okuzorora kubva kubasa renyu razvino imi muine zvisungo zvakakura, munenge muchisanganisa resipi chaiyo yohurombo. Asi Mwari vari kuedza kuvaratidza mufananidzo wenzira itsva, iyo vanopa vanhu Vavo, sokupihwa zvose kwakaitwa Adhamu izvo Mwari vakanga vamugadzirira mukusika

Pane zvimwe zvinhu zviviri zvatinatoratidzwa neGore reJubhiri zvatinoda kuona. Zvakare tinoona nyika ichizorora, pasina kushanda nesimba uye neziya mukati megore rino rechimakumi mashanu. Munozoonawo kuti nyika yose yaifanira kuzodzoserwa kumuridzi wayo. Apo Israeri yakayambuka Rwizi rweJorodhani, dzinza rimwe nerimwe nemhuri imwe neimwe yakapihwa nzvimbo yaizova yavo, vorima zvokudya uye vove nemari yavaida kuti vararame.

Chokwadi, nyika ndiyo yaiva pfuma yavo. Pairi vairima zvirimwa uye nokupfuya zvipfuwo zvavo. Nokudaro kuita kuti nyika yose idzoserwe kumuridzi wayo wokutanga kwaive kudzosera chikwanisiro chokuva nebudiriro.

Zvakare, uyu ndiwo mumvuri wezvatakaitirwa naJesu. Mumvuri unoti budiriro yaifanira kudzoserwa kuvagari verudzi rweIsraeri. Mumvuri waitaura kwatiri chinhu chimwe chete, kuti kubudirira kwedu kwakadzoserwa kwatirizve, kuti nhaka yoHumambo hwaMwari ndeyedu zvakare.

Pane chinhu chechitatu chatinatoratidzwa neGore reJubhiri, uye ndiko kuti

**KANA MUCHINGE  
MANGODZIDZA  
ZVATIRI KURATIDZWA  
NESABATA,  
SHANDUKO HURU  
DZINOOGONA KUITIKA  
MUHUPENYU HWENYU  
HWE MARI.**

nhapwa dzose dzaifanira kusunungurwa ndokudzorerwa kumhuri dzadzo. Izvi zvikuru sei. Zvakare, mumvuri unoti hamusisiri nhapwa asi mwanakomana kana mwanasikana. Chokwadi chiri muna Kristu chinoti hamusisiri nhapwa asi mwanakomana kana mwanasikana muImba yaMwari, muine kodzero dzakazara kunhaka nokubudiriro zviri muImba iyi.

Zvino fungai nezvamuchangobva kudzidza. Jesu akatidzorera zvakaraswa naAdhamu. Jesu akatisunungura kubva muhutapwa, achitiita vanakomana nevanasikana vaMwari. Akatisunungura kubva kuhurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza neziya, tichibvumira Mwari kuropafadza basa remaoko edu nenzira huru. Kunyange zvazvo Jesu akaripira zvinhu zvose izvi, tinofanira kuziva nzira yokuisa nayo betsero idzi muhupenyu hwedu chaihwo pasi pano. Apa ndipo panopotsa vaKristu vazhinji. Kusaziva kuti Humambo hunoshanda maererano nemitemo, kusaziva kodzero dzavo dzepamutemo sevanakomana nevanasikana nevagari vemo; vanotenda kuti Mwari vanongosarudza wavanoda kuropafadza. Naizvozvo, havadzidzi mitemo yoHumambo, iyo ine kiyi dzokufarikanya nokuita zvinotaurwa neBhaibheri kuti ndezvavo. Ndiri kukuudzai, kana muchinge mangodzidza zvatiri kuratidzwa neSabata, shanduko huru dzinogona kuitika muhupenyu hwenyu hwemari.

Mumwe murume womukereke yangu akatanga kundinzwana ndichidzidzisa maererano nokutenda uye kuti Humambo hwaMwari hunoshanda sei. Mhuri yake nevana vake vakadzidza mitemo iyi vari pamwe chete semhuri. Sezvo gore idzwa raiswedera, vakasarudza kuti vaizoshandisa kodzero dzavo dzepamutemo ndokutenda kubhadrhara zvivako zviviri zvokuroja izvo vakanga

vachangobva kuwana gore iroro. Kana ndichirangarira zvakanaka, ndinofunga kuti huwandu hwaidiwa kubhadhara dzimba dzose dziri mbiri hwaive hunosvika \$400,000. Nokudaro, vakanamata vakadyara mbeu yemari yakananga kuchinangwa ichi chokubhadhara dzimba dzose dziri mbiri mugore iroro. Uku kwaive kuita kukuru kwavari, asi murume uyu aishanda mumunda, umo maiva nomukana wokuwana vatengi vakakwana uye/kana mabasa makuru evatengi aigona kumupa mari yokuita izvozvo. Mhuri yose yainamata pamwe chete ikabvumirana kuti izvi zvaizoitika. Vhiki imwe neimwe, mhuri yaitarisazve chinangwa chayo yoverengazve Magwaro aivapa kodzero dzepamutemo dzokumirira nokutarisira goho rakadaro. Chokwadi, murume uyu aiziva kuti aifanira kuita chikamu chake.

Sezvo gore raifamba, chokwadi, zvi bvumirano zvishoma zvokuita basa rakakura zvakave zvinogoneka, asi nemakambani makuru ose, mabasa emamiriyoni emadhora haazadzikiswe nokukurumidza. Panenge pakati pegore, murume uyu akawana uye akava nokutengesha kukuru mukambani yake, kwakakura zvokuti kwaitora chikamu makumi mana chezvakashandwa gore iroro nekambani yake yose. Necheke iyoyo yekomisheni, akakwanisa kubhadhara imwe yenzvimbo dzokuroja. Gore rava kunopera, rimwe sangano rakaratidza kuti zvechokwadi vaizonyorerana pasi zvi bvumirano zvebasa zvemamiriyoni emadhora raipihwawo neshamwari yangu. Asi zuva rokuita chibvumirano rakaramba richiswededzwa kure. Mapepa acho aigadzirwa, zuva rofambiswa uye mapepa aifanira kugadzirwazve, uye zuva racho rofambiswa zvakare. Kwakanga zvino kwava kupera kwaMatsutso apo shamwari yangu yakaudzwa kuti chikwata chenhungamiro chaakanga achishanda nacho chakanga chashandurwa uye paizova nechikwata chitsva.

Shamwariyangu yakapererwa; yaiziva kuti izvivairevei. Chikwata chenhungamiro chaiuya changa chisingazivi nezvechibvumirano chebasa chaive chakanyoreranwa pasi chaive chisati chapedzwa, icho chakange zvino chatodzimika. Aizofanira kutanga hurongwa hwose kubva pakutanga nechikwata chitsva. Paakasangana nechikwata chitsva chenhungamiro, chaita sechaida kutarisa mazano ekambani yake. Mushure mokuiongorora mukupera kwaMbudzi, chakati icho chaida kufambira mberi nazvo. Asi zvakare, mapepa akanonoka uye ndokunyorwazve kusvikira kwasara mazuva maviri okupinda mugore idzva. Shamwari yangu yakagashira runhare rwokuti vaida kusangana vonyorera mapepa, uye vaizobhadhara nemari chaiyo kana aizosangana navo ndokusaina musu uyu. Shamwari yangu yakaita mari yakakwana pachibvumirano ichocho iyo yakaita kuti asvike pachinangwa chake chokubhadhara dzimba dzose dziri mbiri mugore iro iye nemhuri yake vainge vaisa kutenda kwavo.

Kwakanga kuri bedzi kubudikidza nokudzidza misimbotti yuHumambo uko kwakabvumira kana kuti kwakamusunda kuti aone chinangwa chakakwirira kudaro, sezvo akanga asina kumbobvira awana mari yakakura kudaro kare kana kuti kuita mari yakawanda kudaro mugore ripi zvaro rakanga rapfuura iyo yaizoratidzira kuti chinangwa chake chakanga chichigoneka. Akandiudza kuti vaiva nemabiko okupemberera kukunda uku!

Imwe nyaya “yakanyatsoitika chaizvo” yakaitika neumwe wevana vangu. Chokwadi, vana vangu vose vakaona Humambo huchishanda muhupenyu hwavo hwose. Vose vakashandisa misimbotti yandiri kukurukura uye vakaona Mwari vachiita zvinhu zvinoshamisa. Kunyange zvazvo vari mumakore avo okumakumi maviri, vose vane motokari dzavo dzakabhadharwa; uye vazhinji vavo vane dzimba dzavo dzakabhadharwa kana kuti dzinenge dzakabhadharwa.



Mwanakomana wangu mukuru, Tim, aida kutenga imba nemari chaiyo. Saka akakusha mbeu yake, achitenda Mwari pane imba yomutengo waaida. Ari mubasa rokuvakawo zvikuru, saka akange asingatyi kutenga imba yaida kuzogadziridzwa.

Akatora nguva yake achitarisa dzimba asi achishaya yaaida. Asi rimwe zuva, aitenderera nomotokari ndokuona imba yaitengeswa yaakanga asati amboona. Yaitengeswa nomuridzi wacho chaiye, uye paakaitarisa, akaziva kuti imba yacho yaida kushandwa, asi yairatidzika kuva yakakwana. Akachaira runhare mutengesi wedzimba achibva aita kuti atarise mutengo wayo. Haana kubvuma zvaainzwa—\$37,000. “Asi zvingagodaro sei?” akafunga.

Mumiririri womutengesi akaongorora imba uye akataura nyaya inoshamisa. Imba yacho zvechokwadi yakanga ichitengeswa nomuridzi wacho chaiye, uye mumwedzi inenge mitanhatu yaive yapfuura, yakanga yanyorwa ichinzi yaitengeswa ne\$110,000. Ndiwo waiva mutengo wayo kana yaitengeswa nomuridzi wacho chaiye, asi imba yacho yakanga yatengeswa ne\$160,000 makore mashoma akanga apfuura. Zvisinei, kwemwedzi mitanhatu yakanga yapfuura hapana aiva aratidza kufarira imba yacho kubvira payakanga yanyorwa. Bhanga rakabva raramba richidzikisa mutengo, risingazivi chikonzero nei pasina akanga aratidza kuifarira. Asi ipapo sezvo Tim nomutengesi wake wezvivako vakatsvakurudza zvakadzika, vakaona chikonzero nei pakanga pasina aiifarira. Yakanga yakanyorwa muguta rakasiyana zvachose nemayaiva, uye nekero yakasiyana, uye kunyange nhamba yorunhare yokubvunza yaivapo yakanga isiriyo. Saka hapana aiziva kuti imba yacho yaivepo! Imba, iri mumugwagwa muduku munyika, mumugwagwa usina kwaunoramba uchienda uyo waisava panodarika nevanhu. Mutengo wakangoramba uchideredzwa kusvika zuva yayakaonekwa naTim.

Zvinoshamisa. Ndakaudza Tim kuti imba yakanga yakavanzwa nokuda kwake! Akaipendazve ndokuita zvinhu zvakati wandei mairi akaitengesa ne\$160,000.

Mwanasikana wangu Amy anotungamira kunamata ku*Faith Life Church*. Iye naJason vaid a imba yakakura sezvo mhuri yavo yaikura kubva pavanhu vana kusvika pavashanu. Mitengo yedzimba muno muOhio yakanga isingaonekwe muZimbabwe 2017, uye dzimba dzakanga dzakanyorwa kazhinji kazhinji dzaitengwa nevhiki chairo. Tarisiro yavo yokuwana imba yaive yakakura zvakakwana zvokuda imba yokumadhura 250,000 kusvika pasi pemadhura 300,000, ine maeka mashanu kusvika gumi omunda, uye rondedzero yezvishuvo zvomukana wokuva nemvura panzvimbo iyi hazvairwanikwa. Munzvimbo iyi mapurazi eeka imwe aaitengeswa nemari inodarika \$200,000 muzimbabwe iroro. Mushure mokutarisa-tarisa mumisha mizhinji, vakambomira kutarisa ndokunamata. Vakakusha mbeu yokutungamirwa, vakati kuna Ishe, “Takabatikana kuti tirambe tichitsvaga-tsvaga sezvizvi. Munoziva pane imba yedu, uye tiri kukukumbirai kuti mutiratidze panguva yakakodzera. Hatisi kuzotarisa pamhepo, kana kutaurazve nemumiriri wedu wevatengesi vedzimba nezve imba ino!

Asi humwe husiku, chimwe chinhu chinofadza chakaitika. Mwanasikana wavo, uyo akanga ane makore mana panguva iyoyo, sezvavakapinda mumba mavo akati, “Amai, yava nguva yokutama.” “Unorevei?” akabvunza Amy. “Yava nguva yokutamira kuimba ine masitepisi makuru anokwira mukamuri yangu,” akadaro mwana wake ane makore mana okuberekwa. “Imba ipi? Warota here?” akabvunza Amy. Mwanasikana wake akati hongu, akanga arota. Husiku ihwohwo mushure mokunge vararisa vana vaviri,

Amy haana kukwanisa kubvisa hurukuro iya mupfungwa dzake uye akaudza Jason kuti zvichida vaifanira kutarisa pamhepo.

Hongu, pachokwadi pakanga paine yaitengeswa nomuridzi wacho chaiye yainge ichangobva kunyorwa, yaiva nenhurikidzwa mbiri, ine maeka gumi uye nedziva pamberi payo. Mutengo, zvisinei, waiva \$26,000 pamutengo we\$300,000 wavakanga vadyarira. Vakafunga kuti vaigona kutenga nemari yakati dererei zvishoma, naizvozvo, vakadana mumiriri wavo wedzimba. Mumiririri wavo aienda kuFlorida zuva raitevera asi aigona kuvaratidza imba iyi kana vaizviita mangwanani kuma9:00 sechinhu chokutanga chezuva. Jason naAmy vakati vaizosangana naye ikoko.

Mumiririri uya akanonoka kubuda kuenda kumba iyi, asi imba yacho yairatidza kuti yakanaka, pamwe chete nemaeka ayo omumba, maeka gumi enzvimbo, uye nedziva raiva kumberi, zvose zvaiita sezvakanaka. Bhonasi yaive yokuti paive nesango rakapoterredza pfuma yose; zvaishamisa. Pavakapinda mumba, mwana-sikana wavo akaridza kamhere apo aimhanya achikwira masitepisi makuru akananga kukamuri yake. Kuti tipfupise nyaya iyi, Jason naAmy vakati vaida kutaura mari yavangada kuitenga nayo. Apo mumiririri aitarisa pane zvemba iyi, akawana kuti vose vaida kutaura mari yokutenga nayo imba iyi vaizviita masikati iwayo. Kwakanga kwasara awa chete! Kudai mwana wavo ane makore mana asina kuvaudza nezvehope dzake, uye kudai vasina kutarisa pamhepo manheru iwayo, imba ingadai yakaenda.

Vakakumbira kuitenga ne326,000 uye ndivo vakabva waitenga. Vakafara zvikuru. Panguva yokuongorora, kunyange denga raive muchimiro chakanaka haro, muongorori akati yaizoda kutsiviwa mumakore mashanu kana kudarika. Jason akava nezano. Akafunga kukumbira kubhanga mutengo wakaderera nokuda kwedenga

raida kuzogadziridzwa. Mumiririri wedzimba wavo akavaudza kuti vasatombozviedza, achiti imba yacho yaitengeswa “sezvayaive” uye akange asati amboona bhanga richidzikisa mutengo weimba yaitengeswa nomuridzi wacho chaiye nokuda kwokusamira zvakanaka kwemumba. Asi Jason naAmy vakanzwa vakasununguka kunyora tsamba vachikumbira bhanga kuti rivaderedzere. Mabva mangozvizivaka, bhanga rakavapa imba nemadhora 296,000, isingasviki madhora 300,000 yavaitenda Mwari kuti vashandise pairi. Mwari vakaunza imba sezvavakanga vavakumbira kuti vaite. Pavakabvunza muongorori kuti aifunga kuti imba iyi yaive yemarii sokufunga kwake, akati, “\$500,000.” Shamwari yangu, uyu ndiwo migove miviri!

Sezvamunogona kuona, vana vangu vose vari kufarikanya nenzira yoHumambo yokurarama. Kutaura zvazviri, gotwe rangu, Kirsten, achangobva kubhadrara mari yeimba yake yokutanga gore rino pazera remakore 20. Sei? Vose vanoziva nzira yoHumambo yokufamba nayo!

## CHITSAUKO 8

# MIGOVE MIVIRI

Zvino, ndinoda kudzika zvakadzama mukutaura kuti zororo reSabata rinonyatsoshanda sei uye kuti zvinogoneka sei kupinda mariri muhupenyu hwenyu. Ndinoda kudzokera kunyaya yedu yeGore reJubhiri ndotarisa zvedu mashoko edu. Ipapo tinowana mhinduro yaMwari kuanhu pavaabvunza kuti vaizorarama sei vasina goho kwemakore matatu. Uyu mubvunzo wakanaka chose!

*Mungabvunza muchiti, “Ko, tichadyei mugore rechinomwe kana tisingadyari kana kukohwa zvirimwa zvedu?” Ndichakutumirai ropafadzo mugore rechitanhatu zvokuti nyika ichabereka zvinokwana makore matatu. Pamunenge muchidyara mugore rorusera muchadya kubva kuzvirimwa zvakare, uye mucharamba muchidyanya kubva kwazviri kusvika gohwo regore rechipfumbamwe rasvika.*

— Revhitiko 25:20-22

MuRugwaro urwu tinoona kuti Gore reJubhiri, pamwe chete negore reSabata rakaritangira, ose ari maviri aigoneka nokuda kwegoho guru iro raitika mugore rechitanhatu, iro munyaya iyi riri

gore rechimakumi mana nemasere (kubva paJubhiri rokupedzisira). Pasina goho guru iroro, zororo reSabata raisagoneka. Ngatitarisei imwe ndima yandinotenda kuti ichajekesa izvi zvakanyanya.

*Mangwanani oga oga munhu mumwe nomumwe akaunganidza zvaimukwanira, uye zuva parakanga ropisa, zvakanyungudika. Pazuva rechitanhatu, vakaunganidza zviyero zviviri—maomeri maviri pamunhu mumwe nomumwe—uye vatungamiri veungano vakauya vakazivisa izvi kuna Mozisi. Iye akati kwavari, “Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha: ‘Mangwana izuva rokuzorora, Sabata dzvene kuna Jehovha. Saka bikai zvamunofanira kubika uye muvidze zvamunofanira kuvidza. Chengetai zvoze zvinenge zvasara, mugozvichengeta kusvikira mangwanani.’”*

*Saka vakazvichengeta kusvikira mangwanani, sezvavakarayirwa naMozisi, uye hazvina kunhuhwa kana kuva namakonye mazviri. Mozisi akati, “Muzvidye iye nhasi, nokuti nhasi iSabata kuna Jehovha. Hamuzombowani chimwe chazvo pasi iye nhasi. Muzviunganidze kwamazuva matanhatu, asi pazuva rechinomwe, iSabata, hakuzombovi nechinhw.”*

*Kunyange zvakadaro hazvo, vamwe vanhu vakabuda kundounganidza nezvarechinomwe, asihavanachavakawana. Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Muchasvika riniko muchiramba kuchengeta mirayiro yangu nezvandakakurayirai? Rangarirai kuti Jehovha akakupai Sabata; ndokusaka pazuva rechitanhatu achikupai chingwa chamazuva maviri. Munhu mumwe nomumwe anofanira kuramba agere paari ipapo pazuva rechinomwe; hakuna anobuda kunze.” Saka vanhu vakazorora pazuva rechinomwe.*

— Eksodho 16:21-30 (mana)

Ndimba ino iri kutaurazve nezvemana yaidonha zuva nezuya kubva kudenga kuti vanhu vadye uye inotsanangura kuti yaisaonekwa pazuva rechinomwe, Sabata. Vaisagona kuichengeta zuva nezuya, sezvo yaizooro nokukurumidza zvikuru. Pazuva rechitanhatu chete ndipo vaigona kuiunganidza voichengeta husiku hwose isingakanganisike.

Chinyorwa chinonakidza chokuwedzera chokuti sei mana yaizokanganisika nokukurumidza zuva roga-roga chinowanikwa muna **Dhuteronomi 8:16**.

*Akakupai mana kuti mudye murenje, chinhu chakanga chisingambozivikanwi namadzibaba enyu, kuti akuninipisei nokukuedzai kuitira kuti zvikutirei zvakanaka pakupedzisira.*

Mwari vakanga vachidzidzisa rudzi kuti rwutarisire kwavari zuva nezuya nokuda kwechikafu chavo, hongu, nekunewo zvose zvomuhupenyu hwavo zvakare. Mwari vaiziva kuti vakanga vava kupinda mune zvinopfuura kungoda zvokudya chete; munguva shoma yaiteverera vaive vachatarisana nemaguta ane masvingo nehofori. Kuvimba kwakasimba kwavo Navo mumamiriro ezvinhu akadaro kwaizova musiyano wavo pakati pohupenyu nerufu.

Ngatidzokerei kuna **Eksodho 16:29**. Pano, munogona kuona zvakajeka kuti zororo reSabata raingogoneka chete kubudikidza nemigove miviri yavaipihwa pazuva rechitanhatu.

*Rangarirai kuti Jehovha akakupai Sabata; ndokusaka pazuva rechitanhatu achikupai chingwa chamazuva maviri. Munhu mumwe nomumwe anofanira kuramba agere paari ipapo pazuva rechinomwe; hakuna anobuda kunze.*

Muri kuzviona here? Zororo reSabata raingoitwa kuti rigoneke kubudikidza nemigove miviri. Izvi zvakakosha zvokuti ndave kukukumbirai kuti munyore izvi pasi.

## **ZORORO RESABATA HARIGONEKI PASINA MIGOVE MIVIRI!**

Regai ndizviise mune chimwe chimiro. Kunze kwokunge muine zvakawanda zvinokwana, hamumbofi makazorora kubva mukumhanya nomukudikitira muhurongwa hwenyika yakatukwa. Drenda neni tinoudza vanhu kwose-kwose kwatinoenda, “Kunze kwokunge magadzirisa nyaya yehomwe, hamuzombofi maziva kwamakatarirwa!” Sei? Nokuti pasina zvinopfuura zvakakwana, hamuzove nesarudzo uye muchava nhapwa yokurarama hupenyu hwenyu hwose.

Rangarirai pataverenga muchitsauko chapfuura pamusoro pezvinowanikwa muRopafadzo raAbhurahama izvo zvinowanikwa munaDhuteronomi 28:11-13. Imomo takaona zvakajeka kuti kurarama hupenyu hwokuti pangova neraramo haasi magumo enyu! Ngatizviongororei zvakare kuitira kana mamuchinge mazvikanganwa.

*Jehovha achakupa pfuma zhinji—muzvibereko zvomuviri wako, zvibereko zvezvipfuwo zvako uye nezvirimwa zvevhu rako—munyika yaakapikira kumadzitateguru ako kuti achakupa.*

*Jehovha achazarura matenga, matura ake epfuma zhinji, kuti atumire mvura panyika yako nenguva uye acharopafadza mabasa ose amaoko ako. Iwe uchakweretesa ndudzi zhinji asi iwe haungakwereti. Jehovha achakuira musoro, kwete muswe. Kana ukanyatsoteerera kumirayiro yaJehovha Mwari wako*



*yandinokupa nhasi uye ukachenjerera kuitevera, ucharamba uri pamusoro chete, haungavi pasi.*

— Dhuteronomi 28:11-13

Hurombo, kungoraramawo, uye nokupererwa nemari hazvisi magumo enyu. Munofanira kuva mukweretesi kwete mukwereti, musoro kwete muswe! Kuva nezvizere uku ndiko kutaridzika kwoHumambo. Uku ndokuva nezororo reSabata, kuva nezvinod- arika zvinokwana, migove miviri!

Ndinoziva zvamuri kufunga, “Imika, chokwadi izvi zvingave chinhu chakanaka, Gary, asi izvozvi hupenyu hwangu hunoratidzika sezvisina kudaro.” Zvakanaka, hatisi kutarisa kumashure, asi tiri kutarisa kune izvo Mwari vanotaura uye nokutarisira izvo Humambo hunotaura nezvedu. Pasina mufananidzo wakakodzera, wokuziva izvo chaizvo zvinofanira kunge zvakaita hupenyu hwedu, tichawira nokuda kwemanomano nemisungo uye nokufunga kwakatsveyama kwohurongwa hwenyika yakatukwa. Kutenda kugara tichibvumirana nezvinotaurwa naMwari, kwete nemamiriro edu ezvinhu.

Ndisati ndakuudzai kuti Mwari vakadzidzisa sei ini naDrenda pamusoro pemigove miviri, ndinoda kugoverana nemi nyaya yandinotenda kuti ndiyo nyaya hurusa yemigove miviri muTestamende Itsva.

Nyaya yandinoda kugoverana nemi ndeiyo makambonzwa kakawanda, asi pamwe kwete muchirevo chemigove miviri kana kuti nokunzwisisa kwoHumambo kwamava nako. Nyaya yacho tinoiwana munaRuka 15, nyaya yeMwanakomana akarasika.

**KUTENDA KUGARA  
TICHIBVUMIRANA  
NEZVINOTAU-  
RWA  
NAMWARI, KWETE  
NEMAMIRIRO  
EDU  
EZVINHU.**

Zvakare, rambai muneni pano. Ndinoziva kuti makamboiverenga, asi ngatifambei nayo pamwe chete nokunzwisisa kutsva.

*Jesu akaenderera mberi akati: “Pakanga pano mumwe murume akanga ane vanakomana vake vaviri. Muduku wacho akati kuna baba vake, ‘Baba, ndipei mugove wenhaka yangu.’ Saka baba vakakamura pfuma yavo vakavagovanisa pakati pavo. “Mazuva mashoma asati apera, mwanakomana muduku akaunganidza zvole zvaakanga anazvo, akasimuka akaenda kunyika iri kure akandoparadza pfuma yake ikoko namararamiro akaipa. Shure kwokunge apedza zvole, kwakava nenzara huru munyika yose iyoyo, uye akatanga kushayiwa. Saka akaenda akandozvitsvakira basa kuno mumwe mugari womunyika imomo, iye akamutumira kuminda yake kuti anofudza nguruve. Akada kugutsa dumbu rake namateko aidiyiwa nenguruve, asi hapana munhu akamupa kana chinhu.*

*Akati apengenuka mupfungwa dzake, akati, ‘Varanda vababa vangu vazhinji seiko uye vane zvokudya zvavanongosiya, uye zvino ini pano ndoziya zvokusvika pakufa! Ndichasimuka ndiende kuna baba vangu ndinoti kwavari: Baba, ndakatadzira denga napamberi penyuwo. Handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu, ndiitei henyu somumwe wavaranda venyu.’ Saka akasimuka akaenda kuna baba vake.*

*Asi akati achiri kure, baba vake vakamuona uye vakamunzwira tsitsi; vakamhanyira kumwanakomana wavo, vakamumbundikira uye vakamutsvoda. “Mwanakomana akati kuna baba vake, ‘Baba, ndakatadzira denga napamberi penyu. Handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu.’*

*Asi baba vakati kuvaranda vavo, ‘Kurumidzai! Uyai*

*nenguo dzakaisvonaka mumupfekedze. Muise mhete pamunwe wake neshangu mutsoka dzake. Muuye nemhuru yakakodzwa muibaye. Ngatidyei tipembere. Nokuti mwanakomana wangu uyu akanga afa, zvino araramazve; akanga arasika, zvino awanikwa.’ Saka vakatanga kupembera.*

*Zvichakadaro, mwanakomana mukuru akanga ari kumunda akati aswedera pedyo nemba, akanzwa nziyo nokutamba. Saka akadana mumwe wavaranda akamubvunza kuti chii chakanga chichiitika. Muranda akapindura akati, ‘Munun’una wenyu aya uye baba venyu vamubayira mhuru yakakodzwa nokuti adzoka ari mupenyu uye akasimba.’*

*Mukoma mukuru akatsamwa akaramba kupinda. Saka baba vake vakabuda vakamunyengetedza. Asi akapindura baba vake akati, ‘Tarirai! Makore ose aya ndanga ndichikushandirai uye handina kusamboteerera mirayiro yenyu. Asi hamuna kutongondipa chimbudzana kuti ndipemberewo neshamwari dzangu. Asi pangouya mwanakomana wenyu uyu, akaparadza pfuma yenyu nezvifeve, mamubayira mhuru yakakodzwa!’*

*Baba vakati, ‘Mwanangu, iwe uneni nguva dzose, uye zvose zvandinazvo ndezvako. Asi taifanira kupembera uye tifare, nokuti munun’una wako uyu akanga afa asi zvino araramazve; akanga arasika asi awanikwa.’”*

— Ruka 15:11-32

Munyaya ino, tinoona kuti mwanakomana muduku anobva pamba nomugove wake wenhaka. Aya mashoko enyaya akakosha sezvo ari kureva mugove wake wenhaka. Naizvozvo, cherechedzai kuti mwanakomana muduku uyu atogamuchira mugove wake wenhaka; haakwanise kuita chimwezve chinhu papfuma iyi.

*Muduku wacho akati kuna baba vake, “Baba, ndipei mugove wenhaka yangu.” Saka baba vakakamura pfuma javo vakavagovanisa pakati pavo.*

Zvadaro, nyaya yacho inotiudza kwakaenda mwanakomana muduku uyu: kunyika iri kure. Zvinokosha kuti munzwisise kuti mwanakomana muduku akasiya imba yababa vake, zvichireva kuti akasiya zvokudya zvake, dziviro yake, uye mitemo yerudzi rwake rwaigara imba yababa vake. Akaenda kunyika iri kure, ine mitemo yakasiyana uye nemararamiro akasiyana. Ndine chokwadi chokuti mwanakomana muduku uyu akanga asingazivi zvaaaita. Aifarikanya nezviwanikwa zvokuva mwanakomana sezvaaigara mumba mababa vake. Zvose baba vake vaive nazvo aingozviwana achiri kugara ipapo. Asi nokuda kwechimwe chikonzero, akanzwa kuti akanga ari kurasikirwa nechimwe chinhu, kuti akanga ari kubiridzirwa pamukana iwoyo waive kumwe.

Kana musati mabata nyaya yacho, Jesu ari kutiudza nyaya yevanhu, nyaya yaAdhamu. Munhoroondo iyi, Adhamu ndiye mwanakomana muduku akabva mumba maBaba vake. Adhamu ndiye akanzwa kuti aiva neramangwana riri nani kune imwe nzvimbo pane kuti arambe achishumira Mwari, Baba vake. Ndinoziva zvamuri kufunga, “Saka, kana Adhamu ari iye mwana-komana muduku, ndiani mwanakomana mukuru munyaya yasara?” Ndichapindura mubvunzo iwoyo pamagumo ehurukuro ino, asi kwazvino, rangarirai chete kuti Adhamu ndiye mwanakomana muduku akaenda.

Kunyange zvazvo vaiva nezvinhu zvose, Adhamu naEvha vakanyengerwa kuti vatende kuti kunze uko kwaive kune imwe nzvimbo pane kugara muimba yaBaba vavo kwavaiita. Adhamu

paakapandukira imba yaBaba vake ndokusarudza kuenda, akauya pasi pehurumende itsva, humambo hutsva hune mitemo mitsva. Bhaibheri rinohudana kuti humambo hwerima, hunotongwa naSatani. Ndine chokwadi chokuti Adhamu akashamiswa nohurombo uye nokushaya tariro kwohumambo hutsva uhwu. Pakutanga, zvinhu zvose zvaiita sezvakanaka. Chero bedzi mari yake yaichivepo, aingova mabiko makuru! Asi paakazooka kuti akanga akanganisa, akanga atononoka. Ipapo, nokuparadzwa kwenhaka yake, akazviwana arasika. Pfungwa dzake, dzaimbove dzakazara nechiono, dzakava dzongofunga nezvebasa remazuva ose rokuramba ari mupenyu. Kunenge kuisina mangwana. Zvaizogara zvakadaro zvingori zvanhasi uye iyo nhasi haina zvipikirwa.

*Mazuva mashoma asati apera, mwanakomana muduku akaunganidza zvose zvaakanga anazvo, akasimuka akaenda kunyika iri kure akandoparadza pfuma yake ikoko namararamiro akaipa.*

Mwanakomana muduku zvino anozviwana ava muhumambo husina mari zvachose, humambo hunogara zvachose huri munzara huru. Mwanakomana anoedza kubata zvaari kuona—vanhu vari kufa nenzara. Achibva kumusha kwakapfuma kudaro, pfungwa dzake dzinonetseka kugamuchira zvaanoona. Asi nzara yomudunhu iyi inomuyeuchidza kuti zvaanoona ndezvechokwadi. Kuti ararambe, iye zvino anozvimanikidza kupemha mumigwagwa. Muhumambo hwerima uhu, pasi rinongobereka minzwa norukato, uye kuti ritombobereke, panofanira kushandwa zvinorwadza uye nokudik-itira. Nokushaiwa, mwanakomana anokumbira mumwe munhu kuti amubatsire. Asi munhu wose ari mudambudziko rimwe chete.

Hapana achamupa zvakawanda nokuti vose vari kusangana nenzara huru imwecheteyo yaari.

Nguva yeshanduko inoitika pano kumwanakomana muduku uyu, shanduko iyo yabata imi neni uye nevanhu vose. Kwenguva yokutanga muhupenyu hwake hwose, mwanakomana muduku anokumbira kubhadharwa somuranda, mushandiri, achiita basa remaoko. Uku kutsveyamiswa kwakakwana kwehunhu hwake hwechokwadi uye nezvaari chaizvo. Haasisiri mwanakomana womurume ane mukurumbira zvikuru anokudzwa uye ane pfuma, ndiye mutariri, kana kuti mutengesi muchitoro chenyama, kana kuti mutengesi wezvivakwa, kana kuti munhu anotumira tsamba, uye rondedzero yacho inogona kupfuurira. Iye zvino anozivikanwa nezvaanoita kwete nezvaari! Arasikirwa nezvaari chaizvo! Kuti atowedzera kurasikirwa nezvaari chaizvo, Jesu anotaura kuti akapererwa zvokuti akatora basa rokudyisa nguruve. Hongu, dzaionekwa sedzisina kuchena kuvaJudha, uye Jesu anoudza mhomho yevanhu kuti mwanakomana muduku uyu apererwa zvikuru zvokuti haachambofungi nezvechinangwa chipi zvacho chaifanira kutorwa nohupenyu hwake. Iye zvino anorarama hupenyu hwokunyadziswa nokuzvidzwa. Humambo hwaaimbofarikanya nahwo hwakanga hwangova ndangariro.

*Shure kwokunge apedza zvose, kwakava nenzara huru munyika yose iyoyo, uye akatanga kushayiwa. Saka akaenda akandozvitsvakira basa kuno mumwe mugari womunyika imomo, iye akamutumira kuminda yake kuti anofudza nguruve. Akada kugutsa dumbu rake namateko aidiyiwa nenguruve, asi hapana munhu akamupa kana chinhu.*

Ndinovimba muri kuona kufambirana kuripo pakati penyaya iyi nevanhu nhasi. Kana varume vaviri vakasangana, vanotii? “Munoitei mukurarama?” kana kuti “Munoshanda kupi?” kana kuti “Munoita nezveyi?” Pamunobvunza mumwe munhu kuti ambori ani, kazhinji anokuudzai zvaanoita. Sei? Nokuti muhurongwa hwenyika yakatukwa, tose takarasikirwa nezvatiri chaizvo, uye tiri kuedza neshungu kuzvitsvaga. Tinoteedzera chero munhu anokwezva kutarisa uye anoita seane kukosha. Izvi zvose zvakabva pasarudzo yaAdhamu yokusiya imba yaBaba vake. Mupfungwa dzedu dzokurarama, tarasikirwa nokuona zvatiri chaizvo. Asi kurudzirwai, munyaya yedu mwanakomana muduku uyu haana kugara mudanga renguruve; uye sezvatiri kutevedza nyaya yacho, ndinovimba munoona kuti nemiwo hamufanire kugara imomo.

Bhaibheri rinoti rimwe zuva mwanakomana muduku uyu anopengenuka uye anoyeuka imba yababa vake umo kunyange nevashandi vane zvakawanda kupfuura zvavanogona kudya. Ndinoona kugara kwaaiita nenzara yakanyanyisa, achiva nendangariro dzezvokudya zvakanakisisa zvaaimbofarikanya nazvo. Sekuru vangu Harold, vaiva mufambisi wemashoko mundege yeB-17 mu *World War II*. Vaibva munharaunda yeverimi uye mumhuri yeverimi. Svondo yoga-yoga, amai vavo vaivapa chikafu chakanakisa ch hukuku yakakangwa, mbatatisi dzakakanywa, chingwa chakabikirwa kumba, bhinzi, nemimwe miriwo yakawanda inonaka. Chokwadi, paigara paine *pie* yakabikirwawo kumba kana keke sechikafu cheserezero. Ini pachangu ndinoziva kunaka kunoita chikafu ichi sezvo mai vavo vaive ambuya vangu.

Ndege yasekuru vangu yakapfurwa ikawa muGermany munguva yehondo, uye vakapedza mwedzi yakawanda vari mumusasa wejeri

reGermany. Chikafu chainge chisisipo. Rimwe zuva ndakabvunza sekuru vangu kuti vakararama sei mumazuva iwayo, uye vakan-diudza kuti chavaingofunga kwaiva kuenda kumba kune huku yakakangwa nembatatizi dzaamai vavo. Ndine chokwadi chokuti mwanakomana muduku uyu aiva nechitiko chakafanana uye akaziva kuti zvaaida chaizvo zvakanga zvisipo. Asi akanga asisinazve nhaka papfuma, akanga atogamuchira zvole zvake zvaiva zvababa vake. Saka akafunga zano. Aienda kumba onokumbira baba vake kuti vamupinze basa somuranda. Mupfungwa dzake, kushanda somushandi wemaricho, ndiyo yaiva sarudzo yake chete.

*Akati apengenuka mupfungwa dzake, akati, “Varanda vababa vangu vazhinji seiko uye vane zvokudya zvavanongosiya, uye zvino ini pano ndoziya zvokusvika pakufa! Ndichasimuka ndiende kuna baba vangu ndinoti kwavari: Baba, ndakatadzira denga napamberi penyuwo. Handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu, ndiitei henyu somumwe wavaranda wenyu.” Saka akasimuka akaenda kuna baba vake.*

Nokudaro anodzokera kumba nezano rake uye kunoteterera baba vake kuti vamuwanire mukana wokuti amboshanda zvichitsinhana nepokurara nezvokudya. Asi Bhaibheri rinotaura mugumisiro unoshamisa wenyaya iyi. Paanoswedera pedyo nepamba pavo, baba vake vanomuona ari chinhambwe ndokumhanya kunomuchingura nokumbundira kukuru. Kubva panguva ino, nyaya yacho inofanira kugonzi inyaya yerudo rwaBaba nokuti baba ivavo vakamumbundira kunyange aive akafukidzwa nendove yenguruve. Mukuita kudaro, vateereri vechiJudha vaJesu vaiziva kuti mumweya,



kumbundira uku kwaizoita kuti baba vacho vave vasina kuchena. Asi baba ava vakasarudza kuva vasina kuchena nokuda kwemwanakomana wavo. Ipapo vanoti pauiwe nenguo yakanakisisa yavanayo ndokuiisa pamusoro pomwanakomana wavo kuti afukidze tsvina yake. Vakatora mhetu yaimiririra chiremera chake ndokuidzorera pachigunwe chemwanakomana wavo. Vanomupa shangu kuti apfeke, izvo zvinoreva kuti anogona zvakare kuwana nzvimbo yose. Asi ndicho chinhu chokupedzisira chaanopihwa nababa vake chinoita kuti mwanakomana mukuru atsamwe. Baba vanodana kuti mhuru yakakodzwa iurawe uye ishandiswe panzvimbo yokudzoka kwomwanakomana. Mwanakomana muduku, kunyange zvazvo asina kufanirwa, ndiye akadzorera chinzvimbo nebetsero dzokuva mwanakomana, anokudzwa pachena uye zvakasununguka somwanakomana, uye akadzorera zvizere panzvimbo yake yekare yemwanakomana womumba.

Zvakanaka, zvino zvose izvi zvinei nemigove miviri? Zvose. Jesu akashandisa nyaya ine mwanakomana muduku uyo akaenda akadzoka nokuti vateereri Vake, tsika dzechiJudha, vaizonzwisisa kuti nyaya yacho yairevei uye izvo zvandada kukuudzai. Mutsika dzechiJudha, mwanakomana mukuru aizongoerekana agamuchira migove miviri. Kana muchirangarira, mwanakomana mukuru haana kuenda, asi mwanakomana muduku ndiye akaenda ndokudzoka. Mucharangarirawo kuti paakaenda, akaenda nemugove wake wenhaka wepamutemo, mugove wake wepamutemo. Iye zvino akanga asisinazve chimwe chaaifanira kuva nacho panhaka kana pachimwe chinhu chaivamo. Asi mwanakomana muduku paakadzoka uye baba vakamudzorera somwanakomana uye vakamupa mhuru yakakodzwa zvakananga kuti vapemberere

kudzoka kwake, mwanakomana mukuru akatsamwa. Mupfungwa dzemwanakomana mukuru, mhuru iyi yaive yake sezvo yaive chikamu chenhaka yake.

Zvino hepano pane nyaya yacho. Kunyange zvazvo munun'una akanga atogamuchira mugove wake wenhaka, akadzororwa somwanakomana uye zvino akanga achifarikanya nomugove wechipiri. Izvi zvaizoreva kuti akanga agamuchira migove miviri yenhaka yacho. Muziso romukomana mukuru, izvi zvakanga zvisina kunaka, uye nehasha, anoudza baba vake kudaro. Anoti akave akatendeka kuvashandira makore ose aya uye munun'una uyu hapana chaakaita kunze kwokunyadzisa mhuri. Ko sei aizowana migove miviri?

Zvino zvaive zvakanaka here? Neziso rohurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya, tose tingati handizvo. Zvimwe taizotsigira mwanakomana mukuru akanga ashanda nokutendeka uye aigona kutaura kusaruramisira kwakanga kwaitwa nokuda kwezvaakanga aitira baba vake.

Asi tinotonga kururama pahwaro hupi? Havasi baba here vanotonga uye vanosarudza wavanoda kuratidza nyasha dzavo? Kurovedzerwa muhurongwa hwenyika yakatukwa kwataizove nako tose kwaizoreva kuti kana baba vaipa mwanakomana muduku chimwe chikamu chenhaka, zvaireva kuti mwanakomana mukuru aizove nechikamu chake chakakamurwa zvishoma. Asi izvi hazvisizvo. Baba vacho vakapfuma zvokuti kunyange vashandi vanotova nezvakawanda. Ko kuzoti vanakomana vavo.

Satani haadi kuti muzive kuti Mwari wedu mukuru sei kana kuti zvamuri chaizvo. Ave achiparadzira nhema pamusoro paBaba vedu kubva pakutanga. Mitemo yemainishuwarenze inoti kana paitika njodzi, kuita kwaMwari. Masangano ezvitendero anoti Mwari

vanofadzwa nemhiko yohurombo. Vanhu vanoti Mwari vanoitira vanhu vakanaka zvakaipa. Satani anoda kuti musaone zvamuri uye nezvokuti Baba venyu vakuru sei kunze kwokunge mapengenuka uye mudzokera kwavari nomoyo wenyu wose. Ndinogona kukuvimbisai kuti pamunotendeukira kwavari, muchawana kugamuchirwa kumwe chete kwakakwazisa mwanakomana muduku uyu munyaya.

“Mwana mukuru ndiani?” mungabvunza. Ngatione kana muchikwanisa kuzviona.

*Zvichakadaro, mwanakomana mukuru akanga ari kumunda akati aswederera pedyo nemba, akanzwa nziyo nokutamba. Saka akadana mumwe wavaranda akamubvunza kuti chii chakanga chichiitika. Muranda akapindura akati, ‘Munun’una wenyu aya uye baba venyu vamubayira mhuru yakakodzwa nokuti adzoka ari mupenyu uye akasimba.’*

*Mukoma mukuru akatsamwa akaramba kupinda. Saka baba vake vakabuda vakamunyengetedza. Asi akapindura baba vake akati, ‘Tarirai! Makore ose aya ndanga ndichikushandirai uye handina kusamboteerera mirayiro yenyu. Asi hamuna kutongondipa chimbudzana kuti ndipemberewo neshamwari dzangu. Asi pangouya mwanakomana wenyu uyu, akaparadza pfuma yenyu nezvifeve, mamubayira mhuru yakakodzwa!’*

*Baba vakati, “Mwanangu, iwe uneni nguva dzose, uye zvose zvandinazvo ndezvako. Asi taifanira kupembera uye tifare, nokuti munun’una wako uyu akanga afa asi zvino araramazve; akanga arasika asi awanikwa.”*

Mwanakomana mukuru anoti mumakore ose aya anga achishandira baba vake, asi panguva yose iyi, hapana kana zuva rimwe chete raakambopihwa chimbudzana zvacho chokupembera

neshamwari dzake. Regai ndidudzire zvaari kutaura. “Baba, hamuna kururama!” Asi cherechedzai kuti baba vacho vanoti kudii.

“Iwe uneni nguva dzose, uye ZVOSE ZVANDINAZVO ndezvako.”

Mirai!!!!

Zvino, mungaziva here kuti mwanakomana mukuru ndiani? Mwanakomana mukuru ave akabatikana zvikuru kushandira baba

vake nomurangariro usina kururama wokuzviruramisa zvokusagona kufari-kanya kunaka kwababa vake. Munguva yose iyi zvose zvababa zvaive zvake.

**SATANI HAADI KUTI  
MUZIVE KUTI MWARI  
WEDU MUKURU SEI  
KANA KUTI ZVAMURI  
CHAIZVO.**

Chokwadi, mwanakomana mukuru anomiririra mutemo wesungano yokutanga. Mwanakomana mukuru aisagona kutongofarikanya nezvaa-

iwana muimba yababa vake nemhaka yokuti akanga akabatikana zvikuru nokushanda kuti arumbidzwe nababa vake. Kunyange zvazvo mwanakomana mukuru aiva nekodzero yokuwana migove miviri, mwanakomana muduku chete ndiye akafarikanya nayo.

Ndimi mwanakomana muduku!

Mune migove miviri. Muri mwanakomana anogamuchirwa kwete maererano nezvaanoita asi maererano nezvaari muna Kristu—mwanakomana kana mwanasikana waMwari, muchifari-kanya nenhaka yamusina kufanira kushandira asi kuigamuchira pachena kubva kuna Baba venyu.

# CHITSAUKO 9

## ZVAKAWANDA KUPFUURA ZVINOKWANA!

Ndinonzwisisa kuti munogona kunge musina chokwadi nemusoro wechitsauko chino, asi apa ndipo pamuri kunanga, kupfuura zvakanwana. Kwete nokuti ndiri kuratidza hurongwa hwazvinho, hurongwa hwakanakisisa hwokugadzira nahwo mari, asi nokuti semwana waMwari ikodzero yenyu yepamutemo kuti mufarikanye nokunaka uye nebudiriro yeimba yaBaba venyu. Pfungwa yemigove miviri, yokuva nezvakawanda, ingaite seising-abviri kufunga nezvayo zvazvino kana ichienzaniswa nekwamunozviona muri muhupenyu hwenyu panguva ino. Asi ndipo pamunofanira kutanga rwendo rwenyu rwokusununguka—mumafungiro enyu. Kunze kwokunge pfungwa dzenyu dzabvumirana neShoko raMwari, hamumbofa mafarikanya nemaropafadzo Avo. Nokudaro, bvisai meso enyu pane zvamunoona zvakakupoterredzai uye muaise pane izvo Mwari vanoti ndezvenyu muHumambo Hwavo. Regai kupokana nezvinotaurwa naMwari nokuti hamuzvioni muhupenyu

hwenyu. Pane kudaro, tangai kupokana nemamiriro enyu ezvinhu kubudikidza neShoko raMwari, muchitenda kuti zvinofanira

**PFUNGWA YEMIGOVE MIVIRI,  
YOKUVA NEZVAKAWANDA,  
INGAITE SEISINGABVIRI  
KUFUNGA NEZVAYO ZVAZVINO  
KANA ICHIENZANISWA  
NEKWAMUNOZVIONA MURI  
MUHUPENYU HWENYU  
PANGUVA INO. ASI NDIPO  
PAMUNOFANIRA KUTANGA  
RWENDO RWENYU  
RWOKUSUNUNGUKA—  
MUMAFUNGIRO ENYU.**

kuenderana nezvose zvinonzi naMwari ndezvenyu. Ndingori munhu akaita semi akangoita zvandiri kukuudzai kuti multe. Tendai zvinotaurwa naMwari! Shoko raMwari harikundikani uye richaunza shanduko kune chero mamiriro ezvinhu enyu. Somuyenzaniso, heino tsamba yomumhepo yandakagamuchira kubva kumuteereri akanga asina chokwadi, hapana chaakanga asina kunzwa, kana kuti akanga anzwa here?

“Ndichazama kuisa

makore makumi maviri nemaviri okutambura mumitsara mishoma. Tose tiri vaviri, ini nomurume wangu takakurira mumhuri dzechKristu uye taienda kukereke nguva dzose. Taivawo muzvikwata zvevechidiki, *Sunday school*, nezvimwewo. Patakarorana, gore redu rokutanga mune zvemari raive rakanaka ... izvo zvaive mumakore anopfuura makumi maviri nemaviri apfuura. Kubvira ipapo, “chinhu chemari” chakanga chiri manyuko nguva dzose emarwadzo nokutamburira, uye kutenda kwangu kwakanga kuchizununguka nguva dzose nemhaka yokuti ndaisagona kunzwisisa chikonzero nei zvinhu zvakataurwa neMagwaro kuti

zvaifanira kuitika zvisina kuitika. Kana Shoko raMwari raive rokusingaperi uye risingaparari uye Varivo mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi, zvino dambudziko raiva rei? Pamwe vakanga vari mufiri kutenda, murevi wenhema, kana kuti mupengo!

“Ngatisvetukirei kumusi wa28 Ndira, 2013 ... Ndakaudza murume wangu, ‘Mwari ngavazviratidze kana kuti vakasadaro ndoenda.’ ... Ndakanga ndapedza nezvekereke naMwari. Panda-kabuda mumba kuti ndiite mabasa mashoma, murume wangu akateerera kurudziro yaMweya Mutsvene uye akaidza shamwari yedu inodiwa kuti vakurukure. Mushure mokunge murume wangu apedza kutaura, shamwari yedu yakati yaive nechimwe chinhu chokuti titeerere—Gary Keese. Yakapa huchapupu hwayo pane zvakaitika kwairi. Zvino, pandakasvika kumba, murume wangu akandiudza zvayakanga yataura uye kuti aizoenda kunotoro chinhu chacho zuva raitevera.

“Handizivi kuti chii chakaitika (nokuti ndakanga ndanzwa zvakakwana kubva kuvafundisi nevadzidzisi nezve“zvinhu zvose zvomumweya”), asi ndakabata parunhare shamwari iyi, ndokumubvunza kana akanga aripo manheru iwayo. Pakati pohusiku paive pachidonha chando, asi ndakakwanisa kusvika kumba kwake. Pandaityaira, ndakaudza Mwari kuti, ‘Izvi zvinofanira kuva zvirizvo chaizvo!’

“Mangwana acho, takatanga kuteerera, uye tose takanga tapererwa. Zvose zvakatanga kuva nemusoro. Ndimba dzose dziya: kutenda, kubatisisa pakutenda kwako. Zvidimbu zvose zvenyaya zvakapedzisira zvave panzvimbo. Takanga tanzwa nezveHumambo makore mashoma okumashure, ASI hapana aimboita hanya yokudzidzisa NZIRA ... yokuti ‘HECHO ICHO CHIRI APO!’ Imi makaita saizvozvo.

“Saka pakarepo, takaisa mumabasa zvatakadzidza ... taida mari yokubhadhara imba yedu. Chakanga chiri China, uye murume wangu akanga apedza mamwe mabasa maduku pamba pevabereki vangu ... ivo vakaramba vachindibvunza kuti vaifanira kupa murume wangu marii (vaiziva kuti zvinhu zvaive zvakaoma). Ndakavaudza kuti, ‘Chero yavaida.’ Yaisakwana kubhadhara mari yemba ... ASI chakanga chingori China.

“Chishanu, takanga taronga kuonana neshamwari yakatipa maCD. Kwakava nedutu guru rechando, asi tose tiri vaviri, murume wangu neni, taida kugara pasi tokurukura naye pamusoro poHumambo nokushanda kwahwo.

“Takaonana uye tisati taenda, aida kunamata, uye akatitambidza cheki ... Ishe vakanga vaisa mumoyo make kuti adyare muhupenyu hwedu. Izvi zvakatishamisa. Takabva tavhura cheki ... yainge YAKAWANDA KUNODARIKA YAIKWANA kubhadhara imba uye nemimwe mitero miduku!

“Ndakaudza murume wangu kuti izvi ndizvo chete zvandaيدا! Ndakatora mufananidzo wecheke kuti andiyeuchidze nezvekutendeka Kwake. Zvakanaka, muvengi haana kufarira zvaakaona uye pakarepo (imika, ndinoreva pakarepo!!!!) akaedza kuba mbeu yedu. Takanga tasarudza kuti ichi ndicho chaiva chokwadi, uye taisazotaura chinhu chipi zvacho chaizoparadza ramangwana redu. Akanga asinganeti ... asi takaramba timire uye takasimudza nhovo yedu.

“(Zvino ndisati ndaenderera mberi, ndinoda kuti munzwisise kuti ndaive chizvara chomuItaly chakaoma musoro chakange chafinhwa ne‘dzidziso dzebudiriro’ dzandainge ndanzwa ... uye murume wangu aizviziva. Chishamiso chechokwadi ndechokuti apa ndakazobata dzidziso iya nokuibatirira... dzimwe nguva murume wangu anonditarisa oshamisika kuti chii chaizvo chakaitika neni!



“Takasunungura kutenda kwedu uye takadyara kuti sekambani, tigamuchire basa rokuvaka musi wa3/13, riri basa re\$150,000 iyo yataida zvokukurumidza kuti tibhadhare mitero yakanga yanonoka. Nomusi waKubvumbi 5/13, takagamuchira mabasa maviri aisvika madhora 450,000 muZUVA RIMWE CHETE!!!! Izvi zvakan-goitika pashure pemwedzi miviri kubvira patakatanga kushandisa misimboti yoHumambo.

“Takaita kuti vana vedu vavewo mazviri uye vakaona kuti ‘hezvo izvo zviri apo.’ Zvino vakagadzira rudungwe rwavo pachavo rwezvavanoda ndokudyara kubva mumapiggy banks avo kuti vawane mbeu yezvavanoda. Tine ndima dzeMagwaro mukamuri yoga-yoga, uye mwana wedu ane makore mashanu okuberekwa anoenda kwavari otaura kuti, ‘Ndinotenda kuti ndagamuchira.’

“Tinovonga zvikuru kuti iye zvino tine mari yakawanda yokupa uye kuti tava pedyo nokusava nechikwereti uye nokuda kupedza migove yedu!

“Ndinokutendai Mufundisi Gary, nokutora nguva yenyu kupindura tsamba dzomumhepo dzandange ndakutumirai. Isu tinonzwisisa kuti nguva yenyu ishoma, uye kutora nguva yokuita izvi kwamakaita kunoratidza kuti munoda sei kugovera shoko roHumambo hukuru hwaMwari rakanakisa iri.”

Ndinogamuchira tsamba dzomumhepo dzakadai mazuva ose. Vanhu vakaita semi neni vari kuwana chokwadi chokuti ndivanaani muna Kristu, vari kudzidza kuti Humambo hwaMwari hunoshanda sei, uye vari vachifarikanya nezviri mahuri. Zvino ini naDrenda takaziva sei musimboti wemigove miviri? Ndichakuudzai muchitsauko chino uye ndinoziva kuti muchawana nyaya dzedu dzichikurudzira.

Ini naDrenda patakatanga kudzidza mitemo nemisimboti

kubva muHumambo hwaMwari, hupenyu hwedu hwakashanduka zvikuru, sezvandambokuudzai muchikamu chokutanga chebhuku rino, kubva pakurarama nemari shoma-shoma yezuva, kuva nemapanic attack, mapiriti anoderedza kushushikana, uye nokusava netariro kwakanyanya, kuenda kuhupenyu hwechinangwa nokuwana. Takaona zvinhu zvichiitika kakawanda uye zvakaita kuti timire ndokuti, “Wazviona here izvi? E-ee!” Tairamba tichiona Humambo hwaMwari huchishanda sezvakataurwa neBhaibheri, uye taibvunza mibvunzo yokuti, “Izvi zvakaitika sei kana kuti nei? kana kuti “Ndoupi musimbote watakapinda mauri?” Kunyange zvazvo taifarikanya nezvakawanda zvaidarika zvakakwana, hatina kunyatsoona migove miviri zvakajeka sokujeka kwazvakaita munyaya dzandichakuratidzai. Takanga tichifarikanya nemigove miviri, zvisinei, takanga tisingazive kudaidza zvatakanga tichiona semigove miviri kusvikira Mwari varamba vachiwedzera kunzwisisa kwedu pazviri. Ndisati ndatsanangura kuti Mwari vakatibatsira sei kunzwisisa nezvemigove miviri munzira huru, ndinoda kutarisazve Rugwaro rwedu rwunokosha kweminiti. (Mazwi ari mumamhemberekedzo zvinyorwa zvangu, haasi chikamu cheRugwaro rwacho chairwo.)

*Naizvozvo richiripo, zororo reSabata ravanhu vaMwari; nokuti ani naani anopinda muzororo raMwari [kutenda] anozororawo pabasa rake [hurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda zvinorwadza, neziya, uye kuti pangove neraramo], sezvakaita Mwari pane rake [nokuti akanga apedza].*

— VaHebheru 4:9-10

Parizvino mave kuziva kuti zororo reSabata iri ivimbiso kumutendi wose weTestamende Itsva munaKristu uye hachisi chinhu cheTestamende Yekare chete. Imiwo zvino munoziva kuti Sabata harigoneki kana pasina zvakawanda zvinodarika zvakakwana, kana sezvataona muna Eksodho 16, migove miviri. Ndapota musavhiringidzike nezvekufamba mumigove miviri, kureva kuti munenge muine mari yakawanda inosara muruoko rwenyu kana Mwari vakukumbirai kuti multe chimwe chinhu.

Pane dzimwe nguva muhupenyu hwangu apo Jesu akandiudza kuti ndienderere mberi nebasa ini ndakanga ndisina kana mari mubhanga. Ndakazooka pave paye kuti Mwari vaisambotya nezvekusavapo kwemari iyoyo uye vaiziva kwayaizobva. Asi havana kuibvumira kuti ionekwe, zvichida muvengi aizoedza kuiba isati yaakudikanwa. Regai ndikurumei nzeve, kana zvakadai, itai sarudzo yokuenderera mberi nechinhu kana muine chokwadi chokuti makanzwa kubva kuna Mweya Mutsvene kuti mudaro. Zvakare, kunze kwokunge Jesu akuudzai kuti muenderere mberi nechimwe chinhu musina mari panzvimbo, musaenderera mberi pachiri. Mirirai kusvika yava nguva yaMwari uye kuti mari iwanikwe.

Kazhinji, isu sevatendi tinodanwa kuti tirame kubva mukupfachukira kwemari yohupenyu hwedu. Hatisi varombo asi tinokwanisa kuva nerupo panguva dzose sezvakaita Baba vedu. Ndinongotaura izvozvo nokuti ndakagamuchira tsamba dzomumhepo kakawanda umo vanhu vakasvetukira kupinda mazviri uye ndokupotsa nguva yaMwari. Teerera, nokuti Mwari vanokuratidzai chimwe chinhu hazvirevi kuti inguva yokuenderera mberi kuchiita. Munguva zhinji, vanokuratidzai chimwe chinhu

chinokupai gwara nenguva yokugadzirira. Sokuziva kwangu, nguva yokuita chinhu yakakosha sokunzwa gwara panguva yokutanga.

Jesu paakatanga hushumiri Hwake muguta rokumusha Kwake, pashure pokunge abhabhatidzwa murwizi rweJorodhani naJohani Mubhabhatidzi uye pashure pokuva murenje kwemazuva makumi mana nohusiku huna makumi mana, akapinda musinagoge yomunzvimbo Make ndokutora bhuku raIsaya ndokuvhura kuchitsauko chemakumi matanhatu nechimwe ndokuverenga. Tinoona chiitiko ichi chakanyorwa muna Ruka 4:18–21.

*Mweya waShe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidze mashoko akanaka kuvarombo. Akandituma kuti ndiparidze rusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaoni vaone, kuti ndisunungure vakamanikidzwa, kuti ndiparidze gore rakanaka raShe.”*

*Ipapo akapeta rugwaro, akarudzoserera kumubati akagara pasi. Meso avanhu vose vakanga vari musinagoge akanga akati nde-e kwaari, uye akatanga nokuti kwavari, “Nhasi rugwaro urwu rwazadziswa munzeve dzenyu.”*

Chokwadi, vakamutsamwira nokufunga kuti ndizvo zvaaireva. Asi nyatsoteererai pakagumira Jesu kuverenga. Ndima yokutanga kusvika yechipiri yaIsaya 61 inoti,

*Akandituma kuti ndirape vane moyo yakaputsika, kuti ndiparidze kusunungurwa kwavakatapwa, nokubudiswa kwavasungwa kuti vabve murima, kuti ndiparidze gore rengoni dzaJehovha uye nezuva rokutsiva kwaMwari wedu.*

Tarisai Jesu akamira pakati pomutsara. Haana kuverenga, “nezuva rokutsiva kwaMwari wedu.” Sei? Nemhaka yokuti aida kugumira pachikamu chokutanga chechirevo ichocho, “gore rengoni dzaJehovha.”

Gore rengoni dzaJehovha nderipi? Gore reJubhiri! Jesu ainyanya kuzivisa kuti zvose zvatakaratidzwa nemumvuri weSabata, Gore reSabata, uye Gore reJubhiri zvakanga zvazadzikiswa uye zvakanga zvavapo nokuti Iye akanga auya. Chitsauko chose chaIsaya 61 chinotiudza zvatakaitirwa naJesu. Nezvemigove miviri, tarisai pandima yechinomwe kusvika kupfumbamwe.

*Pachinzvimbo chokunyadziswa kwavo vanhu vangu vachagamuchira migove miviri, uye pachinzvimbo chokunyadziswa vachafara munhaka yavo; nokudaro vachagara nhaka yemigove miviri munyika yavo, uye mufaro usingaperi uchava wavo. Nokuti ini, Jehovha, ndinoda kururamisira; ndinovenga kupamba nezvakaipa. Mukutendeka kwangu, ndichavapa mubayiro uye ndichaita sungano isingaperi navo. Zvizvarwa zvavo zvichazivikanwa pakati pendudzi uye navana vavo pakati pamarudzi. Vose vanovaona vachaziva kuti vanhu vakaropafadzwa naJehovha.*

— Isaya 61:7-9

Ini zvechokwadi ndinonzwisisa kunyara nokuda kwematambudziko emari. Nguva zhinji ndaizviona ndanyadziswa uye ndichinyara pamusoro pemamiriro edu emari. Ndinoyeuka imwe nguva yandakaunganidza shamwari dzedu dzinenge makumi maviri kuti tinodya muresitorendi yomunzvimbo medu. Handichayeuki chiitiko chinokosha chataipemberera, asi ndakanga ndabvuma

kubhadhara mari yechiitiko chacho. Ndinorangarira kuti ndaive ndakaremerwa zvikuru panguva yokudya nokuti pachokwadi

**NOKUTI MWARI  
VANOKURATIDZAI CHIMWE  
CHINHU HAZVIREVI KUTI  
INGUVA YOKUENDERERA  
MBERI KUCHIITA.  
MUNGUVA ZHINJI,  
VANOKURATIDZAI CHIMWE  
CHINHU CHINOKUPAI  
GWARA NENGUVA  
YOKUGADZIRIRA.**

chaipo ndakanga ndisina mari yokubhadhara chiitiko chakadaro.

Mari yandainge ndakatarisira kuti yaizobuda mubasa randais-handa yainge yanonoka kubhadharwa. Chete kadhi rokubhanga rokutenga nechikwereti randaive naro raive risina kukanzurwa, asi rakange rasvika pokugumisira kukwereta uye ndakanga ndisina chokwadi chokuti raizoshanda imwe nguvazve kana kuti kwete. Chokwadi, pakupera kwekudya kadhi rakarambwa. Ndaifanira

kukumbira nokuzvininipisa, nokunyara kukuru, mumwe wevaeni vangu kuti abhadhare chiitiko chacho.

O-oo, ndine nyaya dzakawanda dzakadai, asi handina chokwadi chokuti mune mapepa okupukuta misodzi akakwana pedyo kuti mutange kuverenga zvakadai. Asi rumbidzai Mwari, kubudikidza naJesu, vose vanotiona vachafanira kubvuma kuti tiri vanhu vakaropafadzwa naJehovha!

Migove miviri ndeyenyu, Jesu izororo renyu reSabata, uye ndiye migove yenyu yakapetwa kaviri! Kana makaverenga rimwe remabhuku angu apfuura, munoziva kuti Ishe vakandidzidzisa zvakawanda pamusoro poHumambo kubudikidza nokuvhima nondo. Kutaura idi, kuvhima nondo ndiwo muchovha wakashandiswa naMwari kutanga kubata pfungwa dzangu noHumambo.

Ndakanga ndava nemakore akawanda ndichivhima nondo pasina chimuko. Kunyange zvazvo ndaiisa nguva nemari mukuedza kwangu, ndaiguma ndisina chabuda uye ndisina nyama yemhuka. Kutura chokwadi, handina kana kumbopfura imwe zvayo. Gore iroro pandakanga ndichifunga nezvemwaka unouya wokuvhima nondo, Mwari vakatura neni ndokuti, “[Wadii kundibvumira kukubatsira kuvhima nondo gore rino?!” Hongu, ndakanga ndisingazivi kuti izvozvo zvairevei, asi vakandiudza kuti nditore cheki ndinyore kuti, “Kuitira nondo yangu ya1987” pairi muchikamu chememo, pamwe chete nemari yohuwandu hwakadai, ndozoitumira kushumiro kwavaindirayira kuti ndiitumire. Vakandiudzawo kuti ndiite kuti tose naDrenda tiise maoko edu pacheki iya totaura pairi zvinotaurwa naMako 11:24 tichiinamatira.

**Mako 11:24** inoti,

*Naizvozvo ndinoti kwamuri, zvoze zvamunokumbira mukunyengerera, tendai kuti mazvigamuchira, uye zvichava zvenyu.*

Kuti tipfupise nyaya yedu, ndakaenda kune imwe nzvimbo yandisina kujaira zvachose gore iroro uye ndakava nenondo yangu mumamaminiti makumi mana. Ini naDrenda takatevera nhanho idzi kwemakore makumi matatu apfuura, uye kubva ipapo, kwegore roga-roga ndagara ndinokohwa nondo dzangu mumamaminiti makumi matatu kusvika makumi mana. Mumakore ose aya, ndakaona Mwari vachiita zvinhu zvinoshamisa pandaivhima, uye ndakadzidzawo zvidzidzo zvisomanana nezvemitemo yoHumambo kubudikidza nokuvhima. (Nyaya dzose dzepakutanga idzi dzakanzorwa mubhuku rangu *Faith Hunt*.)

Ndinowanzofarira kuvhima mukudziya kwaMatsutso kudarika kuvhima mumwaka unotonhora wokupfura mhuka womuno muOhio. Muganho wohuwandu wenondo dzamunogona kukohwa muno muOhio hwakati nakei, uye muchero gore rakapihwa, pagore munogona kubata nondo dzinogumira panhanhatu. Handisati ndambokohwa nondo dzakawanda kudaro kuti ndipe mhuri yangu. Firiji yangu inowanzozara nenondo mbiri kana nhatu pagore. Kutu mutende zvandiri kuda kukuudzai, munofanira kuziva kuti mukuvhima kwangu mumakore ose iwayo, ndakanga ndisati ndambopfura nondo mbiri kubva pamuti mumwe chete angava mangwanani kana kuti manheru. Gara zviya, kana imi musiri muvhimi, hongu, tinokotama padanda remuti kuti tivhime. Kazhinji, pandaiuraya nondo, ndaibuda musango ndozodzoka rimwe zuva ndotora imwe. Asi Ishe vaida kundidzidzisa chimwe chinhu pakuvhima kwemanheru uku.

Raiva rimwe zuva raMatsutso rakakwana rokuvhima, chifukidziro chegore uye netwumvura zvainyoroovesa pasi nguva nenguva. Wakanga uri musi weSvondo manheru, ndakanga ndaneta nokuita minamoto yekereke mangwanani iwayo, uye ndaitarisira kuva musango. Drenda aienda kunotenga zvinhu zvishoma zvomumba, ini naye tainge tawirirana kuti uhu hwaiva husiku hwakanaka hwokuisa nyama yemhuka mufiriji. Ndaive ndakapfeka *camo* yangu ndichiunganidza zvinhu zvangu iye achibuda achienda kumotokari. Ndakabuda panze iye achimutsa motokari kuti abude. Achimutsa motokari kudaro, akadzikisa fafitera ndokuti kwandiri, “Migove miviri.” Handina kuziva kuti nei akadaro, kunyange zvazvo nokufamba kwenguva akazoti panguva iyoyo akanzwa Ishe vachitaura izvozvo kwaari uye akanzwa kutungamirirwa kundiudza izvozvo.



Takanga tadyarira nondo nhatu gore iroro, uye iri rakanga riri zuva rokutanga kunovhima mumwaka iwoyo. Ndakamutsvoda nokuchimbidza ndikamuudza kuti ndakanga ndazvitenda, ndichibva ndabuda ndakananga kusango redu. Ndinovhimira mumusha wangu, saka ndainyatsoziva kwandainanga. Ndichikwira mumuti mangu, ndakaita *magrant call* maviri. Mumaminiti gumi nemashanu, nondo yemapoint 8 yakauya ichimhanya, ndakabaya pfuti yemayadhi makumi mana, uye nondo yangu yakanga yava pasi. Zvaishamisa! Ndakaburuka ndokunanga kunondo, ndakarangarira zvainge zvataurwa naDrenda, migove miviri, ndokubva ndasiya nondo yainge yadonha ndokufamba ndichidzokera mumuti mangu, ndokukwirazve ndichidzokera pokumirira.

Ndakafunga kuti nezhovezhove yose yandakanga ndaita ndichiburuka, ndichifamba-famba, ndokukwira ndodzokera panzvimbo yangu yokumirira, ko kuzoti hwema hwose hwandakanga ndaparadzira, munyika yechizvarirwo chaiyo paigona kuva nomukana muduku wokuuraya imwe mumaminiti mashoma okupfura zviri pamutemo. Asi mumaminiti gumi nemashanu ndiri mumuti, nondo hono yakafamba yakananga pasi pomuti wangu chaipo, uye ndakaiwisira pasi nokupfura kwakanakisa. E-ee, kupfura kaviri, nondo mbiri dzakatevedzana, kubva pamuti mumwe chete; ndakanga ndisati ndambozviita. Izvozvo zvakabata pfungwa dzangu uye ndakaziva kuti ndiyo migove miviri yainge yataurwa naDrenda.

Kwemakore mashanu akatevera, zvimwechetezvo ndizvo zvaiitika. Pose pandaienda kunovhima neuta, ndaiwana nondo mbiri kubva mumuti mumwe chete mumaminiti akatevedzana zvishoma. Ndakaziva kuti izvi zvakanga zvisiri zvomuzvarirwo, uye ndakatanga kufunga nezvemigove miviri, ndichiziva kuti

Mwari vakanga vachindidzidzisa chimwezve chidzidzo pamusoro poHumambo Hwavo.

Ndagara ndinoda pfuti uye, chokwadi, ndinoda kuvhima. Ndine muunganidzwa wangu wepfuti dzandinoshandisa mukuvhima, uye ndaifara chaizvo nepfuti dzandaiva nadzo. Ini naDrenda tine maeka makumi matanhatu evhu ane maeka makumi maviri nemashanu esango uye nemamwe maeka gumi nemashanu emachakwi. MuMatsutso api zvawo, machakwi anogona kuoma kana kuti anenge akazara nemvura, zvichienderana nokunaya kwezhizha.

Gore rino, takanga tine zhizha rakava nemvura yakawanda, nokudaro, machakwi akanga azere nemvura sezvo mwaka weMatsutso wemadhadha wakanga wasvika. Nguva dzose mugore rose raiva nemvura, paigarova nemadhadha aiuya mumachakwi, asi ndakanga ndisina kunyatsoita hanya nawo. Asi gore rino kwaiva nemadhadha akawandisa aiuya mumachakwi nokuda kwemvura yakanga iri pamusoro, uye handina kukwanisa kuzvikunda. Kunyange zvazvo ndisina kumbobvira ndaronga kuavhima munguva yakapfuura, ndakafunga kuti ndichadzika kumachakwi ndoedza kuvhima madhadha. Zvakanaka, kuvhima kwacho kwaiva kukuru. Madhadha aiva akati ndandanda kwose-kwose, uye takava nezvirariro zvishomanane zvemadhadha gore iroro.

Gore iroro ndichivhima madhadha, ndakaona kakawanda kuti madhadha aisapfurika nepfuti yangu. Ndaive ndichishandisa pfuti yangu yenguva dzose yandaiwanzoshandisa patsuro nemapheasant, asi madhadha paaibhururuka kunze kwechinangidziro chepfuti, ndakarangerira kuti ndakanga ndanzwa nezverudzi rutsva rwepfuti dzakanga dzagadzirirwa kuvhima madhadha. Dzakanga dzine mavara *ecamouflage* uye dzaikwanisa kupfura madhadha ari kwaari

ikoko, izvo zvaibvumira kumapfura ari kuresa. Ndinoyeuka ndichifunga kuti ndaifanira kudzitarisa pane imwe nguva.

Zvino, zvakangoitikawo hazvo kuti ndakanga ndiri muchitoro chezvemitambo chomunzvimbomo mwaka wemadhadha wangobva kupera apo ndakaona pfuti dzakanyorwa kuti pfuti dzemadhadha. Ndakadzitarisa kwekanguvana, asi nokuda kwomutengo wemadhora 2,000 waive wakaiswapo uye nokuda kwokuti ndaisada pfuti kweimwe mwedzi gumi apo mwaka wemadhadha waizovhurwa, ndakasarudza kumbomira kutenga. Asi ndisingafungi, nenzwi guru ndakati, “Ishe, ndinoda iyo.” Handina kufunga zvakawanda pamusoro pazvo sezvandakabuda muchitoro, asi mumavhiki mashomanane akatevera ndakanga ndichitaura pamusangano wokutengesa kwekambani, kwete musangano wekereke, musangano wokutengesa kwekambani. Ndichipedza kutaura, *CEO* akanditenda nokutaura kwandakaita ndokuti, “Taida kukutendai nechipo nokuda kwokutaura kwamaita manheru ano.” Ndakarohwa nehana paakaburitsa pfuti chaiyo yandakanga ndatarisa muchitoro chezvigadzirwa zvemitambo masvondo mashomana akanga apfuura. Mazwi angu, “Ishe, ndichatora iyo,” uye nokuti ndakanga ndambopa pfuti kare zvakaunza goho iroro.

Mubhuku rokutanga renhevedzano iyi, *Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu: Simba Rokutendeseke*, ndinotaura nezvemusimbotti wakakonjera kuti pfuti iratidzike. Ndinoudana kuti musimbotti wejeko, uye unowanikwa muna Mako 4:26–29. Ndinokukurudzirai kuti muve nerenyuwo bhuku racho kana musati mariverenga. Kuzovapo kwepfuti iya kwakava kunofadza chokwadi, asi haisiriyo chaiyo nyaya yandinoda kutarisa pairi. Asi yavhurira musuo nyaya yandinoda kukuudzai.

Pashure pokunge pfuti iya yaoneka, uye ndoziva kuti ndakanga ndaita sei kuti goho iroro rivepo, rimwe zuva ndakafunga kwechin-guvana pamusoro pedzimwe pfuti dzandaifunga kuti ndaizoda kuva nadzo. Pashure pezvose, ndakanga ndadyara pfuti dzakawanda, saka ndakafunga kuti ndichaedza mitemo yoHumambo. Pfuti yoga yandakanga ndisina mumuunganidzwa wangu yaiva *over and under shotgun*. Idzi ipfuti dzakanaka, uye kazhinji hadzidhuri. Saka ndakati, “Ishe, ndinoda kuva neimwe yepfuti dzeover and under!”

Munenge mushure memwedzi ndakagamuchira runhare kubva kune mumwe wandaishanda naye muhushumiri, uye akati aida kunditengera pfuti, *yeover and under*. Ndakafara uye akati aizoita yokutumira. Zvino, mumazuva mashoma akatevera ndakagamuchira pfuti mbiri dzakaisvonaka dzakaita kutumirwa, dzakaisvonaka! Cherechedzai kuti ndakagamuchira pfuti mbiri. “E-ee,” ndakafunga saizvozvo. Ndakachaira runhare mumwe wavo ndikamutenda nepfuti dzakanaka dzaakanga atumira. Mumazuva mashoma vakatumira dzimwe mbiri. Pandakachaya runhare kuti ndimutende zvakare, akati, “Ndakafadzwa kwazvo kuti makandichaira runhare pachenyu kuti munditende, ndaida kukutumirai dzimwe mbiri.” Ndakaremerwa nezvipo, asi pano ndakanga ndava kuona dzokororo yokuitika kwezvinhu. Pfuti mbiri nguva imwe neimwe? Zvinonzwika semigove miviri.

Inenge mwedzi miviri yapfuura, ndaidzidzisa pane imwe kereke mangwanani uye manheru acho ndaifanirazve kudzidzisa muguta rimwechetero pane imwe kereke. Mushure meshumiro yemangwanani, mumwe murume anofamba achiuya kwandiri ndokuti, “Ndichakutumirai pfuti yakanaka *yeBrowning semiautomatic*.” Zvakare, ndakafara. Sezvineiwo, mushumiro yemanheru paimwe

kereke, mumwe murume anouya oti, “Ndauya nepfuti itsva ichiri mubhokisi randiri kuda kukupai.” Yakanga yakanaka, *scoped out Marlin* 30/30, pfuti yandaiwanzoyemura asi ndisina kumbobvira ndava neyangu. Zvakare, ndakashamisika asi ndakanga ndava kuzvibata—migove miviri.

Zvakare, mumavhiki mashomanane pashure peizvozvo, chinhu chimwechetecho chakaitika—ndakapihwa pfuti mbiri muzuva rimwechetero. Zvakanaka, chandinogona kutaura ndechokuti ndiri murume akaropafadzwa nepfuti huru zvechokwadi. Asi senge nyaya yose yandinotaura, ndinogara ndichibvunza, “Zvakaitika sei chaizvo?” Chokwadi, ndakakuudzai nechekare kuti ndakadyara pfuti dzakawanda munguva yapfuura asi handina kumboti, “Ndichatora iyo, Ishe,” kusvikira panguva iyoyo. Zvakare, uyu ndiwo musimbotti wejeko uwo munofanira kuziva. Asi kunze kwemusimbotti wejeko uyu, ndakanga ndichipinda mumigove miviri nenzira ine musiyano, yakanyatsojeka, uye ndaida kunyatsoziva kuti ndaizviita sei izvi. Ndinotenda kuti Ishe vakandiratidza kuti vazhinji vedu takapotsa chikamu chakakosha ichi chokukohwa kubva muHumambo, uye ndichapedza imwe nguva muchitsauko chinotevera ndichitaura nezvemusoro iwoyo. Asi ndisati ndaita sokudaro, ndinongofanira kugoverana nemi kuti gore iroro rakaramba richiita sei.

Mushure mokunge ndatumirwa pfuti, iyi nyaya yakaitika—uye ndiyo imwe yenyaya dzinoshamisa kwazvo dzakaitika maererano nokuona migove miviri ichiratidzwa zvakajeka; zviri pachena, pasina mibvunzo ingabvunzwa, uyu mufananidzo wemigove miviri. Nyaya iyi ine chokuita nemotokari dzangu, kunyanya *Cadillac Escalade* yangu *yepearl white* yandakapihwa yandakataura nezvayo muzvitsauko zvishoma zvapfuura. Sezvandambotaura mubhuku

rino, Drenda neni hatisi vanhu vanonyanyofarira zvine chokuita nemotokari. Kazhinji tinongodzityaira kusvika dzamira kushanda kana kuti dzisingachataridziki zvakanaka.

Uye zvakare mune iyi nyaya, ndinofanira kutaura kuti kare ini naDrenda takanga tapa motokari dzinoverengeka uye takanga tisati tanyatsojekesa mukutenda zvataida kukohwa kubva mukupa ikoko. Asi kana muchirangarira nyaya iyoyo, pataityaira *Escalade* iya yatakarendesa pamusangano wedu ndokuti, “Iyi taifarira; tinofunga kuti tinofanira kuwana imwe yeidzi,” takanga tisingatarisiri chaizvoizvo kuti mumwe munhu achangotishevedza oti aida kutitengera imwe yadzo. Asi, chokwadi, ndizvo zvakaitika. Uye, chokwadi, takanga tisina kuudza ani zvake kuti taiida. Saka sezvan-dambokuudza, *Escalade yepearl white* pfupi iya yakavapo uye yaive, uye inongova yakanakisa. Ndinoida.

Asi pane mashoko enyaya iyi okuwedzera anotoshamisa akaitika muzhizha rapfuura. Takanga tatyaira *Escalade* iyi kwerinenge gore

**NDINOTEVERA MAMBO  
NOHUMAMBO HWAVO,  
ASI MUHUMAMBO  
NDINOWANA  
ZVINOPFUURA  
ZVAKAKWANA,  
MIGOVE MIVIRI!**

nechidimbu chepakati apo rimwe ramazuva ndakaona kuti mwenje *wecheck engine* wakabatidzika “Harisi dambudziko huru zvaro,” ndakafunga kudaro, asi ndaida kuti itariswe, saka ndakaita kuti mutengesise aitarise. Vakati zvakanga zvisina basa. *Sensor* yaive ichitora mafuta mashoma nemashoma kubva ku*exhaust* asi yaisazokonzera dambudziko. Injini yaizogara nguva

yandaida kuitiyaira. Ndakabvunza kuti sei yaitora mafuta. *Escalade* yangu yaive yakaiswa *afterMakoet exhaust system*, uye vakafunga kuti chaigona chiricho chikonzero nei zvaidaro. Zvakare, vakati

injini pachayo yakanga yakanaka uye ndaifanira kutarisira kuti injini igare kwenguva refu.

Rimwe zuva, mukutaurawo zvako nemurume akanga andipa motokari, ndakataura nezvedambudziko remwenje *wesensor* riya randaiva naro. Akati, “Hongu, ndazviona zvichiitika nedzimwe motokari *dzeGMC*.” “Zvazviri chaizvo ndezvokuti zvakaton-yanyira kune dzokudhara dzacho,” akadaro. Akaenderera mberi achiti hazvaizokanganisa motokari nenzira ipi zvayo uye kuti ndinokwanisa kutyaira motokari kwemakore gumi kana kupfuura anotevera pasina dambudziko.

Aiziva kuti ini naDrenda tine imba kuFlorida yandakanga ndichangobva kutenga. Ndakagara kudaro mukushamisika, akabva ati, “Regai ndikuudzei izvi. Tyairai iyi kuenda kuFlorida moishandisa ikoko, uye ini ndichakutengerai imwe yokutyaira muno muOhio.” Hongu, ini ikozvino ndine ma*Escalade* mapfupi *epearl white* maviri, akanaka nenzira dzose, kunze kwemwenje *wesensor* unobaka apo neapo mune yokutanga. Dzose dzakanaka nezira dzose! Zvakare, yaive imwe yenguva yataiti, “Wazviona here izvi?” Ini naDrenda tinofanirwa kuzvitsunya patinenge tichityaira motokari dzakanaka idzi. Hatina kumbobhadhara kana imwe yemotokari idzodzi. Asi munyaya iyi, takaziva kuti yaiva migove miviri.

Handisi kukuudzai nyaya idzi kuti ndizvirumbidze nenzira ipi zvayo, asi shamwari, ndakaropafadzwa! Ndiri kufadzwa nemigove miviri, sezvamunoziva iye zvino, uku kuva nezvinopfuura zvakakwana. Ndine sefa yepfuti izere nepfuti, dzakawandisa chose. Ndine ma*Escalade* maviri akafanana andisina kubhadhara. Ndinofunga munogona kuzvibvuma kuti izvi zvinopfuura zvakakwana! Uye hakusi kuti ndiri kukukurudzirai kutsvaga zvinhu zvenyama,

kwete. Ini handibatirire pazvinhu, uye handinamate zvinhu kana kuzvitevera. Ndinotevera Mambo noHumambo Hwavo, asi muHumambo ndinowana zvinopfuura zvakakwana, migove miviri!

Imbomirai, handisati ndapedza kupupura nezvokunaka kwaIshe uye nezvemigove miviri.

Mudzimai wangu akanga achida musha wokumahombekombe kwegungwa kwemakore makumi maviri akanga apfuura. Kwete, regai ndizvidzokorore. Anga agara achiida kwemakore ake ose! Munhu anongoda gungwa hake! Zvisinei, anga achitarisa dzimba dzepagungwa kwemakore. Kare paimuka imba yaaida, mari yedu yaiwandirwa nemabasa ohushumiri uye taimirira. Zvakanaka, gore rino ndainamata ndiri mukamuri yepasi apo ndakanga ndichichovha bhasikoro rangu rinochovhwa rakamira. Ndakaerekana Ishe vakataura kwandiri nenzira yakasimba zvikuru, “Udza Drenda kuti aende kuFlorida, kudhorobha iro raagara anoshuvira kuva nembera, uye muudze kuti atenge imba yake yepagungwa svondo rino.” E-ee, svondo rino? Ndakanzwa chikurumidziro chikuru chokuita zvinhu mumweya mangu pandakanzwa kudaro. Nokudaro, ndakaudza Drenda zvandakanga ndaudzwa naShe, tichibva tachaira runhare imwe shamwari yedu yaigara muguta iroro kuti tione kana yaizoda kutenderera-tendera nemotokari naDrenda kwemazuva mashoma kuti aone dzimba. Akati zvaiva zvisina dambudziko.

Nokudaro, Drenda akaenda pamhepo ndokugadzira rondedzero yedzimba dzinosvika makumi maviri neshanu dzaaida kutarisa. Asvika ikoko, Drenda akatapudza rondedzero yake yemakumi maviri neshanu dzimba kusvika padzishanu dzaigona kuita uye neiyo akati aida. Panguva iyi, ndakabhururuka ndikanobatana naye achibva andiratidza dzimba dzishanu neyaaida. Takabva tadzika kubva pashanu kusvika pambiri—iyo yaaida uye neimwe imba



yakanga yakanaka zvikuru asi isina kunaka seyaaaida. Ndinofanira kubvuma kuti pandakaona imba yaaida iyoyo, ndakaziva kuti iyi yaiva yaDrenda, uye takazopedzisira tataura mari yataida kuitenga nayo. Muridzi wayo akabvuma zvatakakumbira uye takava muchibvumirano chokutenga musha wedu mutsva.

Mushure memavhiki mashomanane, patakanga tiri kumba muOhio, takazorora, Drenda akatora befusiro ndokuti, “Iyi ndiyo imba yangu!” “Ndinozviziva,” ndakadaro, “Iyi imba yako. Mwari vakandiudza kuti ndaizokutengera musha wako wepagungwa pavhiki randakakutuma kugungwa.”

“Kwete,” akadaro, “Hausi kundinzwisisa; Iyo imba yangu.” Akaenderera mberi achitsanangura kuti akanga ave achitsvaga dzimba kwemakore akati kuti munharaunda iyoyo, uye rimwe zuva akaona mufananidzo mukushambadzwa kwezvivakwa weimba yatakanga tichitenga. Paakaiona, akaida. Aida zvose nezvayo, iyo yaiva yakavakwa pachiSpanish Mediterranean, pasi pachu, payaiva pachu, zvose hazvo. Akayeuka achiisa chigunwe chake pamufananidzo achiti, “Ishe, ndinoda imba iyo!” Asi aiziva kuti imba yacho yaidhura uye tainge tatoisa mari yedu kune zvimwe zvinhu, nokudaro aingoramba achitarisa dzimba dzaive mumitengo yedu panguva iyoyo. Asi hapana imwe imba yaakada, uye hatina kumbosvika padanho rokuisa kondirakiti pane imwe yadzo. Takanga tisiri kungonzwa kuva norugare nezvemba idzi.

Munofanira kuzivazve kuti takadyara mbeu yeimba yokumahombekombe egungwa muguta rino makore maviri omumashure. Panguva iyi taipupura kuti tine imba yokumahombekombe egungwa muguta rino, tatova nayo, uye takaigamuchira zuva ratakadyara nokuda kwayo. Ndinorangarira nzvimbo chaiyo uye nenguva yatakabatana maoko tikasvika pakubvumirana nezvemba

yaDrenda yepamahombekombe egungwa. Asi zvino sezvatakanga tiri muchibvumirano, Drenda akaerekana ayeuka mufananidzo waakanga aona makore maviri akanga apfuura ndokuziva kuti iyi yakanga iri imba imwecheteyo, imba yake!

Mushure mokuongorora nhoroondo yemba iyi, takaona kuti zvehokwadi muridzi wemba iyi akanga amboedza kutengesa imba yacho makore mashoma akanga apfuura, asi haina kutengwa uye akaibvisa pamusika. Drenda ndopaaive aona mufananidzo wemba iyi yakanyorwa mudzimba dzaitengeswa. Asi muridzi wayo akanga asarudza kuinyora zvakare, uye izvi zvinotsanangura chikonzero nei ndakanzwa chikurumidziro chokutumira Drenda kugungwa nemurayiridzo wokuti, “Unofanira kutenga imba vhiki ino.” Anogona kukuudzai kuti handiwo mashandisiro andinoita mari. Kuziva nguva chaiyo yokuita zvinhu ndizvo zvose. Panguva ino, mari yangu yakanga isingabatanidzwi nezvimwe zvirongwa uye yaiwanika pamba. Ndine chokwadi chokuti kwaiva nevanhu vakawanda vaitarisa imba iyoyo uye ndicho chikonzero nei taifanira kukurumidzira. Zvinoshamisa kuti mutengo wakanga usina kukwira kubva pakunyorwa kwayakaitwa makore maviri akanga apfuura paakaiona. Ndinotenda kuti Mwari vakanga vakamubatira imba iyi!

Asi heino migove miviri yenyaya. Apo imba yedu yakanga iri muchibvumirano ichimirira kuti tizongopedzerana, takatambira runhare kubva kuna amai vaDrenda. Vakanga vanemba muCanada kwemakore 32 apfuura. Takaveko kakawanda mumakore aya uye taida imba nenzvimbo. Imba yacho iri pachitsuwa chiri pamvura chaipo. Gungwa rinenge ritori mafiti makumi matatu kubva kudeck rokumashure. Vabereki vaDrenda vakanga vakwegura uye vakasarudza kuti vakanga vasingadi kuchengetwa uye nokudhura

kwemba yaiva kure zvakadaro, zvaisaita kuti varambe vanayo. Vakauya pataiva vakatibvunza kana taive nechido chokuitenga ndikati kwete. Raive rwendo rwemaawa makumi matatu nerimwe kubva kuOhio, uye kunyange ndaida nzvimbo iyi, handina kuona chiri chinhu chandaigona kuita nokuda kwenguva yakawanda yaidiwa kuendako. Saka vakanyora imba yacho pasi pevatangesi vedzimba, asi mushure mokuiisa pamusika kwemakore maviri, hapana mutengi akaratidza kunyatsofarira kuitenga.

Saka zvino patakanga takamirira kupedzerana nevemba yepama-hombekombe egungwa, vakatichaira runhare ndokutsanangura kuti vakaedza kutengesa imba yacho pasina budiro uye vaizoda kudzikisa mutengo wacho nepakati kana taida kuitenga toichengeta mumhuri. Pandaifunga nezvazvo, vana vangu vakanga vakakura vachiendako uye inzvimbo yakanaka kwazvo. Saka ini naDrenda takan-amata nezvazvo tichiti tichaitora. Taiva nemari yaingokwana kuti tiitenge. Kunze kwaizvozvo, gore romumashure takanga tatengera kambani yangu ndege, izvo zvakaite

**MUSAFUNGE KUTI MIGOVE  
MIVIRI INOGUMIRA PAKUVA  
NEZVIVIRI ZVECHIMWE  
CHINHU. ASI CHAIZVO-  
IZVO, MIGOVE MIVIRI  
KUNGOVA NEZVINOPFUURA  
ZVAKAKWANA.**

kuti tisvike ikoko mumaawa mashanu panzvimbo pemaawa 31 aidiwa nemotokari. Izvi zvakaite kuti zvive nyore kuendako.

Pashure pokunge tapedzerana padzimba dzose dziri mbiri, ndakanga ndakagara muhofisi yangu rimwe zuva apo zvakan-goerekana zvandibata, “Imbomira zvisihoma, iyi ndiyo migove miviri!” Mudzimai wangu akanga ava nemakore achirota musha wepagungwa. Iye zvino, mumwedzi miviri, akawana imba iri kumaodzanyemba kweUnited States, inodziya muchando asi

inopisa zvikuru zvokuti haishandiswe zvakanyanya muzhizha. Asi imba yokuCanada ndiyo ine tembiricha yakanaka muzhizha asi inotonhora zvakanyanya munguva yechando. Takaona kuti iye zvino ane dzimba dzepagungwa dzemwaka miviri. Zvakanakisa izvi. Patakapedzerana nezvedzimba dziviri idzi, takati, “Wazviona here izvi?” Ndinofunga maigona kubvumirana neni kuti izvi zvinotaridzika uye zvinonhuhwirira semigove miviri! Zvinoshamisa!

Ndashandisa mienzaniso yakawanda yokuti Mwari vakaunza sei zviviri zvechimwe chinhu kwandiri naDrenda, izvo zvandinotenda kuti Mwari vakashandisa kuti tione zvakajeka kuitika kwemigove miviri. Asi ndinoda kuve nechokwadi chokuti musafunge kuti migove miviri inogumira pakuva nezviviri zvechimwe chinhu. Asi chaizvo-izvo, migove miviri kungova nezvinopfuura zvakakwana. Mwari vaishandisa mienzaniso yakanyatsojeka iyi yezviviri zvechimwe chinhu kubata pfungwa dzangu pamusoro pemigove miviri. Zvino zvisinei nokuti chii, kana mazvipihwa zvakanakisa, ndiyo migove miviri yacho. Ndinovimba muri kubata chokwadi chemigove miviri uye nezororo reSabata. Hupenyu hunoshamisa kwazvo muHumambo! Pandiri kunyora chitsauko chino, ndakagara muimba yedu yomuCanada, ndakatarisa kugungwa nepafa-fitera. Kune shiri dzegungwa (*sea gulls*) nemadhadha ari kutamba mumahombekombe mayadhi 25 chete kubva pamba. Kune rugare, hapana kunetsekana, zvose zvakabhadharwa, uye iropafadzo. Ndiri pabasa, ndichigoverana mashoko akanaka oHumambo hwaBaba vangu, mwanakomana womumba Mavo, mugari womuHumambo Hwavo hukuru, uye ndiri kufarikanya nemigove miviri!

Ini naDrenda taigona kunyora nyaya dzakawanda kwazvo dzokuti Humambo hwaMwari nemitemo inohutonga zvakaumba sei hupenyu hwedu, pamwe nezviuru zvevanhu zvinotitumira tsamba

dzomumhepo dzenyaya yazvo. Sezvandambotaura, munogona kuverenga zvinhu zvose izvi muBhaibheri, asi zvinofadza zvikuru kuona Bhaibheri richiva mhenyu mumeso enyu.

Pane mashoko andiri kuda kuwedzera pano. Kuudza vanhu kuti Mwari vakaropafadza sei ini naDrenda uye nerwendo rwatakafamba, kwandiri kubhejera chaiko. Kazhinji vanhu vanozvitora nenzira isiriyo. Dzimwe nguva vangafunga kuti tinozvikuudza kana kuti tinozviturumadza. Kana kuti vanofunga kuti tatora chegumi chemari yavo kana zvipo zvavo tikazvishandisa isu pachedu. Ndokumbira munzwisise kuti ini naDrenda hatitore mari kubva kunhepfenyuro yedu yepaChivhitivhiti, uye hatitore mari kubva mukutengesa zviwanikwa zvedu. Hongu, tinowana muhoro, hongu, kubva kukereke yatinofudza. Asi tine mabhizimusi uye tinogara tinawo, uye Mwari vanoaropafadza. Nokugovera nyaya dzedu pachedu, ndanga ndichida kungoti muzive moyo yedu. Ndakaona kuti ndaifanira kukuudzai zvatakaona zvichiitika, uye zvatakadzidziswa naMwari nezvezviitiko izvozvo. Mhedzisiro yandiri kugovana nemi haisi mibairo yaGary naDrenda Keesee; hatina kunaka zvokudaro! Kwete, zvatakaona uye zvatiri kufarikanya nazvo imhedzisiro yaBaba vedu noHumambo Hwavo muhupenyu hwedu. Tinogovera idzi nyaya nokuti tinongoda kuti muzvinzwisise! Imi, mufunge, takabva kwataive tisina chinhu, uye chikonzero chete chandiri kunyora bhuku rino, ndimi! Ndinoda kuti muzive mashandiro azvinoita kuti mugonzwisisa uye mugamuchirezve zvose izvo Mwari vanazvo kwamuri.

Nzwisisai kuti ndinovenga hurombo neshungu. Makore mapfumbamwe iwayo okurarama mukunetseka uye nomukutya nguva dzose akanga ari gehena mhenyu pasi pano, chokwadi chaicho! Ndinovimba mucharangerira kuti zororo reSabata nderenyuwo

neni! Muchitsauko chinotevera, ndichakubatsirai kunzwisisa kuti mungapinda sei muzororo reSabata.

Sechinyorwa chokutsigira chitsauko chino. Ndichangopedza kunyora mutsara uri pamusoro apo, munyori wangu abva apinda muhofisi mangu akati pane bhokisi rasvika. Ndashamisika ndichivhura ndokuona pfuti mbiri dzakanaka chaizvo. E-ee, izvi zvakurudzira! Zvaita sokuti Mwari vanga vari kuisa “Ameni” pane zvandichangobva kutaura.

Mushure mokunge bhuku rino raenda kunodhindwa uye ndagashira rori yokutanga yemabhuku acho, ndakafara kudzidzisa misimboti iyi kokutanga pamusangano wedu we*Atlanta Revolution*. Ndakafarawo kuva nebhuku rangu idzva kuti ndisvike kuvanhu. Ndichigadzirira kudzika ku*ballroom* kuti ndinotaura, munyori wangu akandichaira runhare akati pane nhare yandainge ndagashira kubva kumurume akanga andipa pfuti dzokutanga akati aida kutaura neni ipapo. Nokudaro, ndakamuchaira runhare nokuchimbidza. Akafara zvikuru sezvaakatsanangura kuti akanga achangobva kuhofisi ye*UPS* uye akanga anditumira dzimwe pfuti mbiri!

Kunze kwaizvozvo, akanga atumirawo Drenda pfuti, uye nokuti aiziva kuti Drenda aisavhima, akamutumira \$1,500 iri mumazana emadhora. Ndakarohwa nehana. Ndakanzwa kuti ndiMwari zvakare vaisimbisa zvandaiita uye, neimwe nzira, vachindiudza kuti ndirambe ndichifambira mberi. Vanhu vanofanira kuziva zvinhu izvi—Mwari vanoda kuti muzvize! Sezvinei, pandakasvika kumba, ndaive nomufaro mukuru chose wokuvhura bhokisi riya. Ini naDrenda takagamuchira pfuti dzakanakisisa chose dzaienderana dze*Browning over-and-under* dzandakanga ndisati ndamboona. Dzose dzaive dzitsva. Ndakavawo ne*Browning semiautomatic* ye20

*magauge* iri yegoridhe uye, chokwadi, Drenda akange aine \$1,500 yake. Migove miviri!

Munogona kunge muri kunetseka kuti ko sei ndine pfuti dzakawanda kudaro. Zvakanaka, ndinofanira kubvuma kuti ikozvino ndaane pfuti dzakanaka dzakawanda, uye kwete dzomutengo wakaderera, uye neniwo ndakabvunza mubvunzo mumwechetewo. Mwari vakaita kuti ndizive kuti vakanga vatumira pfuti dzakawanda kwazvo dzinodhura, uye dzakanaka, kuti ndione kuti pfuma Yavo yakakura sei, kuti zvavanopa zvinopfuura zvandaitarisira uye zviri kuresa nohupenyu hwokungorarama. Ndazvinzwisisa! Ndazviona!





## CHITSAUKO 10

# CHAKAVANZIKA CHEMIGOVE MIVIRI

Zvino ndataura kuti zororo reSabata chii uye kuti kuva mariri kunogoneka sei kubudikidza nemigove miviri. Mubvunzo unofanirwa kunge uri mupfungwa dzenyu ndeunoti, “Ndingapinda sei mumigove miviri?” Zvakanaka, ndinofara chose kuti mabvunza! Kuti tiwane mhinduro yomubvunzo iwoyu, ngatidzokerei kunyaya apo Jesu akapa zvingwa zvishanu nehove mbiri kuvarume 5,000.

*Zvino zuva rava kuvira, vadzidzi vake vakauya kwaari, vakati, “Nzvimbo ino irenje, uye kwava kudoka. Itai kuti vanhu vaende kumaruwa nemisha yakapoteredza kuti vandozvitengera zvokudya.”*

*Asi iye akapindura akati, “Imi vapei zvokudya.”*

*Vakati kwaari, “Izvo zvinotoda muripo womunhu wemwedzi misere! Ko, tingashandisa mari yakawanda kudaro kutenga chingwa kuti tigovapa kuti vadye here?”*

*Akati, “Mune zvingwa zvinganiko? Endai munotarisa.”*

*Vakati vazviona, vakati, “Zvishanu—nehove mbiri.”*

*Ipapo Jesu akavarayira kuti vagarise vanhu vose pasi mumapoka pauswa hunyoro. Saka vakagara pasi mumapoka ane zana uye neane makumi mashanu. Akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri uye akatarisa kudenga, akavonga akamedura chingwa. Ipapo akazvipa kuvadzidzi vake kuti vazvigadzike pamberi pavanhu. Akagoverawo hove mbiri dziya pakati pavo vose. Vose vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakanonga zvimedu zvezvingwa nehove zvikazara matengu gumi namaviri. Varume vakanga vadya vaisvika zviuru zvishanu.*

— Mako 6:35-44

Takambotaura nezvenyaya iyi, asi pane zvimwe zviratidzo zvakakura pano zviri maererano nemigove miviri. Munyaya yacho, Jesu akawedzera zvingwa nehove nenzira inoshamisa, uye vanhu

**AWUQONDI UKUBA**

**KUNGAKANANI**

**OKUNGAFAANELEKANGA**

**OKUNYAMEZELEYO KWAYE**

**UCINGE UKUBA YINTO**

**EQHELEKILEYO.**

vose vakadya kusvikira vaguta. Ndiri kufungidzira kuti kwaiva nevanhu vanenge zviuru makumi maviri, kusanganisira vakadzi nevana; uye kuti vanhu vazhinji vachipihwa zvingwa zvishanu nehove mbiri kusvikira munhu wose aguta, chinhu chaMwari zvechokwadi. Uye nokuda

kwaizvozvo, tinogona kupemberera Humambo nemashandiro ahwo. Asi kupihwa zvokudya kwakaitwa vanhu handiwo mufananidzo wose wezvakaitika, uye kana imi mukangogumira ipapo, muchapotsa migove miviri. Ngatirambei tichidzika nayo.

*Vose vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakanonga zvimezu  
zvezvingwa nehove zvikazara matengu gumi namaviri.  
Varume vakanga vadya vaisvika zviuru zvishanu.*

Zvino mashoko aya anotiudzei? Kuti pashure pokunge munhu wose aguta, kwakanhongwa matengu gumi nemaviri azere ezvimezu zvezvingwa nehove. Tsanangudzo yemigove miviri kuva nezvinopfuura zvinokwana. Kuva nezvakakwana kuguta, asi matengu gumi nemaviri azosara vanhu vaguta ndiwo migove miviri, kuva nezvakawanda kupfuura zvinokwana. Ndapota regai musiyano iwoyu ugare mupfungwa dzenyu zvishoma. Ndinoda kuti muwane mufananidzo wakajeka mupfungwa dzenyu wendima iyi apo vanhu vanoguta, migove miviri. Handina nguva yokudzika zvakananyanya nezvokuti Jesu akaunza sei simba roHumambo mumamiriro ezvinhu iwayo kuti azadzise chikamu chokutanga chenyya iyi— vanhu 5,000 vachiguta. Asi munogona kuwana tsananguro izere mubhuku rokutanga renhevedzano ino, rinodaidzwa kunzi *Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu: Simba Rokutendeseka*.

Pane kudaro, ndinoda kutarisa pachikamu chechipiri, kupfachukira, uye kuti zvakaiteka sei munyya iyi. Hongu, inyya inoshamisa—vanhu 20,000 vakaguta vose, e-ee! Asi muHumambo mune zvakaawanda kupfuura kungoguta, kunyye zvazvo muchida kuguta musati maenda kune kupfachukira. Kuguta kwakanaka, asi ko mangwana? Chandiri kuedza kutaura ndechokuti kana chinangwa chenyyu chiri chekungoti mugute bedzi, chii chinoitika kana mava nenzara zvakaare? Vakristu vazhinji vari muchimiro chokuguta asi vanopotsa migove miviri. Ndiyo migove miviri inounza zororo raMwari reSabata. Kuguta kunongova kugadzirisira kwenguva pfupi. Hakugadzirisira dambudziko rewaniso. Kuziva kuti muchanzwa

nzara zvakare kunyange parizvino musina nzara kunovhurira kutya musuo, zvichiita kuti mumhanye uye mushande muine pfungwa dzokurarama. Kwete, pane nzira iri nani yokurarama nayo pane kungovavarira kuguta. Hamugone kuvaka zvakanakawanda nepfungwa yokuguta. Chiono chichiri padanho rokuguta, iro rokutarisisa chete pane zvanhasi. Chinangwa chokungoguta chingori chinangwa chokurarama muhurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda zvinorwadza uye neziya.

## **Kuguta kudya kwanhasi chete; migove miviri inovaka ramangwana!**

Regai ndikupei muenzaniso wokuti tsika neruzhinji rwekereke zvinofunga sei. Bvunzai chero ani zvake kuti mari yake iri kufamba zvakanaka here uye muchawana mhinduro dzakanakawanda, pamwe dzizhinji dzacho dzinenge dzisina kunaka. Asi kana mukawana mhinduro yakanaka, mumwe munhu anoti, “Zvedu zvakanakawanda,” mubvunzei, “Saka imba yenyu yakabhadharwa zvenguva yakadii?” Kuda aigona kungokudzvokorai oti, “Haa imba yangu haisati yakabhadharwa. Ndanga ndichireva kuti tiri kubhadhara mitero yedu yose uye tine mari mubhanga.” “Zvakanaka!” munoti, “Imi varume muri kuita zvakanaka. Ndiudzei, mune mari inodarika \$10,000 mubhanga here?” Chokwadi, ndinofunga kuti hapana angabvunza izvi, asi kana maibvudza, vaibva vati, “Kwete, asi tine \$800.” Zvakaoma, vanhu ava vanofunga kuti vari kuita zvakanaka mune zvemari nokuti vane motokari yakanaka, imba yakanaka, uye nemari shoma mubhanga. Vari kurarama hupenyu hwokuguta. Asi

kune zvimwe! Ko kuva nemba yenyu yakabhadharwa uye muine madhora 100,000 mubhanga, kana madhora 500,000 mubhanga? Kuvanhu vazhinji uyu ungava mufananidzo wohupenyu wezvinopfuura zvakakwana. Kuguta chinhu chakanaka uye kunodiwa, asi kuva nematengu gumi nemaviri ezvingwa nehove ari mudura rezvokudya kuva nezvinopfuura zvakakwana, uye panova norugare!

Rimwe zuva ndakagara nemutengi wangu pasi ndichikurukura naye nyaya dzemari. Sezvandakanga ndichiongorora zvikwereti zvake, ndakaona kuti akanga ane chikwereti cheinenge \$40,000 mukadhi rokutenga nechikwereti. Uye pandakanga ndichiongorora pfuma yake, ndakaona kuti aive aine mari yaisvika \$40,000 muakaundi yake yokushandisa sezvaanoda. “Joe,” ndakadaro, “izvi hazvina musoro. Une mari yokubhadhara chikwereti chiri mumakadhi ako matatu zvachose. Chikwereti chako chomukadhi rechikwereti chiri kubereka ne18%, uye akaundi yako yokushandisa sezvaunoda iri kubereka ne1%. Bhadhara chikwereti chomumakadhi nemari! Asi munozivei? Joe akati aisada kuita izvozvo. Ndakagara ipapo ndichinetsekana, ndokumubvunza chikonzero. Akati kuva nemari muakaundi yake yokushandisa sezvaanoda kwaimuita kuti anzwe akachengeteka uye akapfuma mune zvemari. Ndakangomutarisa hangu. “Unorevei nokuti zvinoita kuti unzwe sewakapfuma? Kusaona zvakanaka uku. Kunyange une \$40,000 mu akaundi iyi, hauna \$40,000 nokuti une chikwereti che\$40,000 kumakambani ako emakadhi echikwereti. Maonero enhema, uye uri kubhadhara mari yakawanda kuti utende nhema.”

Takataura kweinenge awa, uye haana kumbobvira anzwisisa chikonzero nei aifanira kufunga nezvokubhadhara mari yemumakadhi echikwereti kubva kumari yaive muakaundi yake yokushandisa sezvaanoda, izvo zvakandiyeuchidza kuti akanga

ashanda nesimba. Ndakazokanda mapfumo pasi papera imwe awa ndokuenda kumba. Akanyengerwa; nokuedza kuchengeta mari iyoyo iri muakaundi iyi, akanga asina kuchengeteka. O-oo, ndinoziva kuti chinhu chaifadza chose apo tsamba yokubhanga yakasvika kwaari kubudikidza netsamba yomumhepo ichiratidza kuti aive ane \$40,000 mubhanga. Asi kuti awane chokwadi chezvaivepo, aifanira kuvhurawo mitero yaive mumakadhi echikwereti.

Kuguta kwakanaka, uye kunogona kukukweverai mupfungwa yenhema yokuti makachengeteka. Munofanirwa kudzikisa pfungwa zvisvishoma kuti muzive kuti izvo zvamuchangobva kudya hazvizokwanisi kuita kuti muzova nezvamuchada kudya mumaawa mashoma anotevera. Muchava nenzara zvakare. Kana muri kutsvaga mhinduro inogadzirisira nokukurumidza, kuwana zvinokwanisa kukugutisai nokukurumidza, muchapotsana nechinhu chimwe chete chinogona kushandura hupenyu hwenyu—zvikanu zvakaipetwa kaviri.

Isu tose patakakurira muhurongwa hwemari hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya, takarota chinhu chimwe chete, kumira! Izvi ndambozvitaure mune chimwe chitsauko. Hatina kumbofunga nezvebasa rakawanda kana mumwe mukana nokuti, kutaura chokwadi, takanga tatoomerwa nohupenyu uye taingomirira kusvikira kuzororo raitevera. Munooni, nhapwa hadziroti nezvemamwe mabasa. Nhapwa dzinorota chinhu chimwe—Chishanu manheru, kwete Muvhuro mangwanani. Sei? Nokuti nhapwa dzinongorota chinhu chimwe chete bedzi—kumira. Teererai, pfungwa yokukurirwa uye yokuti “ndanonokerwa” haizombokuendesei chero kupi zvako. Kunyange kana ngirozi ikauya muimba yenyu yokurara ikakuudza zano

rakabva kuna Mwari, pfungwa dzenyu dzairamba dzichikudzorera shure. Nyorai izvi pasi.

## **MUNOFANIRA KUONA ZVINODARIKA KUNOGOGUTA KUTI MUVE NEMIGOVE MIVIRI!**

Chirevo ichi ndicho kiyi yemigove miviri. Ndinoziva kuti kwazvino hazvisi kuratidza kuva nemusoro, asi zvichava nawo. Kuti ndikuratidzei zvandinoreva, ndinoda kutarisa imweze nyaya yokupa zvokudya kuzviuru zvishanu zvevanhu iyo inobva mubhuku raJohani, panzvimbo pebhuku raMako. Mumaonero aJohani enyaya iyi, tinowana nyaya imwecheteyo asi iine zvinhu zvishoma zvatisingawani mubhuku raMako.

*Ipapo Jesu akatora zvingwa zviya, akavonga, uye akazvigovera kuna vaya vakanga vagara pasi mumwe nomumwe paaida napo. Akaita zvimwe chetezvo nehove. Vakati vadya vose, akati kuvadzidzi vake, “Unganidzai zvimedu zvose zvasara. Musarega zvichiraswa.”*

— Johani 6:11-12

Muchikamu chenyaya ino, tinoona kuti ndiJesu akataura kuti vaende kunounganidza zvimedu, kana izvo zvaive zvasara, kuti vasarege zvichiraswa. Ndinoda kuti muwane izvi. Aifanira kuvaudza kuti vaite izvozvo nokuti vakanga vasingaoni mukana wacho. Zviisei mutsoka dzavo. Ndimi uyu maguta uye magutsikana, uye zvino chamunoda kuita chete kuzvambarara pasi mokotsira. Nokuda kwokurovedzerwa kwenyika yakatukwa kwamakaitwa uye nepfungwa dzenyu dzohutapwa, kana maguta, inguva yokumira.

Munoona, mafungiro enhapwa anoshanda chete kana achifanira, uye kana asingafanire, kana agutsikana, anomira. Jesu aifanira kuvaudza kuti vaunganidze chakanga chakanaka mumeso avo. Zvimedu zvacho zvakanga zvakavakomberedza pasi, asi havana kuita hanya nokuzvinhonga. Asi zvakare, mupfungwa dzavo, zvimedu zvaimbonyanyokoshei kuti zvisasiirwe shiri?

Jesu akanga achiedza kuvadzidzisa chimwe chinhu, chimwe chinhu chinokosha zvikuru. Jesu anotsinhira pashure pokunge avaudza kuti vaunganidze zvimedu kuti vasarega zvichiraswa! Asi izvi zvinorevei? Munhu wose aguta, munhu wose agutsikana, uye hapana anoda chimwe chingwa nehove, zvakanaka, kwenguva ino hayo. Asi herino dambudziko—hapana zororo reSabata kana musina kuunganidza zvakanakawanda kupfuura zvamunoda. VaIsraeri pavakananganidza mana pazuva rechitanhatu, vakarayirwa kuunganidza kupfuura zvavaida. Kuunganidza kwavakaita zvakanakawanda kupfuura zvavaida pazuva iroro zvakanakava zvokudya zvavo zvezuva rechinomwe, riri zuva rokuzorora. Jesu akanga achidzidzisa vadzidzi vake kuti vatarise kupfuura kuguta uye kuona zvizere waniso yoHumambo. Zvakare, hamugone kuvaka nokuguta, asi munogona kuvaka nemigove miviri. Kuguta kwadya chingwa chanhasi asi matengu gumi nemaviri asara anokupai sarudzo dzemangwana.

Heuno musimbati mukuru wandiri kuda kuti muone.

Kunyange zvazvo vadzidzi vasina kuona zvimedu kusvikira Jesu avaratidza, **Mwari vakanga vatovapa zororo reSabata,** migove miviri. Ivo havana kuzviona havo. Humambo hwakanga hwatogovera zvokudya, hwawanza zvingwa nehove, uye hukaita kuti zvidyiwe nevanhu vose ivavo—asi Humambo hunogovera migove miviri nguva dzose. Mwari havasi kuzongopa kuti mugute;



**Vachapa nguva dzose zvinopfuura zvakakwana.** Nyaya ndeyokuti munogona kunge musiri kuzviona!

*Ipai, uye nemi muchapihwa. Muchapihwa mumaoko enyu chiyero chakanaka, chakatsindirwa, chakazunguzirwa uye chinopfachukira. Nokuti nechiyero chamunoyera nacho, muchayererwawo nacho.”*

— Ruka 6:38

Ipai, uye nemi muchapihwa. Muchapihwa mumaoko enyu chiyero chakanaka, chakatsindirwa, chakazunguzirwa. Asi pano handipo panogumira ndima iyi. Chiyero chenyu chakatsindirwa uye chakazunguzirwa ndizvo zvamunova nazvo kwezvava iroro. Asi ndima yacho inoenderera mberi ichiti, “uye chinopfachukira!” Kupfachukira uku ndiyo migove miviri. Mwari vanogara vachipa migove miviri, kwete zvinongokwana bedzi!!!! Asi dai manga musiri kuziva izvozvo, uye zviyo zviri kupfachukira, munogona kungozvirega zvichiwira pasi sezvo pfungwa dzenyu dzinenge dziri pakuguta kuri pamberi penyu uye musina kugadzirira kubata zviri kupfachukira izvo. Mukuita izvi, maizotadza kubata uye kufarikanya nemigove miviri. Asi kana mukaziva kuti Humambo hunoshanda sei, muchiziva uye muchikarira waniso yakazara, maizova makagadzirira kuita chiito chokubata zvose izvo Mwari vanopa.

Regai ndikupei mumwe muenzaniso.

*Simoni akapindura akati, “Tenzi, takashanda zvakaoma husiku hwose uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu utava.” Vakati vaita saizvozvo, vakabata hove zhinji kwazvo uye utava hwavo hwakatanga kubvaruka.*

*Saka vakaninira vamwe vavo vakanga vari mune rimwe igwa kuti vauye vazovabatsira, ivo vakauya vakazadza magwa ose ari maviri; akazara zvokuti akatanga kunyura. Simoni Petro akati achiona izvi, akawira pamabvi aJesu akati, “Ibvai kwandiri, Ishe; ndiri mutadzi!” Nokuti iye neshamwari dzake vakashama kwazvo nokuda kwehove dzavakanga vabata, uye vanaJakobho naJohani, vanakomana vaZebhedhi, vamwe vaSimoni, vakashamawo.*

— Ruka 5:5-10

Ichi chikamu chenyaya yatakaverenga kare. Petro akanga ane magwa maviri akapotsa anyura nehove nokuda kwoHumambo. Izvi zvaipesana nokunzwisisa kwake maredzero ehove uye zvakamushamisa. Asi chii chaizoitika nguva yaitevera apo Jesu akati, “Hei, Petro, enda uko mumvura yakadzika, uye uchagona kubata hove dzakawanda sezvaunoda”? Munofunga kuti aizotora magwa maviri here? Ndinopokana nazvo. Aizounganidza magwa akawanda aaigona kukwereta kushamwari dzake. Sei? Nemhaka yokuti aizova netarisiro yakasiyana uye nezivo yokushanda kwoHumambo.

Chinangwa chenhaurirano yose iyi ndechokuti munzwise kuti hamusi kuona zvose zvinotumirwa naMwari. Hongu, kazhinji kacho waniso iyi haizove iri muchimiro chemari. Asi ichange iri muchimiro chemazano, kugadzwa kutsvene, uye negwara raMweya Mutsvene. Kana tisina kugadzirira nokunzwisisa kwakakodzera kwemigove miviri, tichaidarika nokuda kwohurongwa hwenyika hwokurarama hwatakarovedzerwa.

Munyaya yokuwanda kwezingwa, Jesu ari kuedza kudzidzisa vadzidzi vake kuti Humambo hunoshanda sei, zvavanofanira kutarisira uye nezvavanofanira kutarisira voita chinhu nezvazvo.

Nokuti pfungwa dzavo dzohutapwa hadzina kuona pachiva nezvingwa zvaisara zvakati kata-kata, aifanira kuvadzidzisa kuti vatarise: “Munoonei? Tarirai! Hamusi kuona zvole zvakamakagadzirirwa naMwari.”

Ndinoda kukuyeuchidzai nezvaEksodho 16 kwechinguvana sezvo pane chimwe chinhu chimwe chandinoda kutsanangura.

*Mangwanani oga oga munhu mumwe nomumwe akaunganidza zvaimukwanira, uye zuva parakanga ropisa, zvakanjungudika. Pazuva rechitanhatu, vakaunganidza zviyero zviviri—maomeri maviri pamunhu mumwe nomumwe—uye vatungamiri veungano vakauya vakazivisa izvi kuna Mozisi. Iye akati kwavari, “Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha: ‘Mangwana izuva rokuzorora, Sabata dzvene kuna Jehovha. Saka bikai zvamunofanira kubika uye muvidze zvamunofanira kuvidza. Chengetai zvole zvinenge zvasara, mugozvichengeta kusvikira mangwanani.’”*

*Saka vakazvichengeta kusvikira mangwanani, sezvavakarayirwa naMozisi, uye hazvina kunhuhwa kana kuva namakonye mazviri. Mozisi akati, “Muzvidye iye nhasi, nokuti nhasi iSabata kuna Jehovha. Hamuzombowani chimwe chazvo pasi iye nhasi. Muzviunganidze kwamazuva matanhatu, asi pazuva rechinomwe, iSabata, hakuzombovi nechinhu.”*

*Kunyange zvakadaro hazvo, vamwe vanhu vakabuda kundounganidza nezvarechinomwe, asi havanachavakawana. Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Muchasvika riniko muchiramba kuchengeta mirayiro yangu nezvandakakurayirai? Rangarirai kuti Jehovha akakupai Sabata; ndokusaka pazuva rechitanhatu achikupai chingwa chamazva maviri. Munhu*

*mumwe nomumwe anofanira kuramba agere paari ipapo pazuva rechinomwe; hakuna anobuda kunze.” Saka vanhu vakazorora pazuva rechinomwe.*

— Eksodho 16:21-30 (mana)

Sezvatanga tichitaura, migove miviri ndiyo yakaita kuti zororo reSabata rigoneke. Asi zvinoshamisa ndezvokuti, kunyange zvazvo Mwari vakanga vapa migove miviri pazuva rechitanhatu, vazhinji vavo vakabuda kunochitsvaga asi havana kuwana chinhu nomusi weSabata. Hakusi kuti Mwari vakanga vasina kutendeka kuchipa. Havana kuzviona nokuti vakanga vasina nzwisiso chaiyo yemigove miviri yakapihwa pazuva rechitanhatu. Vakanga vangounganidza zvezuva rimwe chete semazuva ose. Zvino, zvavakanga vava nenzara nezuva rechinomwe, havana kuwana chinhu. Pamwe nemaonero avo, Mwari vainge vavatadzira. Asi Mwari vakanga vasina kukundikana; vakanga vasingazivi nezvemusimbotti wemigove miviri. Dai vaiziva vangadai vakaronga zvakasiyana.

Vanhu vangani nhasi vanodzungaira vachitsvaga zvavanoda, vasingazivi kuti Mwari vakatozviturira nechekare? Ndinofunga kuti ndizvo chaizvo zvinonakidza mundima iyi kuti Mwari vanotovapengera nokusaunganidza zvakakwana!!!! Hameno kuti zvaizokurudzira sei mumakereke edu.

*Zvino iye anopa mbeu kumudyari nechingwa chokudya achakupaiwo uye achakupaiwo mbeu zhinji mudura renyu uye agokupaiwo kukohwa kukuru kwokururama kwenyu. Muchapfumiswa pane zvose kuti mugogona kupa panguva dzose.*

— 2 VaKorinde 9:10-11

Pauro anonyatsojeka pano sezvaanotsanangura kuti Humambo hwaMwari hunopfumisa pazvinhu zvose kuti mugogona kupa panguva dzose. Shamwari yangu, izvi zvinoda migove miviri. Imi hamugone kupa panguva dzose kana musina zvinopfuura zvakakwana.

Muchitsauko chokutanga ndakakugoverai kuti bhizimusi rangu rakabva sei pamadhora mazana matatu kusvika pamamiriyoni mana emadhora pagore nemumwe wevatengesi vedu kusvika pamamiriyoni gumi nerimwe pagore nomutengesi mumwe chete. Kuwedzera kwose uku kwakaitika mugore rimwe chete. Ndakakuudzaiwo kuti zvakaitika sei, kuti Mwari vakandipa hope husiku ndokundiudza maitirwo azvo. Asi ikozvino ndinoda kukuudzai zvavakandiudza nokuti ikozvino zvinova nomusoro kwamuri. Muhope dzangu, vakangondipa mazwi matatu. Ndizvozvo, mazwi matatu chete. Mazwi matatu iwayo akashandura mari yandaitambira nemazana ezviuru zvemadhora gore iroro ndisingaite zvokushambadzira zvandaive ndichiita nguva dzose. Hapana chandakashandura nezvekushanda kwekambani yangu kunze kwangu pachangu. Mashoko matatu iwayo akandirayira kuti ndishandure maitiro andaiita chimwe chinhu, uye kushandura ikoko kwakawedzera zvakaipetwa kubhizimusi redu uye nemari yandaitambirawo. “Mazwi matatu aya ndeapi?” mungabvunza. Angori—Bata Nguva Yacho!

Hongu, bata nguva yacho. “Ndizvo? Mazwi matatu aya akaita zvose izvi?” Hongu, ndiwo akaita. Kana mukangonzwisisa kuti Mwari VANOGARA vachitumira migove miviri newaniso Yavo, muchanzwisisa zvavanga vachindiudza.

Kambani yangu, semakambani ose okutengesa, inoita mari nokubatsira vanhu. Kugona kwainoita kubatsira vanhu, ndokuitawo

mari yakawanda kwainoita. Kunyange ichi chiri chokwadi, ichokwadi zvakare kuti makambani akawanda okutengesa anotadza kuzadzisa zvinodiwa nevatengi vavo, kungave kuri kubudikidza nokusazodzoka kwavari kuti vanzwe kana zvinhu zviri kuvafambira zvakanaka, kusabata vatengi zvakanaka kana kusatsvaga vatengi vekambani vatsva pamwe nokuvachengetedza.

Muchiitiko chedu, takanga takabatikana zvakanyanya, uye kunyange zvazvo ichi chaive chisiri chinhu chakashata, dzimwe

**ISHE VAINDIUDZA KUTI  
KUPFACHUKIRA, ZORORO  
RESABATA, RAKANGA  
RATOVAPO, VAKANGA  
VATOZVIPA. NDAKANGA  
NDISIRI KUNGOZVIONA BEDZI!**

nguva taitadza kupindura vatengi vedu nokukurumidza munguva yandaيدا kuti zviitwe. Kwandiri pachangu, ndinoshanda nevatengi vokudyara mari uye ndinozvida. Asi nokuda kwohurongwa hwangu, kana uyo angangove anozova mutengi wokudyara mari

akatichaira runhare uye opihwa kwandiri kuti ini nditaura naye, dzimwe nguva handikwanisi kumubata parunhare mumaawa makumi maviri nemana okutanga. Zvinangwa zvangu zvakanaka, asi handizviiti.

Sezvamunoziva, kana vanhu vari kubvunza mibvunzo, kambani ndiyo inopa mhinduro inokudza bhizimusi ravo. Dzimwe nguva kunonoka kubata munhu parunhare angave anozoita mutengi kuti mukurukure nezvekudyara mari yake kunogona kuri kumunonokera. Vangadai vadana mumwe munhu aivapo kuti apindure mibvunzo yavo. Pane zvinhu zvakanaka zvinogona kushata, asi mhinduro ndeyekuvapo nemhinduro apo vanhu vanenge vaine zvavari kuda kuziva.

Saka Ishe pavakandipa mazwi matatu iwayo, ndakaziva zvazvaireva. Ini ndaifanira kutarisa zvinhu nerimwe ziso kana ndaizoda kukwira pachikuva ichocho, muvegumi vepamusoro uye kuti ndigamuchire bhonasi ye\$100,000. Ndaifanira kubata nguva yacho! Saka ndakashandura maitiro andaiita zvinhu. Ndakaisa mutemo wokuti kana paine munhu aitichaire runhare achida zano rokudyara mari, ndaizovabata parunhare mukati memam-initi mashoma, kana zvaibvira, uye ndaizovashanyira nokukurumidza. Vatengi vangu vari munyika yose uye kuzvipira uku ndiko kwaizonetsa kuchengeta. Asi ndakanga ndazvipira kwazviri. Ndakabata maneja wekambani yangu ndikamuudza zvakanga zvataurwa naMwari uye ndakamuudza kuti audze vamiriri vangu vose kuti vavewo nemafungiro mamwechetewo okushandisa mukana woga-woga unenge wauya. Pakapera gore, takaita mari yaidarika mamiriyoni gumi nerimwe aidiwa nomutengesi iyeye kuti tive vamwe vegumi vepamusoro. Asi pamusoro pazvo, takanga tawana rimwe basa remamiriyoni rokuitira vamwe vatengesi vedu.

Heino nguva huru yokuzivisa. Hatina chatakaita kunze kwokukurumidzira mutengi aida kutaura nesu. Munoono, Ishe vaindiudza kuti kupfachukira, zororo reSabata, rakanga ratovapo, Vakanga vatozvipa. Ndakanga ndisiri kungozviona bedzi!

Saka hapana mutemo woHumambo wemigove miviri wokugadzwa kungaitwa migove miviri. Migove miviri inogara iripo. Mwari vanogara vachipa pamwero wemigove miviri.

## **MWARI HAVANGOPI WANISO YANHASI CHETE. VANOGARA VAIPA YAKABEREKA MIGOVE MIVIRI!**

Zvekare, dambudziko redu nderokuti hatingooni migove miviri iyi.

### **Asi dambudziko hombe nderokuti hatina kutomboziva kuitsvaga!!!!**

Ndinofarira zvakataurwa naJesu, “Musarega zvichiraswa!” Mwari vakazvitumira zvose, uye vanoda kuti muve nazvo. Vakagumbuka kuti vanhu vakanga vari kunze kunotsvaga mana pazuva rechinomwe Ivo vakanga vatoitumira. Vakayeuchidza Mozisi kuti vakanga vaitumira pazuva rechitanhatu kuti vagoitora uye vafare nezororo reSabata. Vakanga vachivaudza kuti, “Sabata haisi yokuitira Ini, asi imi. Naizvozvo ndakakutumirai migove miviri.” Munogona kunge muchinzwa Jesu achitaura zvinenge zimwechetezvo. “Heyi varume, nhongai zvimezu izvo, zvinhonge zvose hazvo. Mwari vazvitumira kwamuri kuti muzvinhonge kuti mugofarikanya nemigove miviri uye kuti muwane zororo.”

MunyayayaJesuya anopazvingwazvishanu nehove mbiri kuzviuru zvishanu zvevanhu, vadzidzi havana kuona zvimezu. Vakanga vasiri kutombozvitsvaga. Asi Jesu akavaudza zvokunhonga uye goho harina kupotsa. Nhasi Mwera Mutsvene anofanira kutibatsira kuona zvaka pfuura kuguta uye kutora migove miviri. Achatiratidza zvinhu zvatisiri kuona kana tikamukumbira. Ndinovimba kuti chinhu chakakosha chadzidza kusvika parizvino ndechokuti migove miviri yakatopihwa kwamuri; munogoda kuibata chete.



Nemhaka yokuti migove miviri ndiyo YOGA yokutiza kubva pasi pohurongwa hwenyika yakatukwa hwokushanda kunorwadza uye neziya, Satani anoivenga. Haiwa, angaedza kupwisa vaKristu kuti kana vari kungobhadhara zvikwereti zvavo, kushanda mabasa maviri okuti varambe vari vapenyu, vari kuita zvakanaka. Asi muKristu ane mari yokutsigira Humambo hwaMwari uye asingatyi pamwe nokunetsekana nemari—uyu zvino ndiye mumwe munhu waanoda kumisa. Chinangwa chaSatani ndechokuita kuti mugare makachoboka mazuva ose ohupenyu hwenyu uye muri muhupenyu wohutapwa hwokungorarama, husina kana pesvedzero. Mari inopesvedzera! Satani anoda kukumisai kubva kuropafadzo raMwari zvechokwadi. Ndosaka zvandava kuda kukuudzai zvakanakosha kuti muzvinzwisise.

## **Migove Miviri Yakavanzwa!**

Zvakanaka, inguva yokuchipa vadzidzi zororo. Paive nechikonzero chakaita kuti vasaone kupfachukira. Zvakanaka, hongu, sezvatave tichitaura, ivo vanga vasingatarise, asi pakanga paine chimwe chinhu. Kazhinji vanhu havanhonge zvimedu! Ndichireva kuti mundangariro dzavo, zvimedu zvezvingwa nehove zvaiva zvango marara.

Nei mari yaidiwa naPetro kubhadhara mitero yakavigwa mumuromo wehove? Ndiani angambofunga kutarisa ikoko? Ndiani aizofunga kuti magwa maviri enyanzvi dzevaredzi vakanga varedza vose husiku hwose asi pasina chavaive vabata vaizobata hove dzomuhupenyu hwavo dzakawandisa kudaro mushure mokuudzwa shoko naRabhi? Ndiani aizofunga kuti mukadzi womuna 2 Madzimambo 4 uyo akanga asina mari, asina chinhu mumba make

kunze kwemafuta mashoma-shoma, uye akanga ava kuda kuchoboka aizova nemafuta akawanda kwazvo zvokuti aizobhadhara chikwereti

**CHINANGWA CHASATANI  
NDECHOKUITA KUTI  
MUGARE MAKACHOBOKA  
MAZUVA OSE OHUPENYU  
HWENYU UYE MURI  
MUHUPENYU WO HUTAPWA  
HWOKUNGORARAMA, HUSINA  
KANA PESVEDZERO.**

chake chose zvomumubvumira kurarama asina chikwereti? Hapana aizodaro. Ndiani angadai akafunga kuti Gary Keese, uyo akava wechipiri kubva kunowokupedzisira mukirasi yake kubudirira muzvidzidzo zvavo, aizova mbozha nhasi uye achitaura kuzviuru zvevanhu pasi rose zuva ranhasi? Hapana! Munyaya dzose idzi, Mwari vakashandisa

zvakanga zvisingatarisirwi kuti vashandure mamiriro ezvinhu.

Kudai kupfachukira, migove miviri yaive pachena, kwakanogogara pachena, Satani angadai akazviona uye angadai akaedza kupindira, okuba. Ndiko kusaka Mwari vasingangoratidzi pfuma yavo. Yakavanzwa. Satani anovenga kuti mugute uye kuti mufarikanye newaniso, asi anozvivenga chaizvo kana mukapinda mukupfachukira uye mova muzororo reSabata.

Regai ndikuratidzei chimwe chinhu chamunoda kunzwisisa maererano nemashandiro anoita Mwari pasi pano.

*Kwete, tinotaura huchenjeri hwaMwari hwakavanzika, huchenjeri hwakanga hwakafukidzwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu naMwari nyika isati yavapo. Hakuna kana nomumwe wavabati venyika ino akahunzwisisa,*

*nokuti dai vakahunzwisisa vangadai vasina kuroverera Ishe wokubwinya pamuchinjikwa.*

— 1 VaKorinde 2:7-8

Ndima iyi inotiratidza pachena kuti dai Satani akaziva hurongwa hwaMwari, angadai akashandura mazano! Ndiko kusaka Mwari vachifanira kushanda muchivande. Satani aizoita chimwe chinhu nezvacho kudai chaiva pachena. Kupihwa kwenyu zvizhinji hakugone kuva pachena kusvika panguva yamuchatora kana kukohwa nokuda kwechikonzero chimwe chete ichi. Ndine chirevo chandave nemakore ndichitaura. Pfuma yaMwari yakavanzwa, kwete kwamuri asi nokuda kwenyu.

## **Yakavanzwa *kwamuri nokuda kwenyu!***

Vanhu vakawanda vanondiudza kuti vanoshuva kuti dai Mwari vaisamirira pakati pohusiku kuti vauye nemhinduro Dzavo. Asi shamwari yangu, Mwari havatye. Vanoziva panofanira kuuya mari yacho, uye zvinokunakirai imi kuti Mwari havakurumidzi kuratidza ruoko Rwavo nokuti Satani aigona kuzvivhiringidza.

*Ndichakupa pfuma yerima, hupfumi hwakavigwa panzvimbo dzakavanda, kuti uzive kuti ndini Jehova, Mwari waIsraeri, anokudana nezita rako.*

— Isaya 45:3

Hupfumi hwakavigwa panzvimbo dzakavanda? Hei, izvi zvakanaka chose kudarika chinyorwa chakanakisisa chebhaisikopo reHollywood. Regai ndikupei muenzaniso wokuti Mwari

vakandibatsira sei kutora migove miviri muhupenyu hwangu hwebhizimusi. Mumakore apfuura, ndakanga ndakagara pasi ndiri kutarisa pundutso uye nokurasikirwa kwekambani yangu yezvemari kwegore. Kunyange zvazvo ndakagutsikana—ndakanga ndisina chikwereti uye ndaiva nemari mubhanga—ndaiziva kuti kwaiva nezvimwe. Ndakaona mabasa akawanda omuHumambo andaida kutsigira nemari, pane zvizhinji zvokuita, uye zvaida mari.

Apo ndainyengetera pamusoro pazvo, Ishe vakatanga kutaura neni pamusoro pezita rokuti *zvimedu*. Pakutanga, handina kunzwisisa zvavaitaura, asi pandakaramba ndichinyengetera nezvazvo uye ndichiteerera, ndakazvinzwisisa. Zvimedu somunyaya yatichangobva kuverenga hazvina kutariswa. Zvaionekwa sezvisina kukosha—zvichida nokuda kwesimba raizoshanda kuzvitora izvo zvaionekwa sezvisina kukosha, kana kuti kukosha kwazvo kwakavakirwa pahurongwa hwechinyakare. Kana kuti zvichida maonero akakanganisika uye akaganhurirwa azvaitwa ezvazvaigona kushandiswa, akaganhurira kunzwisisa kwavo hukoshi hwaigona kuwedzerwa kwazviri kubva pane zvavanoona iye zvino pazviri.

Ndine chokwadi chokuti makanzwa vanhu vachitaura izvi kakawanda, “Iyi ndiyo nzira yatagara tichizviita nayo.” Zvakanaka, ndinogona kukuudza kuti zvichida migove miviri haizouye nenzira iyoyo.

Pandakatarisa *data* revatengi, Mwari vakasvinudza meso angu kune zvimedu zvakawanda zvandaive ndichisiya patafura izvo zvandaifanira kunge ndichinhonga. Chimwe chezvinhu zvakakosha zvatinaita nomutengi wose kuita ongororo pavari yakazara yokuti vaone pfuma yose yavanayo pamwe chete nezvikwereti. Isu tobva taita ongororo yokutarisa chero mari yatinogona kubvisa kune

zvimwe toishandisa kubhadhara zvikwereti. Hongu, tinonyorazve pabepa iroro chimiro chechikwereti chemba yavo chazvino uye nemari inobereka pachiri, kusanganisira mitemo yechikwereti chacho. Panguva iyoyo, tanga tichirairawo vatengi vedu kuti vatore chikwereti vachishandisa imba yavo sechibatiso kuti vabhadhare mubereko wakakura wechikwereti chekadhi rechikwereti, nokudaro panguva iyoyo vachidzikisa mubereko wavo kubva pa21% kuenda pa6%. Kubva mukuita uku, madhora 500 kusvika pamadhora 600 pamwedzi pane mari yaishanda ndiyo mari yakachengetedzeka pamhuri yepakati nepakati. Kana mamiriro ezvinhu aya azviratidza, taita kuti vatengi vedu vadzokere kumabhanga avo kuti vanobatanidzirwa zvikwereti zvavo kuti zvive chikwereti chimwe chete.

Pandakanga ndichiongorora *data* rangu, Mweya Mutsvene akanongedza nyaya yechikwereti chemba iyi kwandiri. “Sei usingaite basa rezvikwereti zvemba?” Pandaifunga nezvazvo, ndakaona kuti zvaiva nemusoro. Takanga tatova nechivimbo chevatengi; tatova *nedata* ravo; uye pakupedzisira, tisuzve taive tatanga kuvapa zano rokuti vagadzirise chikwereti chavo.

Kuti ndiite divi iri rebhizimusi, zvaida kuti ndidzidze bhizimusi itsva chairo, ndibudirire mumakirasi emarezinesi neokudzidza, nezvimwe zvakawanda. Ndakanga ndisina nguva yokuita zvose izvozvo. Asi pandakaenderera mberi nokunyengerera pamusoro pazvo, Jehovha vakanditi ndipinze mumwe munhu basa kuti atange basa iroro uye nokufambisa kambani yangu yezvikwereti zvemba, izvo ndizvo zvakaita. Kuita kwatakaita basa rezvikwereti iri pachedu, mugore iroro rokutanga chete, kwakaunza imwezve \$160,000 pabviswa mitero nezvimwe. Iyi yaive mari yandaisazove nayo kudai ndisina kutendera Mweya Mutsvene kuti aratidze chimedu chandakanga ndakatarisa asi ndisina kumbochiona.

Ndakaenderera mberi nokuita zvimwe zvinhu zvakawanda zvaive zvimedu izvo Mweya Mutsvene aindiratidza. Chimwe chimedu chandakanga ndisiri kuona—nokuda kwemafungiro angu andakanga ndadzidza kana kunzwa kubva kune vamwe vanhu vachiti inzvimbo yakanga isina kukodzera kupinda mairi—takabudirira machiri zvikuru. Pandakazogara pasi ndikazvitarisa, ndakaona kuti ruzivo rwose rwandaive ndanzwa nezvebhizimusi iri rwakanga rwusirwo uye, chokwadi, bhizimusi iri raive rakanakira kambani yedu. Chimedu ichocho chapinza mari yakawanda kupfuura bhizimusi rangu rokutanga, rinounza mamiriyoni emadhora. Chaiva chimedu chemamiriyoni emadhora!

Zvino regai ndinyatsokujekesera. Migove miviri inotorwa kubudikidza nechizaruko! Chizaruko chingori chimwe chinhu chamunenge muchiratidzwa naMweya Mutsvene chamungadai musina kumboziva moga. Saka Mweya Mutsvene anoratidza kana kusvinudza meso enyu kune chimwe chinhu chamanga musingazivi imi pachenyu. Izvi zvinonzi ruzivo rwakazarurwa.

## **Chizaruko ndiyo kiyi inokupinzai mumigove miviri!**

Vanhu vanobva vandibvunza kuti, “Ndinonzwa sei kutaura kwaMweya Mutsvene? Ndinonzwa sei matorero andingaita mazano nemikana yakavanzika iyi?” Mibvunzo yakanaka. Handina nguva mubhuku rino yokudzika zvakadzama mune zvokunzwa inzwi raMwari. Saka ndava kukutungamirai kune rimwe bhuku randakanyora rine musoro unoti, *The Baptism of the Holy Spirit*. Munogona kuritenga pa*Amazon* kana webhusaiti yedu. Mubhuku irori, muchawana mamwe mashoko ane chokuita nokushanda

kunoita Mweya Mutsvene kutiratidza zvirongwa zvakavanzwa zvaMwari kwatiri, kuti tibudirire panyika pano chaipo, mumeso aSatani chaiwo; uye hapana zvaanogona kuita nezvazvo. Asi kuti muende nenzira yakaringana, ngatitarisei pana **1 VaKorinde 14:2**.

*Nokuti ani naani anotaura nendimi haatauri kuvanhu asi kuna Mwari. Zvirokwazvo, hapana anomunzwa; anotaura zvakavanzika mumweya wake.*

**Ndima 4** inoti,

*Uyo anotaura nendimi anozvisimbisa iye.*

Shoko rokuti kusimbisa rinoreva kuunza kuraira kana kunzwisa. Imi munozvida izvi uye newewo ndinozvida. Kana Bhaibheri richitaura pano nezvokutaura nendimi kana, sokutsanangura kwaPauro, kunyengetera muMweya, ndinoda kukukurudzirai—zvisinei nezvamakanzwa nezvebasa raMweya Mutsvene, zvisinei kuti pane munhu akakuudzai kuti zvakaipfuura nevaapostora kana kuti ndezvadhiabhoi—verengai Bhaibheri renyu! Kunyengetera muMweya kunoreva kuti Mweya Mutsvene anenge achinyengetera kubudikidza nemi muri pasi pano kuti kuda Kwake kuitike dhiabhoi asingazivi zviru kuitika. Kunyengetera muMweya ndicho chinhu chikuru chokunzwa zvizaruko kubva kudenga, uye ndinokukurudzirai kuti mudzidze zvadataura. Uye kana muine mibvunzo, torai bhuku rangu uye ndinoziva kuti richakubatsirai kuwana nzwisiso yakawanda yebasa rinoshamisa raMweya Mutsvene muhupenyu hwedu.

Ndinoda kupedzisa bhuku rino nendima mbiri dzeMagwaro anopedzisa chitsauko chino.

*Zvino iye anogona kuita zvikuru zvisingagoni kuyerwa kupfuura zvose zvatingakumbira kana kufunga, maererano nesimba rake riri kushanda mukati medu, ngaave nokubwinya mukereke uye nomuna Kristu Jesu kumarudzi namarudzi, nokusingaperi-peri! Amen.*

— VaEfeso 3:20-21

Hamungambokumbira chimwe chinhu chamusina kufunga nezvacho. Parizvino ndine ndege mbiri, ndege duku yandinobhururutsira kunakidzwa uye nendege yangu yebhizimusi yandinobhururuka nayo chero nyika yandinoenda. Pandakanga ndichifunga kutenga ndege yebhizimusi, ndakashamiswa nomutengo wadzo. Ndege dzinodhura! Ndakatanga kutsigira uye kufunga, “Ndinogona kungoshanda ndisina ndege yebhizimusi. Pashure pezvose, imari yakawanda kwazvo.” Asi ndaifamba nendege vhiki roga-roga, uye mumwe mwedzi ndaibhururuka ka23. Zvaipedza simba. Hongu, ndaigona kutaura kuti ndine waniso. Nzendo dzangu dzose dzaibhadharwa; pakanga pasina dambudziko rokudzibhadhara. Asi nzendo dzangu nendege dzakanga dzichitambudza. Pamwe dzaigona kukanzurwa kana kuti dzainonoka, uye yakanga iri mhirizhongwa. Uku kwaisava zororo kwepaSabata kwandaيدا.

Pakupedzisira, ndakabvuma kuti pano ndakanga ndichiganhurira Mwari. NdiMwari wemigove miviri. Ini naDrenda takazeza kutenga ndege iyoyo kwerinopfuura gore, ndine hurombo kutaura izvi. Pakupedzisira, Mwari vakaita kuti tifunge ndege iyoyo ndokutiudza kuti vanga vachiedza kuunza ndege iyoyo kwatiri kwemakore maviri! Takatendeuka ndokuita sarudzo yedu. Takadyara mbeu yedu nokuda kwendege yebhizimusi chaiyo yataifanira kuva nayo uye yataida; uye patakadaro, takava nayo mukati memwedzi



miviri. Panguva iyoyo, Mwari vakandipa kunzwisisa uye kufarirwa nemamwe mabasa ebhizimusi, uye mari yaivapo pandaiida.

Hongu, Mwari ndiMwari wemigove miviri. Zvakapa mutsauko here? Zvakanaka, mutsauko muhupenyu hwangu hwokukwanisa kubhururuka nendenge yangu kana zvichienzaniswa nokubhururuka nendenge yoruzhinji wakangofanana nokuenzanisa kuchovha bhasikoro renyu kana kutyaira motokari imi mune hurongwa hwokusangana nemunhu ari mamaira 50 kure. Chokwadi! Uye Mwari vakanga vachiedza kuzviunza kwandiri kwemakore maviri apo ini zvangu ndaive ndakangoti ba pakuguta uye ndakaramba ndiri bofu pamigove miviri yandakanga ndapihwa kare naMwari. Ndaingoda kuzviona bedzi.

Munogona kunge muchityaira motokari iri kuda kugadziriswa zvokuti munotonamata kuti imuke pamunenge moda kusimuka. Regai kutarisa muakaundi yebhanga isina chinhu uye mobva maita sarudzo dzokurarama zvichibva pane izvozvo. Pane kudaro, regai Mwari wemigove miviri vakuratidzei zvimeu, zvinhu zvakavanzika zvamunofanira kuziva kuti muve makasununguka uye kuti mufari-kanye nerunyararo uye nezororo reSabata. Vachakupai zano uye vanokuratidzai maitirwo azvo kana mukangovakumbira. Sokutaura kwakaita Jesu, “Musarega zvichiraswa! Makatopihwa migove miviri!

*Naizvozvo richiripo, zororo reSabata ravanhu vaMwari; nokuti ani naani anopinda muzororo raMwari anozororawo pabasa rake.*

— VaHebheru 4:9-10



Ndinovimba kuti bhuku rino rave riri chikomborero kwamuri uye nerwendo rwenyu naIshe Jesu Kristu. Sezvandakataura mubhuku, iri ibhuku rechipiri renhevedzano ye“Shanduko Mune zveHupfumi Hwenyu.” Achave mashanu, saka rambai muchitarisira bhuku rinotevera pawebhusaiti yedu. Zvakare, fungai kuva nhengo ye*Team Revolution*, chironzwa chedu chokudzidzisa. Munogona kuwana rumwe ruzivo nezve*Team Revolution* pawebhusaiti yedu zvakare.

Gary naDrenda Keesee varidzi uye vanotungamira Forward Financial Group muNew Albany, Ohio, 1-(800)-815-0818.

Gary naDrenda Keesee vafundisi veFaith Life Church muNew Albany, Ohio.

Kuti muwane zvimwe zviwanikwa zvaGary naDrenda Keesee, endai paFaithLifeNow.com, GaryKeesee.com, kana Drenda.com.

Endai pa**FLNFree.com**  
kuti mutore dzimwe dzidziso  
dzepachena mumutauro  
wenyu!

Mukuda zvimwe zviwanikwa zvedzidziso zvePACHENA mumutauro wenyu?  
Endai pa**FLNFree.com**

# SHANDUKO MUNE ZVEHUPFUMI HWENYU

## Simba Rezororo

**Maneta here?**

**Kuneta nokumhanya mujaho wemakonzozo?**

**Kuneta nokunzwa semuri pachinzvimbo chokutadza kuita chimwe chinhu?**

**Kuneta nokufunganya?**

**Kuneta nokusafara?**

**Hamuchafaniri kurarama nenzira iyoyo zvakare.**

Batanai naGary Keesee parwendo rwakanakisa urwu rwokuziva zvamanga musingazivi, uye DZIDZAI HURONGWA HUTSVA—uho huchashandura hupenyu hwenyu zvachose sezvachakaita hwake mushure memakore mapfumbamwe azere okurarama *mukuneta* uye mukupererwa mune zvemari, hutano, uye nomupfungwa.

Ivai munoziva:

1. Mashandukiro akaita zvinhu zvose zvaGary—kubva pakupererwa kuzere, mune zvemari uye nohutano, kuenda pakuva munhu ane hutano hwakanaka, achibhadhara mari yemotokari, kuvaka imba yake pasina zvikereti, kutanga makambani akawanda, uye nokudzidzisa mazana ezviuru zvevanhu nezvekurarama muHumambo ... *nezvekurarama hupenyu hwokuzorora*.
2. Mashandukiro anogona kuita ZVENYUWO—mararamiro AMUNOGONA kuita hupenyu hwokuzorora.

Kunyanze kana munhu wose wamunoziva ari kurarama mukuneta uye mukumhanya nesimba kuti araramwe, imi hamufanirwewo kurarama nenzira iyoyo.

Kubudikidza nokunzwisisa musimboto wakakosha weZororo reSabata, munokwanisa kuona zviwereko chaizvo muhupenyu hwenyu. Munogona *kugara* munzvimbo yamunowana zvamunoda; makasununguka kubva kumujaho wemakonzozo; makasununguka kuwana uye nokubudirira muchinangwa chenyu uye nezvamunoshuvira, kwamunenge muchibudirira uye kwete kongorarama bedzi; uye kwamunenge muchiratidzira kunyika mhedzisiro dzakasiyana nezvavanowanzoona.

Musaramba muri pachinzvimbo chokutadza kuita chimwe chinhu. Musaramba muchirarama muri mukuneta.

Zivai nzira itsva yokurarama nayo!



**Gary Keesee munyori, mutauri, muzvinabhizimusi, nyanzvi yezvemari, uye mufundisi ane chido chokubatsira vanhu kukunda muhupenyu, kunyanya munzvimbo dzokutenda, dzemhuri, uye dzezvemari. Gary nomudzimai wake, Drenda, vakavamba mabhizimisi akati wandei akabudirira chose, uye ndivo vavambi veFaith Life Now, iyo inoita zvirongwa zviviri zvepachivhitivhiti—*Fixing the Money Thing* uye neDrenda, nemisangano yepasi rose, uye nezviwanikwa zvinoshanda. Vana Keesee vafundisizve veFaith Life Church iyo iri pedyo neColumbus, Ohio.**

P.O. Box 779, New Albany,  
OH 43054, USA  
garykeesee.com

Mukuda zvimwe zviwanikwa zvedzidziso  
zvePACHENA mumutauro wenyu?  
Endai pa**FLNFree.com**